

2026

Muk-Nyak

Vol 102, No 3

Ivyigwa vya bibiliya vy'ishure
ry'isabato vy'abakuze



KUGENDANA NA YESU

Kugendana n'Imana biciye mu gutumbera Yesu

1. Urukundo Imana ikunda umuntu	5
2. Uko umunyavyaha akeneye Kristo	10
3. Kwihana	15
4. Kwatura	20
5. Kwitanga	26
6. Kwizera no kwemerwa	31
7. Ikimenyetso co kuba umwigishwa	36
8. Gukurira muri Kristo	41
9. Ibikorwa n'ubugingo	46
10. Kumenya Imana	52
11. Amahirwe yo gusenga	57
12. Uko gukekeranya kwogenzwa	62
13. Kwishimira mu Mwami	67

Ivyigwa vya Bibiliya vyo mw'ishure ry'Isabato, ni integuro yo kwiga buri muni, ishingiyeye gusa kuri Bibiliya na Mpwemu w'Ubuhanuzi ntazindi nsiguro ziyongerako. Amajambo yakoreshajwe ni magufi ashoboka kugirango atange ivyiyumviro bigufi, bitaziguye. Utwugazo [] dutangwa mubihe bimwe kugirango tumenyeneza, imimerere ikwiye kandi bisobanuke neza. Ubundi bushakashatsi mu vyigisho vyatanzwe burakenewe cane.

Ivyisungwa: inyigisho kugifunye c'imbere; ibikoresho vy'ikarata kuru papuro rwa 4,46,72

Copyright©2025 kubw'inteko nkuru rusangi y'Abadventiste b'umusi w'Indwi bavugurura, igisata c'ishure ry'isabato, ibarabara rya Hollins 5240, Roanoke, Virginia 24019, USA, [Tel:1-540-362-1800*](tel:1-540-362-1800)

www.sdarm.org*Email: info@sdarm.org

Ivyigwa vya Bibiliya ryo mw'ishure ry'isabato (USPC005-118), Imb 101, N°1, Gitugutu-Kigarama 2025. Bisohogwa buri gice n'inteko nkuru rusangi y'Ab'Adventiste b'umusi w'Indwi bavugurura, igisata c'ishure ry'Isabato. Vya capwe kandi bikwirakwizwa n'Umugwi ujejwe gusohora ibinyamakuru vy'Abavuguruzi, ibarabara rya Hollins 5240, Roanoke, Virginia 24019-5048 USA. Agasandugu k'amakete 24022-9993, Amerika- Virijiniya

. Amerika na Kanada

Twandikire: Tel : 1-540-366-940 . urubuga

www.reformationherald.com / E-mail: info@reformationherald.org

Kwiyindikisha buri mwaka muri Amerika 20\$ US.

Icahapa cagutse 30\$ US

Mpuzamakungu 18\$ US wongeyeke no kurungika.

Icapiro rinini

mpuzamakungu 28\$ US wongeyeke no

kurungika. Ikopi imwe 6\$ US.

Icapiro rinini 9\$ US.

Ni mwiyaandikishe mwongere murihe (mu madolari y'amanyamerika) kuri

Adrese iri aho hasi. Ibiciro birashobora guhinduka bitanategujwe.

. Austrariya

Twandikire: Tel 61-2-9627-7553. Fax 61- -2-9627-7554

Urububuga www.sdarm.org.au

E-mail : info@sdarm.org.au

Afurika y'epfo

Twandikire: Tel & Fax 27-011-336-7064.

Urubuga: www.sdarmsa.org.za

E-mail: admin@sdarmsa.org.za

Burundi

Agasandug k'amakete 6519 i Bujumbura- Burundi

INTANGAMARARA

Urukurikirane rw'ivyigwa vyo muri iki gice bishimikiye ku gitabo *Gutumbera Yesu*. iki gishobora gusomwa, igice ku kindi, nk'ubusobanuro rw'ivyigwa vy'ivyanditswe vyera.

Abanyeshure bamwe b'ishure ry'isabato bazokwibuka igihe iyi ngingo yaheruka kwigwa, mu gice ca mbere co mu 1980. Ni akanyamuneza dufise ko kwongera kugishikiriza abantu gifise ishusho nshasha n'ibindi vviyongereyeko, ariko kigifise ukuri kwimbitse kwavuzwe kera.

Akenshi abantu biyumvira ko Data wo mw'ijuru ko ikaze kandi yitaruye, ko ari umucamanza akomeye kandi w'inkazi. Bibagira uburemere bw'urukundo ibafitiye, n'ubugwaneza buri mu mutima wayo ku bana bayo bose.

Urukundo rw'Imana nico kintu ca mbere gitegerezwa kwerekanwa. Hanyuma hagakurikira ingingo yerekana ko umunyavyaha ntaco arico, ko nta vyizigiro afise, ko akeneye umukiza. Ubuzima bwa Kristo, yaje gukiza abanyavyaha, bwerekana ko hariho inzira yizewe yo gusubira kuri Data wo mw'ijuru.

Izi nsanganyamatsiko zigizwe n'ivyigwa harimwo ibihe bikomeye mu buzima bw'umukristo kandi vyateguwe vy'umwihariko ku bakiri bashasha mu kwizera bashaka gukurira mu buntu. Abizera bose bategerezwa guhora basubiramwo izi nsanganyamatsiko umwanya ku mwanya, kandi atari ku bw'inyungu zabo gusa, ariko kandi kugira bige inzira nziza yo gufasha abandi ngo bagaruke kuri Kristo.

Kwerekana inyigisho z'ukuri kuri gahunda bishobora gutuma umuntu agutahura kandi akakwemera, kandi bigatuma yemerwa kuba umwizera w'ishengero. Ariko uwo muntu atagiranye ubumwe na Kristo, nta bugingo nyakuri aba afise, aribwo bugingo buhoraho. Vy'ukuri "uwizeye Umwana arafise ubugingo budashira" (Yohana 3:36).

Umunyeshure wese w'ishure ry'isabato ategerezwa gushingirwa intahe na Mpwemu ko yemewe mu muryango w'Imana. Buri wese ategerezwa kumenya ko icitegererezo ciwe bwite, kubandanya yishimikiza kuri Data wo mw'ijuru, mu bihe vyose no mu bintu vyose, bitegerezwa kuba ivy'ukuri kandi bigashirwa mu ngiro. Hakenewe ikirenze urukundo rw'urunyantegenke, arirwo rukundo rwa kimuntu. Bose bakeneye urukundo rw'Imana, urukundo rutarangwo no kwikunda, rugaterwa mu mitima yabo no mu bugingo kugira ngo nabo bakunde nk'uko yabakunze.

Ibi nivyho umunyeshure wese wo mw'ishure ry'isabato ategerezwa kwimenyereza.

Igisata c'ishure ry'isabato muri Generali conferansi

Amashikanwa y'Isabato ya mbere

Mukakoro 5, 2026



Kwagura ishengero muri Chennai, mu buhinde

Chennai, yahora yitwa Madras, ni umurwa mukuru ikaba kandi igisagara kinini ca Tamil Nadu, reta iri ku mpera y'ubumanuko bw'ubuhinde. Iherereye ku nkengera za Koromandele za Bengali. Nk'uko rusansuma rwo muri 2011 rwaverekanye, Chennai nico gisagara ca 6 gituwe n'abantu benshi, kandi kikaba ica kane mu cinjiramwo abantu benshi Greater Chennai Corporation (sosiyete y'ubudandanji ya Chennai), ni ikigo c'igisagara ca kera c'ubuhinde, kikaba n'icakabiri kimaze igihe kirekire inyuma ya Londoni (umugwa mukuru w'ubwongereza). Chennai ni igisagara gifise icicaró c'urudandazwa kikaba gifise amahinguriro agera ku 15000, kandi n'ico c'icaró c'ubukerarugendo mu buvuzi, kikitwa "umurwa mukuru w'amagara meza w'ubuhinde" Iki gisagara kandi kigizwe n'igice kinini c'amahinguriro y'amamodoka, ariyo mpamvu ciswe "umuhora w'ubuhinde". Chennai carico gisagara conyene muri aziya yo mu bumanuko yashizwe mu bisagara 10 bitanga imfungurwa muri 2015 (National Geographic), kandi cagira icenda mu bisagara bikomeye kw'isi nk'uko ikinyamakuru Lonely Planet cabitangaje.

Ababa mu gisagara ca Chennai ubu barenga imiryoni 12, kandi biyongera ku rugero rwa % 2,34 buri mwaka. Iki gisagara kibayemwo abantu b'amoko n'amadini atandukanye. Nk'uko rusansuma rwo muri 2011 ruyerekenye, abenshi bo muri Chennai ni abahindu (80,73%), bagakurikirwa n'abayisilamu (9,45%), abakristo (7,72%), abanda 1,27% hamwe na 0,83% bemera Imana n'abatayemera.

Kuva muri 2019, 40% z'imiryango miliyoni 1, 788 z'imiryango iba muri ico gisagara bari musiyerwa y'umurungo w'ubukene. Muri 2017, iki gisagara cari gifise ingo zigera kuri miliyoni 2,2, aho 40% zabo batari bafise amazu yabo. Hari uduce tubi tugera kuri 1, 131 muri ico gisagara, harimwo ingo zigera ku 300 000. Abantu b'ubwoko bwose niho baba, kandi bose bakeneye kumva ubutumwa bwiza buhoraho bwa Yesu Kristo muri iyi misi ya nyuma.

Kubera ikibazo c'uburyo, ntwishoboye guheraheza kwubaka urusengero muri Chennai mu gihe cari gitegekanyijwe. Ubu ibikorwa bikibandanya, twabonye kandi ko dukeneye kwagura inyubako kugira ngo haboneke icicaró c'abapasitoro, icumba c'inama, hamwe n'amashure y'isabato y'abana. Kugira ngo ibi bikorwe, dukeneye umutima w'uburwaneza w'amashengero yacu akundwa ari hirya no hino kw'isi.

Ni igisabo cacu dushikiriza benedata na bashiki bacu hamwe n'urwaruka gutanga impano zanyu nyinshi zivuye ku mutima kubw'iki gikorwa.

Tubaye turabashimira kandi Imana ibahezagire vyimazeyo mwese.

Ni beneso na bashiki banyu bo muri Chennai

URUKUNDO IMANA IKUNDA UMUNTU

UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE: “Murabe urukundo uko rungana Data wa twese yatugiriye, ko twitwa abana b’Imana; kandi niko turi. Nico gituma ab’isi batatuzi, kuko batayimenye” (1 Yohana 3:1).

Ibitabo vyafashishijwe: *Gutumbera Yesu, igice ca 1*, pp. 9–15.

“Imana ni urukundo. Nk’uko imishwarara y’umuco iva ku zuba, niko urukundo, umuco n’umunezero biva kuri yo bigana ku vyaremwe vyayo vyose”—*Thoughts from the Mount of Blessing*, p. 77.

1. URUKUNDO RW’IMANA

Kuwa 1, Mukakaro 28

- a. Nivyaha bimenyetso vy’urukundo rw’Imana vyahawe umuntu kuvayo 34:6,7; Yona 4:2 (ahahereza); Yeremiya 31:3.

“Ijambo ry’Imana niryo rihishura imico y’Imana. Yo ubwayo yivugiye urukundo rwayo rutagira urugero n’imbabazi zayo. Igihe Mose yasenga agira ati: “Ndakwinginze nyereka ubwiza bwawe” uhoraho yaramwishuye ati: ‘Ukugiraneza kwanje kwose nzogucisha imbere yawe’ (Kuvayo 33:18,19). Ubu nibwo bwiza bwayo. Uhoraho aca imbere ya Mose arivuga ati nd’Uhoraho, nd’Uhoraho, Imana yuzuye imbabazi n’ubuntu, nteba kuraka, ngira ikigongwe cinshi, mpora ndi umwizigirwa, nama ngirira imbabazi abantu ibihumbi n’ibihumbi, mparira ibigabitanyo n’ibicumuro n’ivyaha. (Kuvayo 34 :6,7). Ateba kuraka, agira ikigongwe cinshi,’ ‘kuko ahimbarwa no kugira imbabazi.’ Yona 4:2; Mika 7:18.”—*Gutumbera Yesu*, p. 10.

- b. Ni uwahe wari umugambi w’Imana mu kurungika umwana wayo? Matayo 11:27; Yohana 14:8,9.

“Satani atuma abantu bafata Imana nk’umucamanza atagororotse, umucamanza w’inkazi kandi yishuza ibirenze. Agereranya Rurema nk’uwucungana abantu ishari mu makosa yabo ngo abone uko abateza ibihano. Kugira ngo akureho uwo mwiza w’umuzitanyu, Yesu yaje abana n’abantu, ngo ahishurire ab’isi urukundo rutangaje rw’Imana”—*Ibid.*, p. 11.

a. Ni gute Yesu yasobanuye igikorwa ciwe ca hano kw'isi? Luka 4:16-18.

“[Luka 4:18.] Iki nico cari igikorwa ca Yesu. Yagendagenda hose akora ivyiza akiza abo bose Satani yatwaza amanyama. Akiri kw'isi hariho ibisagara vyinshi bitumvikanamwo iminiho, kuko yari yarabinyuzemwo akavura ababibamwo bose. Ibikorwa vyawe vyashyamba intahe ko yasizwe n'Imana. Urukundo, imbabazi n'impuhwe nivyoye vyaranga ibikorwa vyo mu mibereho yiwe. Yari afise umutima w'imbabazi wo gukunda abana b'abantu. Yiyambitse kamere ya kimuntu ngo akize ubukene bwabo. The poorest and humblest were not afraid to approach Him. Abakene n'aboroheje hanyuma y'abandi ntibatinya kumwegera. Mbere n'abana bato bumva bamukunze. Bakunda kwicara ku bibero vyawe, maze bakitegereza mu maso hiwe, huzuye urukundo”—*Gutumbera Yesu*, pp. 11, 12.

“Yesu yabona muri buri mutima umuntu yategerezwa guhamagarirwa ubwami bwiwe. Yashikira imitima y'abantu mu kubana nabo nk'uwubipfuzura ivyiza. Yabaronderera mu nzira zizwi, mu ngo zabo, mu bwato, mu masinagogi, ku ngera z'ibiyaga no mu birori vy'ubukwe. Yabasanga mu bikorwa vyabo vya misi yose, akabereka ko yitaye ku bibazo vyabo bisanzwe. Yajana inyigisho mu ngo, bigatuma mu miryango habonekana ubwiza bw'Imana. Kugira neza kwiwe gukomeye kwatumye yigarurira imitima. Akenshi yaja mu misozi gusenga wenyene, ariko kwari ukugira ngo yitegurire kuja gukorera mu bantu mu buzima busanzwe. Avuye muri ibi bihe, yagaruka gukiza abarwayi, kwigisha abakenye ubwenge, no kubohora abari barafashwe mpiri na Satani.”—*Uwipfuzwa ibihe vyose*, p. 151.

b. Naho yari yuzuye urukundo n'impuhwe, nakahe karorero ka Kristo k'ubudahemuka mu kurwanya ikibi? Yohana 9:39-41; Matayo 21:12,13.

“Yesu ntiyigeze anyegeza ijamba na rimwe ry'ukuri, ariko yarivugana urukundo. Yagaragaza ubwitonzi bukomeye n'ubugwaneza mu kugirana umubano n'abantu. Ntiyigera atukana, ngo avuge ijamba riremeye bitari nkenerwa, canke ngo ababaze imitima y'abantu bidakenewe. Ubunyantengenke bw'abantu ntibwamurambira. Yavugaga ukuri, ariko akavugana urukundo. Yarwanya uburyarya, ukutizera n'ivyaha, ariko yuzura amarira igihe yavugaga amajamba akomeye. Mu maso hiwe umutima wose wari uw'igiciro. Naho yari umunyecubahiro, yemeye kwicisha bugufi kugira ngo yigarurire umuntu wese agize umuryango w'Imana. Mu bantu bose yahabona imitima yaguye ariyo yaje gukiza”—*Gutumbera Yesu*, p. 12.

- a. Ni uwahe mutwaro uremeye umukiza yikoreye mu mibereho yiwe? yesaya 53 :5-7; Luka 2 :48,49.
-

“Yesu yari afise igikorwa gikomeye co gukiza abantu. Yari azi ko abantu badahindutse mu mahame no mu migambi, bose bari guhona. Uyu niwo mutwaro wari uremereye umutima wiwe, kandi nta n’umwe yari kwiyumvisha uburemere bwari kuri we. Uhereye mu bwana bwiwe, mu busore no gushika akure, yagenda wenyene. Yamara ijuru niryo ryategerezwa kumwitangira imbere. Umusi ku wundi yahura n’ibigeragezo n’amoshya mabi, umusi ku wundi yahangana n’ikibi, kandi yibonera imbaraga zaco kubo yashaka guha umugisha no gukiza. Ariko ntiyigera ananirwa canke ngo acike intege.

“Mu bintu vyose, ivyipfuzo vyawe yabishira ku ruhande, kugira ngo arangure igikorwa ciwe. Yahesheje icubahiro ubuzima bwiwe igihe ibintu vyose yabishira mu bugombe bwa Se. Igihe yari akiri muto, nyina yamusanze mw’ishure rya ba Rabi, aramubaza ati: ‘Mwana wanje, kuki watugiriye urtyo?’ aramwishura, inyishu arico kintu c’ingirakamaro mu buzima bwiwe, ati: kuki mwaje kundondera? Ntimwari muzi ko ngomba kuba mu vya Data?

“Ubuzima bwiwe buri musibwarangwa no kwitanga. Ntaho kuba yagira muri iyi si, kiretse ko incuti ziwe arizo zamugirira ubuntu zikamuha indaro nk’ingenzi. Yaje mu gishingo cacu kubaho ubuzima bw’abakene, no kugira ngo agendane kandi akorane n’abakene hamwe n’ababaye. Atarinze kumenyekana canke ngo ahabwe icubahiro, yagendera abantu yari yarakoreye vyinshi”— *Gospel Workers*, pp. 42, 43.

- b. Niki urukundo rw’Imana rutwigisha kubijanye na Data wo mw’ijuru? Yohana 3:16; 1 Yohana 4:9,10.
-

“Iki kimazi nticatanzwe kugira ngo gitere Data umutima wo gukunda umuntu, canke ngo bitumenye yipfuzwa gukiza. Oya, oya! ‘kuko urukundo Imana yakunze abari mw’isi, nirwo rwatumye itanga umwana wayo w’ikinege’ Yohana 3:16. Imana yadukunze Yesu ataremereza kuba imponyane, yamutanze ngo atubere incungu kuku idukunda. Yesu yabaye inzira Imana yanyujijemwo urukundo rwayo rudasanze ngo irusuke kw’isi yaguye’. Imana yari muri Kristo yiyuzuzwa n’abari mw’isi’ 2 Korinto 5:19. Imana yababaranye n’umwana wayo. Mu kababaro I Getsemani, urupfu rw’ I Kaluvari, Umutima w’urukundo rutangaje rwayo rwatumye itanga igiciro kinini kubw’agakiza kacu”—*Gutumbera Yesu*, p. 13.

4. UWUDUHARARIYE ATUVUGANIRA

Kuwa 4, Mukakaro 1

- a. Ni iryahe shimikiro ry'agakiza k'imitima yacu? 1 Korinto 1:30; Iyakoze 16:31.
-

“Yooo! Mbega inzara n'inyota Kristo yari afitse yo gukiza icari carazimiye! Umubiri wiwe wamanitswe ku musaraba ntiwigeze utesha agaciro ubumana bwiwe, ububasha bw'Imana bwo gukiza biciye mu kimazi c'umuntu, abo bese bemera ukugororoka kwiwe. Biciye mu rupfu rwo kumusaraba, yakuye icaha ku munyavyaha akigereka ku wavuye mw'ijuru ngo asubirire uwumwizera nk'umukiza wiwe bwite. Ivyaha vy'isi yacumuye, arivyo bigereranywa n'agahama, vyageretswe ku Mana”—*This Day With God*, p. 236.

- b. Niki Kristo yakoze kubw'agakiza kacyi kirengeye imbaraga n'ubwenge bw'umuntu? Yohana 10:17; Abaroma 5:6-8.
-

‘Data yarabakunze cane kuko nanje yankunze akemera gutanga ubuzima bwanje kugira ngo abacungure. Mu kuba umusubirizi wanyu n'ingwate, mu gutanga ubugingo bwanje, mu kwigerekako imyenda n'ibicumuro vyanyu, ndushiriza gukundwa na Data, kuko kubw'ikimazi canje, Imana ishobora kuba iyigororotse, ariko igatsindanishiriza uwuyizereye muri Yesu.’

“Ntawundi atari umwana w'Imana yari gushobora kuducungura; kuko uwari mu gikiza ca se niwe yari gutangaza. Niwe we wenyene yari azi uburebure n'ubujakuzimu bw'urukundo rw'Imana akarwerekana. Nta kindi kintu kitari ikimazi gihoraho catanzwe na Kristo kubw'umuntu yaguye cari gushobora kuvuga urukundo Imana yakunze umuntu yazimiye.”—*Gutumbera Yesu*, p. 14.

- c. Niki Yohana yashoboye gushingira intahe ku muvigizi wacu yicaye ku ntebe y'Imana? 1yohana 1:1-3.
-

“Bake gusa niba biyumvira ku mico ibabaje y'icaha kandi bagatahura ukwononekara gukomeye kwatewe no kwica ivyagezwe vy'Imana. Mu kwitegereza umugambi utangaje w'icungura kugira ngo umunyavyaha agarukane ishusho y'Imana yo mu mico, tubona ko inzira imwe rudende yo gukiza umuntu yabaye icyo kwitanga no kwicisha bugifi kutagereranywa n'urukundo rw'umwana w'Imana. Niwe wenyene yari afise inkomezi zo kurwana intambara n'umwansi akomeye w'Imana n'abantu, kandi nk'umusubirizi wacu n'umuvugizi, yahaye ububasha abamushikamako kubwo kwizera no guhinduka abaneshi kubw'izina ryiwe no kubw'ivyiza yabakoreye—*Christian Education*, p. 112.

- a. Niki catumye Kristo aba uwubereye gutanga ikiguzi co kuducungura? 1 Petero 1:18, 19; abaheburayo 5:8,9.

“Ikiguzi catanzwe kugira ngo ducungurwe, ikimazi c’ibihe vyose catumye Data wo mw’ijuru atanga umwana wiwe ngo adupfire, bikwiye gutuma twiyumvira cane kuco dushobora kuba co biciye muri Kristo. Intumwa Yohana imaze guhumekerwa yitegereje uburebure, ubwaguke n’ubwimbike bw’urukundo rwa Data yagiriye ihanga ryaguye, yuzuwe amashimwe no guca bugufi, maze abuze uko yosobanura uko uru rukundo ruhambaye, yahamagariye ab’isi kurwitegereza. Mbega agaciro uru rukundo ruha umuntu! kubwo gucumura umwana w’umuntu ahinduka umuja wa Satani. Kubwo kwizera ikimazi c’impongano ca Kristo, abana ba Adamu bashobora guhinduka abana b’Imana. Mu kwisiga kamere y’umuntu, Kristo yashize hejuru ikiremamuntu. Abantu bacumuye bashirwa aho bashobora guhinduka ababereye kwitwa ‘abana b’Imana’, kubwo kugirana ubumwe na Kristo” —*Gutumbera Yesu*, p. 15.

- b. Ni ayahe majambo yakoreshejwe n’intumwa yohana ashaka kuvuga ubwaguke bw’urukundo rw’Imana? 1 Yohana 3:1,2.

“Urukundo nk’urwo ni ntagereranywa. Kwitwa abana b’umwami w’ijuru! Mbega isezerano ry’igiciro! Ingingo yo kwiyumvirako cane! Urukundo ntagereranywa Imana yakunze abari mw’isi kandi bo batayikunze! Iyi ngingo ifise ububasha bwo guhindura umutima kandi igatuma ubwenge buhinduka umuja wo gukora ivyo Imana igomba. Uko turushiriza kwiga imico y’Imana yabonekeye ku musaraba, niko turushiriza kubona imbababazi, ukugiraneza, imbabazi zivanze no kugororoka, kandi niko turushiriza kubona neza ibimenyetso bidaharurika vy’urukundo rutagira akagero n’impuhwe z’urukundo zirengeye izo umuvyeyi agirira umwana wiwe w’ikigaba” —*Ibid.*, p. 15.

IBIBAZO VYO KWISUZUMA KURI BURI WESE

Kuwa 6, Ruheshi 3

1. Sigura imico y’ingirakamaro iranga Imana.
2. Ni gute Yesu yahishuye imico y’Imana igihe yari ngaha kw’isi?
3. Ni gute ubutumwa bwa Kristo bwagize ubwaku ku mahitamwo yiwe?
4. Mu guhagarara mu gishingo cacu, nivyahe vyigwa Yesu yigishije?
5. Vuga ingabire ya Kristo idasanzwe ku bwacu.

UKO UMUNYAVYAHA AKENEYE KRISTO

UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE: “Yesu aramwishura ati, N’ukuri n’ukuri ndakubwire: Iy’umuntu atavyawe ubwa kabiri, ntashobora kubona ubwami bw’Imana” (Yohana 3:3).

Ibitabo vyifashishijwe: *Gutumbera Yesu*, chapter 2, pp. 17–22.

“Ivyizigiro vyacu bimwe rudende vyo gucungurwa ku bwoko bwaguye biri muri Kristo”—*Uwifuzwa ibihe vyose*, p. 147.

1. ISHUSHO Y’UMUNTU WA MBERE

Kuwa 1, Mukakaro 5

- a. Sigura uko umuntu yari ameze akiri muri Edeni. itanguriro 1:26, 27, 31; Zaburi 8:4–6.

“Mu ntango umuntu yari yahawe inkomezi n’ubwenge butunganye. Yari atunganye mu mico yiwe kandi agahuza n’Imana”—*Gutumbera Yesu*, p. 17.

“Kristo wenyene niwe shusho ya kameremere ka Data (abaheburayo 1:3); ariko umuntu yaremwe mw’ishusho y’Imana. Kamere yiwe yagendana n’ubugombe bw’Imana. Ubwenge bwiwe bwashobora gutahura ibintu vy’ijuru. Urukundo rwiwe rwari rutunganye, ivyo yipfuzza n’ivyo ashaka vyasuzumwa n’ubwenge. Yari yera kandi anezerejwe no kugira ishusho y’Imana kandi yumvira ubugombe bw’Imana mu buryo butunganye.” —*Abakurambere n’Abahanuzi*, p. 45.

- b. Ni gute Satani yakoze ngo aburizemwo umugambi w’Imana mu kurema umuntu? itanguriro 3:1–7; abaroma 6:16, 1Yohana 2:16.

“Kubwo kutumvira inkomezi z’umuntu zarononekaye, maze urukundo rusubirirwa no kwikunda. Kamere kiwe kacitse intege cane kubwo gucumura, ku buryo mu nkomezi ziwe, atari gushobora guhangana n’umwansi. Yahinduwe umuja wa Satani kandi yari kuzohora atyo iyo Imana idatabara. Umugambi w’umwansi wari uwo kuburizamwo umugambi w’Imana mu kurema umuntu, maze isi akayuzuzza amakuba igahinduka umusaka. Kandi yari kwerekana ko ibi bibi ari ingaruka z’igikorwa c’Imana mu kurema umuntu”—*Gutumbera Yesu*, p. 17.

- a. Bamaze gucumura, ni gute adamu na eva bifashe igihe bumva ijwi ry'Imana? Itanguriro 3:8–10.
-

- b. Ni kuberiki abantu b'abanyavyaha badashobora guhagarara imbere y'Uwera? Kuvayo 33:20; Gusubira mu vyagezwe 4:23,24.
-

“Ataracumura, umuntu yari afitaniye imigenderanire inezereje n' Imwe muriyo itunga ryose n'ubwenge ryahishijwe’ (Kolosayi 2:3). Ariko amaze gucumura, ntiyari agishobora kuronkera umunezero mu kwera, maze arondera uko yinyegeza ubwiza bw'Imana. Uko niko umutima utarahindurwa musha umera. Ntuba ukigendana n'Imana kandi ntiwishimira kugirana imigenderanira nayo. Umunyavyaha ntaba agishobora kunerezwa no kuba imbere y'Imana, kandi akageregeza guhunga ngo ntagenda n'ibiremwa vyera. Hamwe yokwemererwa kwinjira mw'ijuru, ntihomuhimbara. Impwemu itarangwa n'urukundo rwo kwikunda iharangwa, umutima wose urangwa n'urukundo rw'Iyera, ntivyomukora ku mutima. Ivyiyumviro vyawe, inyungu ziwe n'ivyo akunda ntivyohuza n'abasanzwe baba aho hantu hatagira icaha. Yoba ijwi ritumvikana mu ndirimbo zo mw'ijuru. Ijuru ryomubera ahantu h'umubabaro, yokwipfuza kwihisha uwuribereye umuco, kandi akaba ariwe atuma rinezerwa. Nta tegeko ry'Imana rihari ryo kwirukana abanyavyaha mw'ijuru, ariko kubona ko batahabereye nivy vyobirukana. Ubwiza bw'Imana bwobabera umuriro utongora”—*Gutumbera Yesu*, pp. 17, 18.

- b. Kuberiki ari ibidashoboka ku muntu ubwiwe kurokoka igihano c'icaha? Yobu 14:4; abaroma 8:7, 8; Yesaya 64:6.
-

“Twebwe ubwacu ntidushobora kwivana mu mwobo w'icaha twaguyemwo. Imitima yacu ni mibi kandi ntidushobora kuyihindura. “Ni nde yoshobora gukura ikintu gitunganye mu canduye? Erega nta wuriho nta n'umwe” (Yobu 14:4). Uburezi, umuco, ivyo umuntu ashaka gukora, imbaraga za kimuntu, vyose bifise ico bihuriyeko ariko nta bushobozi bifise. Bishobora kwerekana imico y'inyuma itunganye, ariko ntibishobora guhindura umutima, ntibishobora gutunganya amasoko y'ubugingo. Hategerezwa kubaho ubushobozi bukorera imbere mu mutima, ubugingo busha buva mw'ijuru, imbere yuko abantu bahinduka bava mu caha ngo babe abera. Ubwo bushobozi ni Kristo. Ubuntu bwiwe bwonyene nibwo bushobira gusubiza ubugingo mu mutima, bukabukwegera ku Mana, ku gutungana”—*Ibid.*, p. 18.

- a. Niki dukwiye kumenya kubijanye n’umutima w’umuntu? zaburi 14:1-3; Abaroma 3:9-11.

“Ijambo ry’Imana rigira riti: ‘Kuko bose bakoze ivyaha, ntibashikira ubwiza bw’Imana’ (Abaroma 3:23). ‘Nta wukora iciza, eka nta n’umwe’ (Abaroma 3:12). Benshi barazimira ntibamenye uko imitima yabo imeze. Ntibamenya ko umutima wa kamere wihenda kurusha ibintu vyose, kandi ko wononekaye. Biyambika ukugororoka kwabo bwite, kandi bakanyurwa no gushikira urugero rwabo write rw’imico, ariko mbega ingene mu buryo bubabaje bananirwa igihe badashikiye imico y’Imana kandi bo ubwabo ntibashobora gukora ivyo Imana ibasaba. ”—*Selected Messages*, bk. 1, p. 320.

- b. Ni kuberiki twebwe nk’abantu tudashobora kumenya isi y’impwemu no kubona ubwami bw’Imana 1 Korinto 2:14; 2 Korinto 4:4.

“Umukiza yagize ati: ‘Umuntu atavyawe n’Imana,’ atakiriye umutima musha, ivyipfuzo bisha, imigambi misha, iviyumviro bisha, arivyo biganisha ku bugingo busha, ‘ntashobora kubona ubwami bw’Imana.’ (Yohana 3:3). Iciumviro c’uko hakenewe gusa guteza imbere iciza kiri mu muntu wa kamere, ni ukwihenda gukomeye. ‘Arik’umuntu afise umubiri n’ubwenge gusa ntiyemera ivya Mpwemu w’Imana: kukw’ar’ubupfu kuri we, kandi ntashobora kubimenya, kuko vyitegerezwa mu buryo bw’impwemu.’ Ntutangazwe n’uko nkubwiye, nti murakwiye kuvyarwa ubwa kabiri.’ (1 korinto 2:14; Yohana 3:7). Ku vya Kristo handitswe ngo: ‘Muri we harimw’ubugingo, kand’ubwo bugingo bw’umuco w’abantu’—niryo zina musu y’ijuru ryahawe abantu dukwiye gukirizwamwo’ (Yohana 1:4; Ivyakozwe 4:12.)”—*Gutumbera Yesu*, pp. 18, 19.

- c. Naho tudashobora kwikiza ubwacu, niki dushobora gukora? Matayo 11:28-30; Yohana 3:3.

“Imana yategerezwa kwigaragariza muri Kristo, ‘mu kwiyuzuzwa n’isi.’ 2 Korinto 5:19. Umuntu yari yarononekaye kubera icaha ku buryo bitari kumushobokera we ubwiye, kugirana ubumwe n’umwe yarangwa no kwera hamwe no kugira neza. Ariko Kristo amaze kugiza umuntu urubanza rw’ivyagezwe, yashobora gusangiza ububasha mvajuru n’imbaraga z’umuntu. Maze kubwo kwihana imbere y’Imana no kwizera Kristo, abana b’Adamu baguye bashobore guhinduka ‘abana b’Imana.’ (1 Yohana 3:2.)”—*Abakurambere n’abahanuzi*, p. 64.

- a. Niyaha ngorane Pawulo yagize amaze kwimenya neza ko ari umunyavyaha imbere y'Imana? Abaroma 7:12, 14, 24.
-

“Ntibihagije gutahura urukundo rw’Imana, kubona ubuntu bwayo, ukugira neza kwayo kwa kivyeyi, arivyo biranga imico yayo. Ntibihagije kumenya ubwenge n’ukugororoka kw’ivyagezwe vyayo, kubona ko vyubakiye kw’ibwirizwa rihoraho ry’urukundo. Intumwa Pawulo vyose yabibonye igihe yagira ati: mba nemeye ivyagezwe kw’ari vyiza. None rero ivyagezwe n’ivyera, kand’ibwirizwa n’iryera, rigororotse, ryiza. Ariko mu kubabazwa n’umutima wiwe hamwe no kwiheba, agira ati: Ariko jewe nganzwa n’akameremere kanje, naguriwe kuba umugurano (Roma 7:16, 12, 14). Yipfuzwa ukwezwa, ukugororoka ariko we atari gushobora kwishikanako, maze arataka agira ati: Ewe jewe ndagowe, Ni nde yonkiza umubiri untera urupfu? (Roma 7:24). Uku gutaka niko kwagiye kuva mu mitima iremerewe mu bihugu vyose no mu bihe vyose. Kuri bose, hariho inyishu imwe gusa ngo: Ng’uyu umwagazi w’intama w’Imana ukuraho ivyaha vy’abari mw’isi.’ (Yohana 1:29).”—*Gutumbera Yesu*, p. 19.

“Hari ho benshi bimenya ko ntaco bokwifasha, kandi bipfuzwa ubuzima bwa mpwemu buzotuma bahuza n’Imana, bariko barwanirira kubushikira vy’impfabusa. Umukiza ariko apfukama kubw’amaraso yaguzwe, abazanya urukundo n’impuhwe ati: Mbega wipfuzwa gukira?”—*The Desire of Ages*, p. 203.

- b. Ni gute Yakobo yizejwe ko Imana itamutaye igihe yahungu mwene se Esawu? Itanguriro 28:10–13.
-

“Yakobo yiyumva ko yabaye igicibwa, kandi yamenye ko ibikorwa vyiyi bibi ari vyo vyamukwegeye uyu mubabaro. Umwiza wo kwiheba watsikamira umutima wiwe ku buryo atatinyuka no gusenga. Ariko yisanze ari wenyene ku buryo yumva akeneye uburinzi bw’Imana kurusha ibindi bihe. Mu kurira kandi yicishije bugufi, yatuye icaha ciwe, kandi asaba ikimenyetso c’uko ijuru ritamutaye. Still his burdened heart found no relief. Umutima wiwe wari ukiremerewe utarahumurizwa. Muri we nta cizere yari agifise, maze agira ubwoba ko Imana ya baskuruzwa yamutaye.

“Ariko Imana ntiyahevyeye Yakobo. Imbabazi zayo zari zikiri ku musavyi wayo w’umunyavyaha, yataye ivyizigiro. Uhoraho mu mpuhwe ziwe yahishuye ico Yakobo yari akeneye; Umukiza. Yari yakoze icaha, ariko umutima wiwe wuzuye amashimwe igihe yerekwa inzira yo kwongera kugirirwa ubuntu n’Imana”—*Abakurambere n’abahanuzi*, p. 183.

- a. Ni icahe cigwa dukura mu curirizo Yakobo yabonye ari mu bugaragwa? Itanguriro 28: 16,17; Yohana 1:51.
-

“Muri izi nzozi, Yakobo yeretswe umugambi wo gucungurwa, ntiyaweretswe mu buryo bwuzuye, ariko yeretswe ibice yari akeneye ico gihe. Iki curirizo kiyobeye yerekewe mu nzozi nico Kristo yavuze igihe yaganira na Natanayeli (Yohana 1:51). Gushika igihe umuntu yagarariza ubutware bw’Imana, hariho imigenderanire yuzuye hagati y’Imana n’umuntu. Ariko icahe ca Adamu na Eva catandukanije isi n’ijuru, kugira ngo umuntu ntaze ashobore kuvugana n’umuremyi wiwe. Yamara isi ntiyasigaye mu kwiheba. Iki curirizo cagereranya Kristo, ariwe yashiriweho kuba umuhuza.”—*Abakurambere n’Abahanuzi*, p. 184.

- b. Sigura isano ubuza bwa Kristo bwashizeho. Abaroma 3:23–26; Abaheburayo 1:14.
-

“Mu kugarariza, umuntu yitandukanije n’Imana; isi nayo icibwa mw’ijuru. Nta bumwe bwari gushoboka kuhaba kubera iryo tandukanywa ryari ryarahabaye. Ariko biciye muri Kristo, isi yongeye guhuzwa n’ijuru. Kubwo kugira neza kwiwe, Kristo yongeye gusana igitarurwa icahe cari carasambuye, kugira ngo abamarayika b’Imana bongere gukorana n’abantu. Kristo yafashe umuntu yaguye w’umunyantege nke kandi ataco yokwifasha amuhuza n’isoko y’ububasha buhoraho”—*Gutumbera Yesu*, p. 20.

“Umutima w’Imana uraniha kubw’abana bayo bari kw’isi, ikanihana urukundo rukomeye kurusha urupfu. Mu gutanga umwana wayo, ijuru ryose yari iritanze mu ngabire imwe. Ubuzima bw’umukiza n’urupfu hamwe n’ubuhuza, igikorwa ca Mpwemu Yera adusabira, Data ari hejuru ya vyose kandi akitegereza vyose, vyose vyateguwe ngo umuntu acungurwe”—*Ibid.*, p. 21.

1. Tandukanya umuntu ataracumura n’inyuma yo gucumura.
2. Amaze gucumura, niki umuntu yakoze kandi ni kuberiki?
3. Ni yahe yari inyishu imwe rudende ku kibazo c’icahe?
4. Tanga insiguro y’ikimenyetso gitangaje cahawe Yakobo ari mu nzozi.
5. Ni iyahe nzira Imana ikoresha mu kuvugana n’abantu?

KWIHANA

UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE: “Nuko mwihane, muhindukire, ivyaha vyanyu bihanagurwe, ibihe vyo guhembuka bibone ingene biza, bivuye mu nyonga z’Umwami Imana” (Ivyakozwe 3:19).

Ibitabo vyifashishijwe: *Gutumbera Yesu*, Icigwa ca 3, pp. 23–35.

“Imana ntizohaba abagizwe abaja n’ivyaha, ahubwo abayigarukiye bihanye vy’ukuri”—*Abahanuzi n’Abami*, pp. 202, 203.

1. KUBABAZWA N’ICAHA

Kuwa 1, Mukakaro 12

- a. Nicahe kimenyetso co kwihana nyakuri Yohana yasavya abantu Luka 3:7-14.

“Kwihana harimwo kubabazwa n’icaha no kukireka. Nta hinduka nyakuri rizoba mu buzima bwacu tutabonye ububi bw’icaha maze ngo tukirandure mu mutima.”—*Gutumbera Yesu*, p. 23.

- b. Niki dukwiye kumenya ku kwihana nyakuri ari kwo guhindura umutima n’ubuzima? 2 Korinto 7:9, 10.

“Gukorerwamwo na Mpwemu Yera nikwo gutera kubabazwa n’icaha nyakuri. Mpwemu ahishura ukudashima kwo mu mutima arikwo kwasuzuguye kukababaza umutima, maze akadutera kwihanira musu y’umusaraba. Icaha cose dukora congera gukomeretsa Yesu, maze igihe twitegereje uwo twacumise, turizwa n’ivyaha vyamuteye agahinda. Uko kurira nikwo kuzotuma twanka icaha”—*Uwipfuzwa Ibihe Vyose*, p. 300.

“Igihe umutima wemeye gukoresha na Mpwemu w’Imana, ubwenge burakanguka, maze umunyavyaha akamenya uburemere n’ukwera kw’amategeko y’Imana, ariyo mushinge w’ubutware bwayo mw’ijuru no kw’isi.”—*Gutumbera Yesu*, p. 24.

- a. Niki Dawidi yasavye amaze kumenya uburemere bw'icaha yari yakoze? Zaburi 51:1-4.

“Isengesho rya Dawidi inyuma yo gucumura, ryerekana kubabazwa nyakuri n'icaha. Kwihana kwiwekwari kuvuye ku mutima kandi gukomeye. Nta nguvu zahabaye ngo arwanirire icaha ciwe, canke yipfuzye guhunga ibihano vyari bimurindiriyeye, ahubwo vyamuteye gusenga. Dawidi yabonye uburemere bw'icaha ciwe, yabonye uko umutima wiwe wononekaye; maze yanka icaha ciwe. Ntivyasavye kubabarirwa gusa icaha ciwe, ariko yasenze ngo yezwe umutima. Yipfuzye umunezero wo kwezwa, kugira ngo yongere agirane imigenderanire n'Imana” —*Gutumbera Yesu*, pp. 24, 25.

- b. Niki kwihana nyakuri kwa Dawidi kwamuteye kurondera? Zaburi 51:10-13.

“Undememw'umutima utunganye.' Iri niryo tanguriro nyaryo, umuntu agitungura kubaka imico ya gikristo, kuko mu mutima niho ivy'ubugingo biva. Iyaba abungere n'abantu bose basuzuma ko imitima yabo itunganye imbere y'Imana, twobona umwimbu munini uvuye mu gikorwa. Uko igikorwa kirushiriza kwaguka kandi ukaba ufise inshingano, niko nawe urushiriza gukenere kugira umutima utunganye. Ubuntu bukenewe buratangwa, kandi ubushobozi bwa Mpwemu Yera buzokorana nawe mu mwete ukoresha muri urwo rugendo. Iyaba buri mwana wese w'Imana yayironderana umwete ubutaruhuka, hobayeho gukura mu buntu birushirije. Kwicamwo ibice kwohagarara, abizera bagahuza umutima n'inama, maze gutungana n'urukundo akaba arivyaho biganza mw'ishengero. Mu kwitegereza, turahindirwa. Uko wiga ku mico ya Kristo, niko uzorushiriza kwishushanya nawe nawe. Sanga Yesu uko uri, azokwakira, maze ashire mu kanwa kawe indirimbo nsha, mbere ushime Imana.” —*Gospel Workers*, (1892/1893 edition), pp. 451, 452.

- c. Niki Bibiliya itwigisha kubijanywe no kwihana hamwe no kwiyegurira Kristo vyuzuye? Abaroma 2:4; Ivyakozwe 3:19; 5:31.

“Ntidushobora kwihana tudafise Mpwemu wa Kristo ngo akangure ubwenge bwacu nk'uko tudashobora kubabarirwa tudafise Kristo.

“Kristo niwe soko y'ivyipfuzo vyiza vyose. Niwe wenyene ashobora gutuma umutima wanka icaha. icipfuzo cose co kumenya ukuri, buri gutsindwa kwose ko turi abanyavyaha, ni ikimenyetso c'uko Mpwemu wiwe aba ariko akorera mu mitima yacu.” —*Gutumbera Yesu*, p. 26.

- a. Niyaha shusho yo kwihana kwa Esawu, Farawo na Yuda inyuma yo kubona ingaruka z'icaha cabo? Abaheburayo 12:16,17; Kuvayo 12:30-32; 14:3-5; Matayo 27:3-5.
-

“Abantu benshi babazwa n’uko bakoze icaha mbere mu buryo bugaragara bakisubirako kubwo gutinya ko ibibi bakoze bizobateza umubababaro. Ariko uko siko kwihana Bibiliya ivuga. Babazwa n’imibabaro aho kubabazwa n’icaha. Uwo niwo mubabaro Esawu yagize amaze kubona ko ivyo kuba samuragwa avyatswe burundu. Yuda isikaryota, amaze kugurisha Umwami wiwe, yaratatse ati: “Nacumuye, nagueze amaraso y’utagira icaha” (Matayo 27:4).

“Yumvise ahatirwa n’umutima wiwe kwihana icaha ciwe kubwo kumva atsinzwe hamwe no gutinya urubanza rwari rumurindiriye. Ingaruka zategerezwa kumushikira zamuteye ubwoba, ariko ntiyigeze agira umutima umenetse ngo ababazwe n’uko yagurishije Umwana w’Imana atagira icaha kandi akihakana Uwera w’ab’isirayeli. Farawo, ababajwe n’ibihano vy’Imana, yemeye icaha ciwe kugira ngo yikize ibindi bihano, ariko yongeye kugarariza Imana ivyago bimaze guhagarara. Aba bose babajwe n’ingaruka z’icaha, ariko ntibabazwa n’icaha ubwaco”—*Gutumbera Yesu*, pp. 23, 24.

“Imana yahaye Farawo ikimenyetso gikomeye c’ubushobozi bw’Imana, ariko yanka kwakira umuco. Ikimenyetso cose c’ubushobozi bw’ijuru yakengera, camutera kurushiriza kugarariza. Imbutu z’umugararizo yabivye igihe yasuzugura igitangaza ca mbere, zazanye umwimbu wazo.”—*Abakurambere n’abahanuzi*, p. 268.

- b. Niki gishika iyo umunyavyaha atihanye kandi agateba kwihana agashitsa ikindi gihe? Yohana 12:35, 36; Abaheburayo 3:12-15.
-

“Abiyita abakristo bazoba bageze mu gihe c’akaga batiteguye, bazokwatura ivyaha vyabo bihevyeye, mw’ijwi ry’akababaro kandi bihevyeye, mu gihe abanyavyaha bazoba babatwenga. Uku kwihana ni nk’ukwa Esawu canke Yuda. Abakora ivyo, batakishwa n’ingaruka z’ibicumuro vyabo, aho kuririshwa n’ivyaha vyabo. Ntibicuza vy’ukuri, kuko badatinye gukora ikibi. Bemera icaha cabo kubera gutinya igihano, ariko, nka Farawo wa kera, bosubira kugarariza Imana urubanza rubakuweko”—*Intambara ikomeye*, pp. 620, 621.

- a. Ni iryahe tandukaniro hagati y'umufarisayo n'umutozakori bavugwa mu mugani wa Kristo? Luka 18:10–13.
-

“Mu mugani w'umufarisayo n'umutozakori, isengesho ryo kwikunda ngo “Mana ndagushimira yuko ntameze nk'abandi bose”, ryabonekanye ritandukanye n'igisabo c'uwihana ngo ‘Mana ngirira ikigongwe, nd'umunyavyaha’. Luka 18:11, 13. Uko niko Kristo yarwanije uburyarya bw'abayuda.”—*Uwipfuzwa Ibihe vyose*, p. 495.

- b. Niki Yesu yavuze ku vyabaye ku mutozakori inyuma y'isengesho ryiwe? Luka 18:14.
-

“Uwo mutozakori w'umukene yasenze ngo: ‘Mana ngirira ikigongwe, nd'umunyavyaha’ (Luka 18:13) yibonye nk'umunyavyaha mubi, kandi n'abandi niko bamubona; ariko yumvise ico akeneye, maze aremerewe n'icaha ciwe afise n'isoni yaje imbere y'Imana asaba kubabarirwa. Umutima wiwe yawugururiye Mpwemu w'Imana ngo akore igikorwa c'ubuntu muri we maze amukure mu buja bw'icaha. Isengesho ry'umufarisayo ririmwo ubwibone no kumva ko agororotse ryerekanye ko umutima wiwe utari witeguriye igikorwa ca Mpwemu Yera. Kuberako yari kure y'Imana, ntiyumva ko yanduye, bitandukanye no gutunganywa n'ukwera kw'Imana. Yumva ko ntaco akenye, kandi ntaco yaronse.”—*Gutumbera Yesu*, pp. 30, 31.

- c. Mu kwigisha uwo mugani, niyahe ngendo isenya Yesu yashaka gukosora? Luka 18:9; 2 Korinto 10:12; Imigani 16:18.
-

“Idini y'umufarisayo ntikora ku mutima. Ntashaka gusa n'Imana mu mico, ariwo mutima wuzuye urukundo n'imbabazi. Anyurwa n'idini rifitaniye isano n'imibereho y'inyuma gusa. Yifitiye ukwiwe kugororoka, arizo mbuto z'ibikorwa vyiwe bwite, arivyo abantu bishimira.

“Umuntu yiyizigira ko agororotse akengera abanda. Nk'uko umufarisayo yicira urubanza akurikije abandi bantu, niko nawe acira abandi urubanza yiravye ubwiwe. Ukugororoka kwiwe kugereranywa n'ukwabo, kandi uko barushiriza kuba babi niko nawe arushiriza kubonekana nk'umugororotsi ugereranyije n'abandi. Ukumva ko agororotse bituma arega “abanda bantu, abagiriza ko bica ivyagezwe vy'Imana. Uko niko aba yerekana mpwemu ya Satani, umurezi wa benedata. Kubw'iyi mpwemu, ntiyomushobokera kugirana ubumwe n'Imana”—*Imigani ya Kristo*, p. 151.

5. NTUKOMANTAZE UMUTIMA

Kuwa 5, Mukakaro 16

- a. Ni iyaha ngorane iri mu kwanka kwihana canke guteba kwemera umuhamagaro? 2 Korinto 6:2; Abaheburayo 3:7, 8; Luka 12:20, 21.

“Benshi bariyemesha, bagahumuriza umutima ubabaye, ngo bazova mu bibi igihe bishakiye; bakinisha umuhamagaro w’imbabazi, bakibazako itazozibakurako. Biyumvira ko nibamara guhinyura Mpwemu w’ubuntu, bagahitamwo Satani, nibabona amakuba abashitseko, niho bazohinduka. Ariko ibi ntibikorwa mu buryo bworoshe. Akamenyero ko mu buzima, ivyo yigishijwe, karema imico ku buryo bake aribo bipfuzaga gusa na Yesu”—*Gutumbera Yesu*, pp. 33, 34.

- b. Niki dutegerezwa gukora igihe tumenye ko umutima n’imibereho yacu bidahuza n’Imana? Zaburi 139:23, 24; 51:10.

“Ni mwise ijambo ry’Imana kuko ariryo ribereka ingingo zikomeye zo kwera ziboneka mu vyagezwe vy’Imana no mu kubaho ubuzima nk’ubwa Kristo, umuntu atazifise “atazobona Imana” (Abaheburayo 12:14). Ijambo ry’Imana ritwemeza ivy’icaha; kuko rihishura neza inzira y’agakiza. Muze muritegera ugutwi nk’aho ari ijwi ry’Imana rivugana n’imitima yanyu”—*Ibid.*, p. 35.

“Natwe twabaye abanyavyaha bikabije, ariko Kristo yapfuye ngo duhabwe imbabazi. Ikimazi ciwe co kutwitangira kirahagije ngo kitwishurire umwenda kuri Data. Abo Kristo yababariye vyinshi nibo bazomukunda birushirije, nibo bazokwegera intebe yiwe ngo bamushimire urukundo rwiwe ruhambaye n’ikimazi yatanze ku bwabo. Iyo turushirije gutahura urukundo rw’Imana, niho turushiriza kumenya ububi bw’icaha. Iyo tubonye uburebure bw’umunyororo waciye ku bwacu, niho dutahura gato ivy’ikimazi kitagira urugero Kristo yatanze ku bwacu, maze umutima ukuzura urukundo no kwicuza.”—*Ibid.*, p. 36.

IBIBAZO VYO KWISUZUMA KURI BURI WESE

Kuwa 6, Mukakaro 17

1. Niyaha ngabire itangaje Imana itanga kugira ngo duhabwe ubuntu bw’ijuru?
2. Ni kuberiki twebwe ubwacu tudashobora kwihana vy’ukuri?
3. Niki cari kibuze mu kwihana kwa Esawu, Farawo na Yuda?
4. Ni kuberiki Yesu yigishije umugani w’umufarisayo n’umutozakori?
5. Ni iyaha ntambwe ikomeye umuntu akwiye gutera ngo agirane imigenderanire ya hafi n’Imana?

KWATURA

UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE: “Upfukapfuka ibigabitanyo vyawe ntazononka umugisha, arik’uvyihana akabireka azogirirwa ikigongwe” (Imigani 28:13).

Ibitabo vyifashishijwe: *Gutumbera Yesu*, chapter 4, pp. 37–41.

“Kwatura umuntu akavuga ibiri mu mutima bituma Imana imugirira ikigongwe”—*Gutumbera Yesu*, p. 38.

1. IMBABAZI Z’IMANA

Kuwa 1, Mukakaro 19

a. Igihe dutsinzwe kubw’ivyaha, niki dutegerezwa gukora? Imigani 28:13; Yakobo 5:16.

“Ivyo Imana idusaba ngo tugirirwe imbabazi, biroroshe, biratunganye kandi birumvikana. Uhoraho ntadusaba kwibabaza ngo duharirwe ivyaha. Ntidukeneye gukora ingendo ndende kandi ziruhisha canke ngo dukore ibikorwa bibabaza kugira ngo Imana yite ku bugingo bwacu canke ngo duhongerere ivyaha vyacu, ariko uwuvyihana akabireka azogirirwa ikigongwe.”—*Gutumbera Yesu*, p. 37.

b. Ni iyahe ngendo ibi bidusaba kugira ? imigani 15 :33 ; 19 :23 ; Zaburi 34 :18.

“Abaticisha bugufi imitima yabo ngo bemere ivyaha vyabo imbere y’Imana, baba bataruzuzwa ibisabwa ngo bemerwe. Namba tutigeze tugira ukwihana kutari ukwhana, ngo mu kwicisha bugufi ngo n’umutima umenetse twature ivyaha vyacu, tuzinukwe ibigabitanyo vyacu, aho ntitwigeze vy’ukuri turondera kubabarirwa ivyaha, kandi namba tutakurondeye, nta mahoro y’Imana dufise. Impamvu imwe rudende yotuma tutababarirwa ivyaha twakoze nuko tudashaka gucisha bugufi imitima yacu no gukora ivyo ijamba ry’ukuri risaba. Inama itomoye kuri iki kibazo yaratanzwe. Kwatura ivyaha, haba mw’ikoraniro canke umuntu ku giti ciwe, gutegerezwa kuva ku mutima kandi ata kurya umunwa.”—*Ibid.*, pp. 37, 38.

- a. Igihe twacumuye kuri mugenzi wacu, ni nde wundi tuba twacumuyeko? Zaburi 51:4.

“Intumwa Yakobo iragira iti: “Mwaturanire ivyaha vyanyu, musengeranire, kugira ngo mukire indwara. (Yakobo 5:16). Ivyaha vyanyu mubibwire Imana: niyo yonyene ishobora kubababarira, kandi ivyaha mwagiriraniye mubibwirane. Namba waracumuye kuri mugenzi wawe canke umubanyi, utegerezwa kwemera icaha cawe, kandi nawe ategerezwa kukubabarira abikuye ku mutima. Maze uhereko urondere imbabazi z’Imana, kuko mweneso wacumuyeko n’uw’Imana, kandi wacumuye ku yamuremye no kuwamucunguye.”—*Gutumbera Yesu*, p. 37.

- b. Ni kuberiki dutegerezwa guharira abandi ? Matayo 6 :14,15 ; Abanyefeso 4:32.

“Uwanka gutanga imbabazi aba azibiye inzira nawe yari kuronkeramwo imbabazi z’Imana. Ntidukwiye kwiyumvira ko namba abatubabaje batemeye kwatura ibibi bakoze, dufise impamvu yo kutabagirira imbabazi. Ni inshingano yabo ata nkeka gucisha bugufi imitima yabo mu kwihana no kwatura; ariko dutegerezwa kugirira umutima w’impuhwe abatugiriyeye nabi, amakosa yabo bayemera canke batayemera. Uko boba baradukomerekeje kose, ntikwiye guha agaciro uko twababajwe canke ngo duterwe akagongwe n’uko twababajwe, ariko kuko tuba dufise ivyizigiro vyo kugirirwa imbabazi n’Imana twacumuyeko, dutegerezwa kugirira imbabazi abo bose batugiriyeye nabi.”—*Thoughts from the Mount of Blessing*, pp. 113, 114.

- c. Niki gitegerezwa kutwigisha inshingano yacu ku kiremnamuntu? 1 Petero 4:8; Abaroma 13:8.

“Reka Kristo, ubuzima bw’ijuru bube muri mwebwe kandi muhishure urukundo ruzotera ivyizigiro abihweye kandi rukazanira amahoro abononywe n’icaha. Igihe dusanze Imana, ikintu cambere dusabwa, nuko, tumaze kwakira imbabazi zayo, duharanira guhishurira abandi ubuntu bwayo.”—*Ibid.*, pp. 114, 115.

“Kugirira nabi abanda ni icaha gikomeye dukora. Benshi biyumvira ko bahagarariye ubutungane bw’Imana mu gihe bananirwa kwerekana uburwanya bwayo n’urukundo rwayo rukomeye. Akenshi abo bahura nabo mu buryo bukaze n’ubushangashigwe baba baremerejwe n’ibigeragezo. Satani arwana n’abo bantu, kandi amajambo mabi atarangwa n’impuhwe abaca integer maze bigatuma bisanga baguye mu mutego w’umwansi.”—*The Ministry of Healing*, p. 163.

- a. Ni ibihe vyaha bitegerezwa kwaturirwa ku mugaragaro mu gihe hari ibindi bitegerezwa kubwirwa Imana yonyene? Zaburi 32:5; Matayo 5:23,24.
-

“Kwatura ivyaha kuratomora kukemanga ivyaha nk’uko biri ata guca ku ruhande. Hariho ivyaha bitegerezwa kubwirwa Imana yonyene, ariko hariho n’ibindi bitegerezwa kubwirwa ababigiriwe. Namba vyakorewe ku mugaragaro bitegerezwa kwaturirwa ku mugaragaro. Ariko kwatura ivyaha gutegerezwa gutomoka kudaca ku ruhande, ikintu cose kikavugwa nk’uko kiri, icaha kikavugwa mw’izina.”—*Gutumbera Yesu*, p. 38.

“Icaha cakorewe mu mpisho gitegerezwa kubwirwa Kristo, we muhuza rudende w’umuntu n’Imana. Icaha cose ku Mana ni icaha kandi gitegerezwa kwaturirwa kuri yo biciye muri Kristo. Icaha cose cakorewe ku mugaragaro gitegerezwa kwaturirwa ku mugaragaro”—*Gospel Workers*, p. 216.

- b. Ni iyaha ntumbero yo kwatura nyakuri? 1 Samweli 12 :19.
-

“Mu gihe ca Samweli ab’isirayeli bataye Imana. Bahuye n’ivyago kubera ivyaha; kuko bari baretse kwizera Imana, ntibari bakimenya guhitamwo ubushobozi n’ubwenge bwayo bwo kuyobora ubwoko bwabo, ntibari bakiyifitiye icizere ngo ibarwanirire n’igikorwa cayo. Baherako banka Rurema, Umutware w’ivyaremwe vyose, bahitamwo gutwarwa nk’ayandi mahanga yari abakikuje. Batarabona amahoro, babanje kwatura bati: “Kuko twageretse ku vyaha vyacu vyose iki caha co kwisabira umwami” (1 Samweli 12:19). Ico caha nyene bari bakoze nico bategerezwa kwatura.”—*Gutumbera Yesu*, pp. 38, 39.

- c. Nicahe gikorwa gifadika gitegerezwa gukurikira ukwatura? Yesaya 1:16,17; Ezekiyeli 33:15.
-

“Kwatura ntikwemerwa n’Imana hatabayeho kwihana nyakuri no guhinduka. Hategerezwa kubaho ihinduka mu ngeso, ikintu cose kibabaza Imana kikarekwa. Aho rero niho hazoba habaye kubabazwa n’icaha vy’ukuri.”—*Ibid.*, p. 39.

“Umuntu wese yahindutse, nk’uko Zakayo yabikoze, azokwerekana ikimenyetso c’uko Kristo yinjijye mu mutima wiwe mu kureka ibikorwa vyawe bibi vyaranze ubuzima bwiwe. Nka wa mutozakori mukuru, azokwerekana ubunyankamugayo bwiwe mu gusubiza ivyo yanyaze.”—*The Desire of Ages*, p. 556.

- a. Igihe Imana yabaza Adamu na Eva ku caha bari bakoze, ni gute berekanye ko vy'ukuri atari ikosa ryabo? Itanguriro 3:12,13.

“Adamu ntiyari guhakana canke ngo atange urwitwazo rw'icaha ciwe, ariko mu gishingo co kwerekana ukwicuza, yagerageje kwegeka amakosa ku mugore wiwe, kubw'ivyo aba ayageretse ku Mana ubwayo: ‘Umugore *wampaye ngo tubane*, niwe yampaye ku vya ca giti, ndarya.’”—*Abakurambere n'Abahanuzi*, p. 57.

“Adamu na Eva bamaze kurya ku giti babujijwe, bakoze n'isoni n'ubwoba. Ico bakoze bwambere ni ukurondera urwitwazo rwo kwikiza icaha cabo, no kuraba uko borokoka urubanza ruteye ubwoba rwo gupfa. Igihe Imana yabaza ivy'icaha bakoze, Adamu yishuye Imana mu guherereza icaha ku Mana no ku mugore wiwe ati: ‘Umugore *wampaye ngo tubane*, niwe yampaye ku vya ca giti, ndarya.’ The woman put the blame upon the serpent, saying, Umugore nawe icaha akigereka ku nzoka ati: ‘Inzoka yampenze, ndabirya’ (Itanguriro 3:12, 13.) Kuberiki waremye iyo nzoka? Kuberiki wayemereye ikaza muri Edeni? Ibi nivyo bibazo yabajije 'k'urwitwazo rw'icaha ciwe, maze kugwa kwabo baguherereza ku Mana.”—*Gutumbera Yesu*, p. 40.

- b. Ni kuberiki kwitsindanishiriza bituma kwatura ataco bimara? Yobu 9:20; Luka 16:15.

“Uwo mutima wo kwitsindanishiriza uturuka kuri se w'ibinyoma, kandi uba muri bene Adamu bose. Kwatura nk'uko ntikva kuri Mpwemu w'Imana kandi ntikwemerwa n'Imana. Kwihana nyakuri gutuma umuntu yemera icaha ciwe kandi akacemera ata kwihenda canke uburyarya”—*Ibid.*, p. 40.

“Ntidukwiriye kugerageza kugabanya uburemere bw'icaha cacu mu gutanga urwitwazo. Dutegerezwa kwemera uko Imana ibona icaha, kandi tukemera nyene ko kiremeye. Kaluvari yonyene niyo ishobora guhishura uburemere buteye ubwoba bw'icaha. Turamutse twiyikoreye icaha cacu, coturandura umutima. Ariko umwe atagira igicumuro yahagaze mu gishingo cacu kandi tutabikwiriye, yikorera ibigabitanyo vyacu. Nitwatura ivyaha vyacu, niyo yo kwizigirwa kand'igororoka, ivyo nivyo bituma iduharira ivyaha vyacu, ikatwoza ukugabitanya kwacu kwose’ 1 Yohana 1:9. Ukuri gutangaje! —Imana igororotse ku vyagezwe vyayo bwite, yamara igatsindishiriza abo bose bizere Yesu. N'iyihe Mana ihwanye nawe, iharira ibigabitanyo, ikirengagiza igicumuro c'amasigarira y'abo yiziziye? Ntuhorana uburake imisi yose, kuk'ukuhimbarwa Mika 7:18.”—*Thoughts from the Mount of Blessing*, p. 116.

- a. Ni gute Pawulo yemeye icaha ciwe yicishije bugufi kandi mu buryo butomoye? ivyakozwe 26 :10,11.

“Uburorero bwo mw’ijambo ry’Imana bwo kwihana nyakuri no kwicisha bugufi bwerekana impwemu yo kwatura kutarimwo gutanga urwitwazo rw’ivyaha no kugerageza kwitsindishiriza. Pawulo ntiyagerageje kwitsindishiriza; ahubwo yatuye icaha ciwe cirabura, ntiyagabanya uburemere bwaco (ivyakozwe 26:10,11).”—*Gutumbera Yesu*, p. 41.

- b. Niki pawulo yavuze mu cete ciwe cambere yandikiye Timoteyo?
1 Timoteyo 1:15.

“Muri twe nta kindi dushobora kubona atari ubunyantegenke, ntacotuma twemerwa n’Imana, kandi Satani atubwira ko ntaco bimaze; ko tudashobora guhindura inenge zo mu mico yacu. When we try to come to God, the enemy will whisper, Igihe tugerageje gusanga Imana, umwansi araza akatwongorera ati: niwasenga ntaco bimaze; mbega ico caha siwe wagikoze? Mbega ntiwacumuye ku Mana kandi ntiwumvire umutimanama wawe? Ariko dushobora kubwira uwo mwansi ko ‘Amaraso ya Yesu Umwana wayo atwoza icaha cose’ (1 Yohana 1:7). Igihe twumva ko twacumuye kandi tudashobora gusenga, aba arico gihe co gusenga. Dushobora guterwa isoni n’ivyo twakoze kandi tukicisha bugufi rwose, ariko dutegerezwa gusenga tukizera. Kubabarirwa ni ingabire duhabwa, igihe dufise ukugororoka kutagira agasembwa kwo muri Kristo, kwo mushinge wo kwemerwa.”—*Thoughts from the Mount of Blessing*, pp. 115, 116.


- c. Nitwatura ivyaha, niki Imana yasezeranye? 1 Yoahana 1:9.

“Umutima uciye bugufi, umenetse ubitewe no kwihana nyakuri, uzohora ushira urukundo rw’Imana n’ikiguzi catanzwe I Kaluvari; kandi nk’uko umwana yaturira vyose Se amukunda, niko uwihanye vy’ukuri azana ivyaha vyiwe vyose imbere y’Imana. (1 Yohana 1:9).”—*Gutumbera Yesu*, p. 41.

1. Igihe twaturiye ivyaha vyacu Imana, ni gute duhagarara imbere yayo?
2. Ni ibihe bihe hariho kwatura gukwiye kubwirwa abandi bantu kandi kuberiki?
3. Kuberiki ari ngirakamaro ko ukwatura kuba gutomoye?
4. Sigura ingorane yo kwitsindishiriza.
5. Ni iyahe nkurikizi yo kwatura nyakuri kurimwo kwicisha bugufi?

Amashikanwa y'isabato ya mbere

Myandagaro 1, 2026



Igisata c'uburezi muri Generali konferansi

“Toza umwana indero akwiye kwamana, azorinde asaza atarayivamwo (Imigani 22 :6).

Tubayeho mu bihe bikomeye. Muri kino gihe abantu barushiriza gutwarwa n'ivyisi, dufise ishingano yo gutoza abana n'abasore bacu kwubaha Imana vyihuse kuruta uko vyahora. NK'abavyeyi, abarezi n'abagize umuryango wa Kristo, dufise umurimo wera wo gutegura abantu bazoshobora guhagararira ukwizera bashikamye, bicishije bugufi bafise n'umutima wihana.

“Ubumenyi bw'uburezi nyakuri ni ukuri, gutegerezwa gushinga imizi mu mutima ku buryo kutazohungabanywa n'ibinyoma vyakwiragiye hose”—*Ibishingantahe vy'ishengero*, vol. 6, p. 131.

Muri ubwo buryo, igisata c'uburezi muri Generali konferansi cakoranye umwete mu gushira inguvu no kwagura amashure y'ivugabutumwa hirya no hino kw'isi. Amashure yacu abuze ibikoresho bikwiye, imfashanyigisho zigezweho, nibikoresho bihuye na mpwemu abasore bacu bakomeye. Ikigeretseko, ibihugu vyinshi vyansavye ko hokugururwa amashure ateza imbere ubumenyi bugezweho hamwe n'amahame y'ubutumwa bwiza buhoraho

Aya mashikanwa adasanze azofasha rero ibice bitatu bikomeye bikurikira:

1. Kunagura amashure y'ivugabutumwa asanzwe ahari;
2. Kwubaka amashure mashasha mu burere bukeneye uburezi bwa gikristo bw'ivugurura;
3. Guteza imbere umugambi wo guhindura no guhuza ibikoresho vy'uburezi vyateguwe n'umugwi ufise uburambe mu kwigisha iyobokamana no gushinga amashure y'ivugabutumwa mu ndimi zitandukanye n'imico itandukanye.

“Uburezi nyakuri bwubakiye mu gutoza ivugabutumwa. Buri muhungu na buri mukobwa w'Imana bahamagarirwa kuba abavugabutumwa. Duhamagarirwa gukorera Imana n'abagenzi bacu; kandi kuba ababereye iki gikorwa niryo rigomba kuba ihangiro ry'uburezi bwacu.”—*Umurimo wo gukiza*, p. 395.

Kubw'ivyo, turabasaba benedata na bashiki bacu, gutangana ishikanwa umutima ukunze mu ntumbero y'ivugabutumwa. Gushira umutahe mu burezi bw'abana bacu no mu rwaruka, ni gushira umutahe mw'ishengero ryo muri kazoza, mu kwamamaza ubutumwa bwiza, no mw'isarura riheruka.

Umwami agwize ugutanga kwanyu kandi akomeze uyu murimo ukomeye; no kugirango amashure yacu abe umuco wakira mu mwiza, ategurira abizigirwa kwitegurira kugaruka kw'umukiza kuri hafi.

— igisata c'uburezi muri Generali konferansi

KWITANGA

UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE: “Muzondondera kandi muzombona, nimwandondeza umutima wanyu wose.” (Yeremiya 29:13).

Ibitabo vyifashishijwe: *Gutumbera Yesu*, Igice ca 5, pp. 43–48.

“Kubwacu mu nkomezi zacu ntidushobora gutsinda intambara; kandi ikintu cose gikura ubwenge bwacu ku Mana, ikintu cose kidutera kwishira hejuru no kwumva ko twikwije, nta kabuza kiba kiriko kidukwegera mu guhona. Umugambi wa bibiliya ni uwo kurwanya icizere c’ububasha bwa kimuntu no guteza imbere kwizera ubushobozi bw’Imana”—*Patriarchs and Prophets*, p. 717.

1. KURWANYA UKWIKUNDA

Kuwa 1, Mukakaro 26

a. Ni gute Pawulo yasobanuye ivy’intambara ya gikristo n’ibirwanisho bikenewe muriyo? Abanyefeso 6 :12–18.

“Satani yateye Kristo akoresheje ibigeragezo bikomeye hamwe n’ubuhendanyi ariko yatsindwa muri buri ntambara. Kristo azoha inkomezi abazikeneye. Izo ntambara zarwanywe kubwacu, kandi izo ntsinzi nizo zituma tunesha. Nta muntu Satani ashobora kunesha atariwe avyemeye. Umuhendanyi nta bubasha afise bwo kugenzura ubushake bw’umuntu no guhatira umutima gukora icaha. Ashobora kubabara ariko ntiyanduze. Ashobora kumuteza kubabara, ariko ntiyandure. Kuba Kristo yaranesheje bitegerezwa gutera intege abamukurikira bakarwanana ubutwari mu kurwanya icaha na Satani.”—*Intambara ikomeye*, p. 510.

b. Nihe Satani ariko agerageza kuronkera intsinzi yuzuye ? Imigani 4 :23.

“kuk’uko umuntu yiyumvira mu mutima arikw’ameze ‘ (Imigani 23 :7). Umutima utegerezwa guhindurwa musha n’ubuntu bw’Imana, bitabaye bityo kurondera ubugingo bwejeje kuzoba impfagusa. Umuntu agerageza kubaka imico myiza kandi itunganye atayubakiye ku buntu bwa Kristo, aba yubatse inzu yiwe ku musenyi usenyuka. Mu gihuhusi gikaze c’ibigeragezo, izosenyuka nta kabuza”—*Abakurambere n’abahanuzi*, p. 460.

- a. Niki gikwiye kurekwa ngo ube umwigishwa wa Kristo? Luka 14:33; Matayo 6:24.
-

“Mu kwiye gurira Imana, dukwiye kureka vyose vyodutanya nayo. Aho niho umukiza agira ati Niko biri, umuntu wese muri mwebwe adaheba ivy’afise vyose ntashobora kuba umwigishwa wanje (Luka 14:33). Ikintu cose gikura umutima ku Mana gikwiye kurekwa. Mamoni nico cabaye ikigirwamana ca benshi. Gukunda amahera, kwifuza ubutunzi, ni wo munyororo w’inzahabu ubohera abantu kuri Satani. Kwandikisha izina n’icubahiro c’isi bisengwa n’uwundi mugwi w’abantu. Ubuzima bwo kwinezereza no kutita ku nshingano ni ikigirwamana gisengwa n’abandi. Ariko iyi migozi y’ubuja itegerezwa gucika. ntidushobora kuba uruhande rumwe ab’Imana urundi ruhande ab’isi. Ntituri abana b’Imana mu gihe tubaye bo vyuzuye” — *Gutumbera Yesu*, p. 44.

- b. Ni ubwahe butumire mvajuru Imana iha abo bose bipfuzza kugira imitima misha n’ubugingo busha? Yesaya 1:18; Yereimiya 29:19; Yakobo 4:7-10.
-

“Ingoma y’Imana, nk’uko Satani ayerekana, si iyo gutwara abantu buhumyi no gutwazwa amanyama. Ahubwo ingoma yayo itwarwa n’ubwenge hamwe n’umutimanama. Imana ntihata ubugombe bw’ivyaremwe vyayo. Ntishaka ko twitangana icubahiro kitavuye ku mutima kandi kitarimwo ubwenge. Kwumvira ku gahato kwotuma umuntu adatera imbere mu bwenge no mu mico; kwotuma umuntu amera nk’imashini ikoreshwa n’abandi. Uwo siwo mugambi w’Umuremyi. Ahubw’ishaka ko umuntu atera imbere, agashika ku rugero rwo hejuru, kuko ariwe mpfura yo mu vyo yaremye. Yadushize imbere imigisha itagira uko ingana yipfuzza kuduha biciye mu buntu bwayo. Iduhamagarira kuyiyegurira kugira ngo ubugombe bwayo bukorere muri twe. Rero ni ahacu guhitamwo kubohorwa ubuja bw’icaha, kugira ngo dusangire umwidge mvyo utangaje n’abana b’Imana.” — *Ibid.*, pp. 43, 44.

“Kristo yerekanywe nk’umukiza w’abantu. Abantu ntibategerezwa kwizigira ibikorwa vyabo, mu kugororoka kwabo, canke kwiyizigira mu buryo ubwari bwo bwose, ariko bategerezwa kwizera Umwagazi w’intama w’Imana akuraho ivyaha vy’abari mw’isi. Muri we niho hahishuwe uwukorana na Data. Biciye muri we, hatanzwe ubutumire ngo: ‘Enda ni muze, twitature, nik’Uhoraho agize, nah’ivyaha vyanyu vyotukura tukutuku, bizokwera derere nka shelegi; naho vyotukura nk’agahama, bizohinduka nk’ubwoya bw’intama y’umwero. Ubu butumire nibwo bwumvikana n’uno musu. Reka hoye kugira ubwibone, kumva ko wihagije, kumva ko ugororotse, bigire uwo bibuza kwatura ivyaha, kugira ngo ashobore gusaba iryo sezerano” — *Fundamentals of Christian Education*, p. 239.

- a. Niki cahaye Kristo uburenganzira bwo kujana abana biwe mw'ijuru? Kolosayi 1:14; Abaheburayo 7:25.

“Hagati y’umwiza uteye ubwoba, asa n’uwahebwe n’Imana, Kristo yari aranguje kugeza mu ndiba igikombe c’umubabaro wa kimuntu. Muri ayo masaha ateye ubwoba, yishimikije ku kimenyetso c’uko yemewe na Se yari yamazye guhabwa. Yari amenyeye imco ya Se; yari amuziko ubutungane, imbabazi ziwe n’urukundo rukomeye. Kubwo kwizera yaruhukiye muri umwe yanezererwa kwumvira. Amaze kwiyegurira Imana yicishije bugufi, yaretse kumva ko Imana yamuretse. Kubwo kwizera Kristo yaratsinze.”—*Uwipfuzwa Ibihe vyose*, p. 756.

“Mu gutanga Yesu, Imana yari itanze ijuru ryose. Mu bwenge bwa kimuntu, ico kimazi cari igihombo gikomeye kandi ko umugambi w’agakiza wari ugupfisha ubusa ubuntu n’ubutunzi. Kwiyanka hamwe n’ikimazi catanganywe umunezero nivyo bitubeshajeho buri gihe. Ingabo zo mw’ijuru zitangazwa no kubona ikiremnamuntu canke gucungurwa no gushirwa hejuru n’urukundo rutagira akagero rwerekaniwe muri Kristo. Abamarayiko nibo bari bafise imvo yobatera kugira bati: “Kuberiki apfiriye ubusa?”

“Ariko kugerekwako ivyaha vy’isi yaguye kwategerezwa kuba kwuzuye, gukwiye kandi kugasohozwa. Ishikanwa rya Kristo ryategerezwa kwuzura bikwiye kugira ngo rishikire umutima wose wamwe n’Imana. Ntiriyari kugabanywa kugira ngo ringane n’igitigiri c’abazokwemera iyo ngabire ikomeye. Abantu bose ntibakijijwe; ariko kuba inama y’agakiza itakijije abari bategekanijwe, ntibisigura ko yapfuye ubusa. Hategerezwa kubaho ibikwiye n’ibisaguka.”—*Ibid.*, pp. 565,566.

- b. Niki Yesu asaba abo bose bipfuzwa kuba abana biwe kandi bashaka kuba abashobora kwakira Mpwemu wiwe? Imigani 23:26.

Yesu arindiranye impuhwe n’urukundo ukwihana kw’abazimiye kandi ngo yemere uguca bugufi kwabo. Arindiriywe ko bamugarukako bamushimira, nk’uko umuvyeyi yitegereza akamwemwe ko gushima kavuye ku mwana wiwe akunda. Imana ikomeye itwigisha kuyita Data. Yipfuzwa ko dutahura uko umutima wayo vy’ukuri m’urukundo rwinshi uniha kubwacu mu gihe duca mu birusha no mu bigeragezo. ”—*Gospel Workers*, p. 210.

“Niki tureka, igihe dutanze vyose ? Umutima wahumanijwe n’icaha, Kugira ngo Yesu aweze, awezeshe amaraso yiwe, ngo awukirishe urukundo rwiwe rutagira akagero. Ariko abantu bumva ko bigoye gutanga vyose! Nterwa isoni no kumva bivugwa, nkaterwa n’isoni mu kuvyandika”—*Gutumbera Yesu*, p. 46.

- a. Nicahe cipfuzo gikomeye Pawulo yari afitiye abizera? Abaroma 12:1; 1 Tesalonike 5:23.

“Nubwo aya majambo yabwiwe isirayeli ya kera, ni icigwa ku bwoko bw’Imana uyu musu. Igihe iyi ntumwa yahamagarira benese gutanga imibiri yabo ngo ‘ibe ikimazi kizima, cera gishimwa n’Imana, yariko yerekana amahame yo kwezwa nyakuri. Si inyigisho gusa, amarangamutima canke mu majambo gusa, ahubwo ni ihame rikora, ribonekera mu mibereho ya buri musu. Bidusaba ko akamenyero kacu ko kurya, kunywa no kwambara birinde amagara mazima y’umubiri, ubwenge na mpwemu, kugira ngo duhe Uhoraho imibiri yacu, atari ishikanwa ryahumanijwe n’imico mibi, ariko ribe ‘ikimazi kizima, cera gishimwa n’Imana’”—*Ubuzima bwejeje*, pp. 27, 28.

“Dukwiye kwegurira umurimo w’Imana, kandi dutegerezwa gushaka gutanga ishikanwa ritunganye uko bishoboka kwose. Nta kindi gishimisha Imana atari iciza dushobora gutanga. Abayikundisha umutima wabo wose bazokwipfuzwa kuyikorera igikorwa ciza kurusha ibindi mu buzima bwabo, kandi bazohora na ntaryo barondera gukoresha inkomezi zabo mu kugendana n’ivyagezwe ari vyo bizobashoboza gukora ivyo ishaka.”—*Patri- archs and Prophets*, pp. 352, 353.

- b. Igihe ishengero ryumva ijambo rya Petero ku musu wa Pantekote, niki bumvise kiremereye umutima wabo? Iyakoze 2:37,38.

“Ishengero ryumvise intumwa zivuga ko Umwana w’Imana ariwe yari yabambwe. Abaherezi n’abakuru bahinze agashitsi. Abantu bumvise batsinzwe mbere bagira agahinda. ‘Bibacumise mu mitima, babaza Petero n’izindi ntumwa, bati: ‘Bagabo benedata, tugire dute?’ Mu bariko bumviriza intumwa harimwo abayuda b’intahemuka, bari abanyakuri mu kwizera kwabo. Ubushobozi bwari kumwe n’uwariko avuga bwatumye bemera ko Yesu yari we Mesiya koko.....

“Petero yeretse abantu bari batsinzwe ko icatumye bari baranse Kristo ari uko bari barahenzwe n’abaherezi n’abakuru; kandi ko iyo babandanya kurondera inama kuri abo bagabo, maze bakarindira ko nabo bemera Kristo imbere yuko bo ubwabo bamwiyemerera, ntibari kuzokwigera bamwemera. Aba bagabo bakomeye, nubwo berekana ishusho yo kubaha Imana, baharanira ubutunzi hamwe n’icubahiro c’isi. Ntibashaka kuza kuri Kristo ngo bakire umuco.”—*Iyakoze n’intumwa*, pp. 43, 44.

- a. Niki kitwemeza ko dushobora kwiyegurira Imana vyuzuye kandi tugashobora kugira ishusho ya Kristo? Ab'ifilipi 2: 12, 13.

“Imana ntiyemera ko ugira ubwoba ko izonanirwa gushitsa amasezerano yayo, ko izonanirwa kwihangana canke hari igihe utazobona impuhwe zayo. Ahubwo ugire utinye ko ubugombe bwawe buduhuza n'ivyo Kristo ashaka, kugira ngo imico wavukanye n'iyi wigishijwe ntigenzure ubuzima bwawe. 'Kukw'imana ari yo ikorera mu mitima yanyu, ikabaha kukunda no gukora ibiyihambara.' Utinye kugira ngo ukwikunda kwawe ntigutandukanye umutima wawe n'Umutware mukuru. Utinye kugira ngo gushaka kwikunda kwawe ntikwone umugambi ukomeye Imana yipfuzaga gusohozwa ibicishije muri wewe. Utinye kwizigira inkomezi zawe, ntukure ukuboko kwawe ku kuboko kwa Kristo, wirinde kugerageza kugendera mu nzira zawe utari kumwe nawe buri gihe.”—*Imigani Ya Kristo*, p. 161.

- b. Ni gute gushikama mu kwizera no kwiyegurira amahame vyuzuye vyo zigamwa? Ab'I Galatiya 2:20; Matayo 16:24,25.

“Abantu bipfuzaga kuronka imigisha yo kweza bategerezwa kubanza kwiga icyo bisigura kwitanga. Umusaraba wa Kristo ni wo shimikiro ry'ubwiza buremereye bw'ibihe bidashira’ ”— *Ivyakozwe n'intumwa*, p. 560.

“Ntushobora guhindura umutima wawe, wewe ubwawe ntushobora gutuma umutima wawe ukunda Imana, ariko ushobora *guhita mu* kuyikorera. Ushobora kuyiha ubugombe bwawe; maze izokorerwa muri wewe kugira ngo ushake kandi ukore ibihuje n'ibiyihambara. . . .

“Mu gukoresha neza ubushake, ihinduka ryuzuye rishobora kuboneka mu buzima bwawe. Iyo weguriye ubushake bwawe Kristo, uba wifadikanije n'ububasha busumba ubutware n'ububasha bwose. Uzoronka inkomezi zivuye hejuru zizotuma ushikama, maze mu kwiyegurira Imana buri musu bizogushoboza kubaho imibereho mishasha, mbere imibereho yo kwizera.”—*Gutumbera Yesu*, pp. 47, 48

IBIBAZO VYO KWISUZUMA KURI BURI WESE

Kuwa 6, Mukakaro 31

1. Niki gikenewe kugira dushobore kunesha iyi ntambara umwansi arwana n'imitima yacu?
2. Ni iyaha ntambara nyakuri dukwiye kurwana kugira tuneshe umwansi yamaze kuneshwa?
3. Niki dushobora kwigira ku ngabira ya Kristo kubw'agakiza kacu?
4. Niki Imana yipfuzaga abizera mu vy'umubiri no mu vya mpwemu?
5. Ni twakora ivyo Imana ishaka, niki tuzokwimenyereza buri musu?

KWIZERA NO KWEMERA

UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE: “Kandi nzobaha umutima musha, mbashiremwo impwemu nsha; nzokura umutima ukomeye nk’ibuye mu mibiri yanyu, mbahe umutima woroshe nk’ibuye.” (Ezekiyeli 36:26).

Ibitabo vyifashishijwe: *Gutumbera Yesu*, icigwa ca 6, pp. 49–55.

“Ntushobora guhongerera ivyaha vyawe wakoze, ntushobora guhindura umutima wawe ngo wewe witunganye were. Ariko Imana yasezeranye kubigukorerera vyose kubwa Kristo.”—*Gutumbera Yesu*, p. 51.

1. IMBABAZI N’AMAHORO

Kuwa 1, Myandagaro 2

a. Ni iryahe sezerano ryiza ry’Imana ry’imbabazi n’amahoro? 1 Yohana 1:9.

“Umaze kubona ko ubuzima bwawe bwahumanijwe n’ukwikunda n’ivyaha. Wipfuzaga cane kubabarirwa, kwezwa no kuvanwa mu buja. Niki ushobora gukora kugira ngo wuzure n’Imana, use nayo?”

“Ico ukeneye ni amahoro, imbabazi z’ijuru n’amahoro n’urukundo vyuzure umutima. Ivyo ntibigurwa ifeza, ntiwobibonesha ubwenge; ntiwokwitanga kubushikira kubw’inkomezi zawe, ariko Imana ishaka kubiguhar’ubuntu, nta mahera canke ibiguzi (Yesaya 55:1). Bizoba ivyawe niwarambura ukuboko ukavyakira.”—*Gutumbera Yesu*, p. 49.

b. Ezekiel 36:26. Ni irihe rindi sezerano rikomeye rizohindura ikiremnamuntu cose kikaba umuntu musha yuzuye n’Imana? Ezekiyeli 36:26.

“Wamaze kwatura ivyaha vyawe, umutima wawe uravyanka. Wahisemwo kwiyegurira Imana. Ubu rero musange, umusabe kukoza ivyaha, maze uyisabe kuguha umutima musha. Wizere ko yabikoze *kuko yabisezeranye*. Iki nico cigwa Yesu yigishije igihe yari kw’isi, ko ingabire Imana idusezeranira kuduha, dukwiye kwizera ko twayihawe kandi ko ari iyacu.”—*Ibid.*, pp. 49, 50.

2. UBUGINGO DUHERERWA MURI KRISTO Kuwa 2, Myandagaro 3

- a. Niki Yesu yategetse uwari arwariye I Betesida gukora, kandi niki twigira kuri ibi? Yohana 5:1–9.

“Reka tugaruke ku nkuru y’ikirema c’I Betesida. Iyi mbabare ntiyagira shinge na rugero; yari amaze imyaka mirongo itatu n’umunani aremaye. Ariko Yesu yamubwiye ati: ‘Va hasi wikorere ikirago cawe ugende’. Uwo murwayi yari kuvuga ati: ‘Mwami niwankiza, ndakora ivyo uvuze’. Ariko siko yavuze, yizeye ijambo rya Kristo, yizera ko yakize, aherako aramwumvira, agerageza kugenda, maze birakunda aragenda. Yumviye ijambo rya Kristo, maze Imana imuha ubushobozi bwo kugenda. Yari yakijijwe.”—*Gutumbera Yesu*, p. 50.

“Yesu nta cizere c’ubufasha bw’ijuru yari yamuhaye. Uyu mugabo yari gushobora kubireka agakekeranya, maze akaba abuze amahirwe ya rimwe yo gukira. Ariko yizeye ijambo rya Kristo, maze kubwo kuryumvira ahabwa inkomezi.

“Uko kwizera nyene niko dushobora kuronkeramwo gukira mu vya mpwemu. Icaha cadutandukanije n’imibereho yo kumvira Imana. Imitima yacu iraremvyeye. Twebwe ubwacu ntitugishoboye kubaho imibereho yejeje nk’uko uwari yaramugaye yashoboye kugenda. Hariho abantu benshi bamenya ko ntaco bishoboreye, kandi bakaba bipfuzaga ubuzima bwejeje buzotuma buzura n’Imana, bararuhishwa n’ubusa kugira ngo baburonge. Mu kwiheba bataka bati: ‘Ewe jewe ndagowe! Ni nde yonkiza umubiri untera uru rupfu?’(Abaroma 7:24) Reka aba bacitse intege kandi baremerejwe n’ibibazo barangamize barabe hejuru. Umukiza aringinga kubw’amaraso y’igiciro yatanze, mu ru kundo n’impuhwe ati: ‘Urashaka gukira?’ agutegeka guhaguruka wakize kandi ufise amahoro.”—*Uwipfuzwa ibihe vyose*, p. 203.

- b. Niki umunyavyaha asezeranirwa biciye muri Kristo? 2 ngoma 7:14; Hoseya 14:4.

“Ntushobora guhongerera ivyaha vyawe wakoze, ntushobora guhindura umutima wawe ngo wewe witunganye were. Ariko Imana yasezeranye kuzobigukorera vyose kubwa Kristo. Wizera iryo sezerano. Wature ivyaha vyawe maze wiyegurire Imana. Wipfuzaga kuyikorera. Vy’ukuri ivyo niwabikora, ivyo Imana yagusezeraniye izobisohozza. Niwizera iryo sezerano, wizere ko wababariwe kandi umaze gutunganywa; Imana izobigukorera, usange wakijijwe nk’uko Kristo yahaye ikirema inkomezi zo kugenda amaze kwizera ko yakijijwe. Nawe niko bizokugendekera niwizera. “Nturindire kumva ko wakijijwe, ariko uvuye uti : ‘ ndavyizeye; nakize atari uko ndavyumva, ariko kuko Imana yabisezeranye.”—*Gutumbera Yesu*, p. 51.

- a. Igihe twemeye Yesu nk'umukiza, niki gishika ku vyaha vya kera? Abaroma 3:24, 25; 5:1, 9, 10.

“Ivyo musenga canke musaba vyose, mwizere ko mubihawe, kandi muzobibona’ Mariko 11:24. Hariho ico dusabwa kuri iri sezerano, ni ugusenga dukurikije ubugombe bw’Imana. Ariko ni ubugombe bw’Imana kutwoza ivyaha, ikatugira abana bayo, kugira ngo dushobore kubaho ubuzima bwejeje. Nico gituma dusobora gusaba iyo migisha, kandi tukizera ko tuyihawe, tugaherako tugashimira Imana ko *yayiduhaye*. Ni amahirwe yacu gusanga Yesu ngo adutunganye, maze duhagarare imbere y’amategeko tudafise isoni canke umugayo.”—*Gutumbera Yesu*, p. 51.

- b. Ni gute umwizera ameze imbere y’Imana? Abaroma 8:1.

“Naho imibereho ya gikristo isabwa kurangwa no kwicisha bugufi, ntitereregerezwa kurangwa no kwitangira itama no kwitesha agaciro. Ni amahirwe ya buri wese kubaho mu buryo Imana yemera kandi iha umugisha. Si ubushake bwa Data wacu wo mw’ijuru ko tubaho nk’abaciriwe urubanza no kuba mu bihe bicuze umwiza. Nta gishingantahe gihari co kwicisha bugufi nyakuri mu gihe umuntu yogenda yubitse umutwe hamwe n’umutima wuzuye ivyiyumviro vyo kwikunda. Dushobora gusanga Yesu maze tukezwa, tugahagarara imbere y’ivyagezwe tudafise soni canke umutima utwagiriza ikibi”—*Intambara ikomeye*, p. 477.

“Igihe twiyeguriye Imana vyuzuye, tukizera vyimbitse, amaraso ya Kristo atwezaho ivyaha vyose. Umutimanama ushobora kubohorwa ugucirwakw’iteka. Kubwo kwizera amaraso yiwe, bese bashobora kuba abatunganye muri Kristo Yesu. Ntidukiye guhangayikishwa n’ico Imana na Kristo biyumvira kuri twe, ahubwo dukwiye guhangayikishwa n’ico Imana yiyumvira kuri Kristo, uwuduhagarariye. Mwerererwa m’uwo ikunda.”—*Selected Messages*, bk. 2, pp. 32, 33.

- c. Ni iryahe hinduka ritegerezwa kumenyekana kuri abo bese bamaze kugirana isezerano n’Imana? 1 Petero 1:18,19; 1 Korinto 6:9,20; Galatiya 3:26.

“Kubw’ivyo ntimuri abanyu, mwacungujwe amaraso y’igicro kinini [1 Petero 1:18, 19]. Kubw’iki gikorwa gisanzwe co kwizera Imana, Mpwemu Yera yashize ubugingo busha mu mutima wawe. Wahindutse nk’umwana yavukiye mu muryango w’Imana, kandi igukunda nk’uko ikunda Umwana wayo.”—*Gutumbera Yesu*, pp. 51, 52.

a. Ni gute umwizera aba yitezwe kwitwara? Kolosayi 2:6.

“Ubu ko wamaze kwiye gurira Yesu, ntugasubire inyuma, ntugasubire kumureka, ahubwo umusi ku wundi uvuge uti: “Ndi uwa Kristo, naramwiye gurire”; maze umusabe kuguha Mpwemu Yera wiwe no kukurindisha ubuntu bwiwe. Nk’uko waheshejwe kuba umwana wayo kubwo kuyiyegurira no kuyizera, niko utegerezwa kuba muri yo. Intumwa Pawulo igira iti: ‘Nuko nk’uko mwakiriye Kristo Umwami wacu, abe ariko mugendera muri we.’ Kolosayi 2:6.

“Bamwe biyumvira ko bategerezwa kubanza kugeragezwa no kwereka Imana ko bahindutse kugira ngo bashobore gusaba imigisha yayo. Ariko n’ubu bashobora gusaba imigisha y’Imana. Ariko bakeneye ubuntu bwiwe, Mpwemu wa Kristo, kubatabara mu bunyantegenke bwabo, atari uko ntibasobora kunesha ikibi. Yesu akunda ko tumusanga uko turi, turi abanyavyaha, turi abanyantegenke, tutiganza. Twemererwa kumusangana ubunyantegenke bwacu, ubupfapfa bwacu n’ibicumuro vyacu vyose, tukikubita ku birenge vyawe twihana. Yishimira kuduhobera n’amaboko y’urukundo rwiwe, kudupfuka inguma zacu no kutwoza ukugabitanya kwose.”—*Gutumbera Yesu*, p. 52.

b. Nubwahe bufasha duhabwa iyo twakoze amakosa mu rugendo rwo kwiga? 1 Yohana 2:1,2.

“Reka kwikeka ko amasezerano y’Imana atari ayawe. Ni ay’umunyavyaha wese yihana. Inkomezi n’ubuntu bibonerwa muri Kristo, bizanirwa buri mwizera, bizanwa n’abamarayika bakorera abantu. Nta muntu n’umwe, naho yoba ari umunyavyaha gute, ataronkera inkomezi, ukwera n’ukugororoka muri Yesu, yadupfiriye. Abarindiriye ngo abambure amakanzu y’agasembwa, yandujwe n’ivyaha ngo abambike amakanzu yera y’ukugororoka. Abingingira kubaho ngo ntibapfe.”—*Ibid.*, pp. 52, 53.

c. Sobanura uko duhabwa inkomezi muri uru rugendo. 1 Yohana 1:7; Galatiya 5:16,17,25.

“Abagendera mu nzira z’ubwenge, naho boba bari mu mibabaro, baranzezwa cane; kuko uwo umutima wabo ukunda, agendera i ruhande rwabo atagaragara. Kuri buri ntambwe batera bamenya neza ko ukuboko kwayo ariko kubakozeko, kuri buri ntambwe imishwarara y’ubwiza ikayangana iva kw’imwe itagaragara imurikira inzira zabo; maze indirimbo zabo z’amashimwe, ziri ku rutonde rwiza, ziraduga ngo zifatanye n’indirimbo z’abamarayika imbere ya ya ntebe.”—*Thoughts from the Mount of Blessing*, p. 140.

5. URUKUNDO RWA DATA RWO GUCUNGURA Kuwa 5, Myandagaro 6

- a. Niki dusabwa ngo twemerwe n’Imana? Yesaya 55 :7; 44 :22.

“Imana ntitugira nk’uko abantu bapfa bagiriranira. Imbabazi, urukundo n’impuhwe zitagira uko zingana, nivyo yiyumvira”—*Gutumbera Yesu*, p. 53.

“Umuntu wese ahanwa n’Imana maze agacisha bugufi umutima mu kwatura no kwihana, nk’uko Dawidi yabikoze, ashobora kwizera ko hariho ivyizigiro kuri we. Umuntu wese yemera amasezerano y’Imana kubwo kwizera azohabwa imbabazi. Uhoraho ntazokwigera yirengagiza umuntu yihana vy’ukuri.”—*Abakurambere n’abahanuzi*, p. 726.

- b. Ni gute Data wo mw’ijuru amera imbere y’abazimiriye kure? Ezekiyeli 18:32; Luka 15:18–20.

“Satani yiteguye kutunyaga amasezerano meza y’Imana. Yipfuzaga gukura akamenyetso kose k’ivyizigiro hamwe n’imishwarara y’umuco mu mutima; ariko ntuzwe umwemerere kubikora. Ntutegere ugutwi umuhendanyi, ariko uvuge uti: “Yesu yapfuye kugira ngo mbeho”. Arankunda, kandi ntiyipfuzaga ko mpona. Umugani utubwira uko icangazi kizokwakirwa: [Luka 15:18–20].

“Ariko uyu mugani, naho uteye akagongwe n’imbabazi, uvuga buke impuhwe za Data wo mw’ijuru. Uhoraho yavugiyeye mu muhanuzi ati: ‘Naragukunze urukundo rudashira: *nico gituma nkwiyegezanya urukundo*.’ Yeremiya 31:3. Umunyavyaha akiri kure y’urugo rwa se, akayira ibintu vyawe mu gihugu ca kure, umutima wa Se uramukumbura; kandi urukumbuzi ruza mu mutima wiwe rumutera kugaruka ku Mana, ni urukundo rwinginga rwa Mpwemu Yera, rwinginga rukwegera umunyavyaha ku mutima w’urukundo rwa Data.”—*Gutumbera Yesu*, pp. 53, 54.

IBIBAZO VYO KWISUZUMA KURI BURI WESE Kuwa 6, Myandagaro 7

1. Niki cinjira mu mutima wababariwe ivyaha?
2. Ni kuberiki uwari arwariye ku kidengezi I Betesida yashoboye kugenda ubwo nyene?
3. Igihe twemeye Kristo nk’umukiza wacu, ni irihe riba isezerano ryacu?
4. Ni iryahe banga ry’intsinzi iri mu kugendana na Kristo ?
5. Sigura itandukaniro riri hagati y’ubugizi bwa nabi bwa Satani hamwe n’urukundo rw’Imana rucungura.

IKIMENYETSO CO KUBA UMWIGISHWA

Umurongo wo gufata k’umutwe: “Nuko rer’umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’icaremwe gisha: ivyakera biba bihise, vyose biba bicitse bisha”. (2 Abikorinto 5:17).

Inyandiko zifashishijwe: *Gutumbera Yesu*, igice ca 7, pp. 57–65

“Inyifato y’umuntu ntibonekana kubw’ibikorwa vyiza canke muburyo bworoshe rimwe na rimwe, ariko ni muburyo bw’imvugo n’ibikorwa vya buri muni. .” — *Gutumbera Yesu*, pp. 57, 58.

1. IGIKORWA CA MPWEMU

Kuwa 9 nyanda

- a. Ni cahe cigwa Kristo yigishije mu gusobanura igikorwa c’ihinduka? Yohana 3:5–8.
-

“Umuntu ntashobora kumenya neza igihe canke ikibanza, ndetse nurukurikirane rwibitsitaza mugihe coguhinduka; ariko ibi ntibimwemezako atohinduka. Nkuko umuyaga utaboneka, ariko ukumvikana mubintu biboneka, Niko nigikorwa ca Mpwemu w’Imana kimeze mu mutima w’umuntu. Inkomezi zihindura zimwe zitaboneshwa n’amaso y’umuntu, zivyara ubuzima bushasha mu mutima; zikarema icaremwe gisha mw’ishusho y’Imana.” — *Gutumbera Yesu*, p. 57.

- b. Ni iryahe hinduka rizoboneka mu buzima bw’uwahindutse vyukuri? Abaroma 12:9–18; 2 Abikorinto 5:17.
-

“Igihe tudashobora gukora ikintu na kimwe mu guhindura imitima yacu canke twiyuzuze twe ubwacu n’Imana; igihe tutacigirira icizere ubwacu canke kubikorwa vyacu vyiza, ubuzima bwacu buzerekana nimba Ubuntu bw’Imana buri kumwe natwe. Ihinduka rizoboneka mu mico, imigenzo, nivyodukora, hazoba itandukaniro ridasanze hagati yico bari nico bazoba..... Nivyukuri ko hashobora kuba ihinduka ryinyuma ariko atahinduka ry’ububasha bwa Kristo, urukundo rwokugira ijamba n’icifuzo co kwubahwa n’abandi bishobora gutuma umuntu agira ubuzima bwateguwe neza. Ukwiubaha gutuma twirinda kugaragara mu bibi, umutima wikunda ushobora gukora ibikorwa vy’ubuntu. None nigute rero tuzomenya uruhande turiko? Ninde afise umutima? Ninde dufatanije muvyiyumviro vyacu?” — *Ibid.*, pp. 57, 58.

- a. Ni ivyamwa ibihe abuzuye Mpwemu bazokwama? Abigaratiya 5:22, 23.
-

“Abahindutse ibiremwa bisha muri Kristo Yesu bazokwama ivyamwa vya Mpwemu. Bazokunda ivyo bigeze kwanka, kandi bazozinukwa nivyo bigeze gukunda. Abishima kandi bakigirira icizere ubwabo bazocishwa bugufi mu mitima. Abiyemera no kwishira hejuru bazoba abantu b’ukuri batishira imbere. Abanywa ibiyayura mutwe n’abasesagura ubutunzi bazobiheba. Imigenzo itagira akamaro nibigezweho vy’iyisi bizoshirwa kure, Abakirisu ntibazokenera ugushaza kwinyuma, ariko bazokenera umuntu w’imbere mu mutima ,muvyo bitabora,arico gisharizo ca Mpwemu n’umutima w’ubugwaneza. 1 Petero 3:3, 4.”—*Gutumbera Yesu*, pp. 58, 59.

“Akamaro ka Mpwemu Yera ni ubuzima bwa Kristo mu mutima, ntidushobora kubona Kristo ngo tuvugane nawe, ariko Mpwemu yiwe Yera iba hafi yacu mu kibanza kimwe n’ikindi igakorera imbere muri buri muntu wese yakiriye Kristo. Abo bose bazi aho Mpwemu aba berekana ivyamwa vyawe: Urukundo, Amahoro, Ukwihangana, Ubwitonzi, Ukugira neza, Ukwizera.”—*Ubusobanuro bwa Bibiliya bw’ab’adventiste b’umunsi w’indwi* [E. G. White Comments], vol. 6, p. 1112.

- b. Ni icahe cabona c’ukwihana vyukuri? Ezekiyeli 33:14, 15.
-

“Ntagihanywa na kimwe co kwihana vyukuri kiretse hakozwe ivugurura. Iyo asezeranye, agasubiza ivyo yanyaze, akihana ivyaha vyawe, agakunda Imana ndetse n’abagenziwe, umunyavyaha ashobora kuba amahoro agasimba urupfu akaronka ubugingo. “Igihe nk’abantu bahavye, b’abanyavyaha tuje kuri Kristo tukaba abasangira k’ubuntu bw’imbabazi ziwe, urukundo ruzovuka mu mitima, buri mutwaro wose uba uwuhwahutse ,kuko ingata Kristo yashizeho yoroshe; igikorwa kiba ikinejereje kand’ukwitanga kugahinduka umunezero. Inzira itaboneka ubwambere ihishwe n’umwiza; izo kayangana n’imishwarara y’izuba ry’ubugororotsi. “Ubwiza bw’imico ya Kristo izobonekera muba mukurikira. Yanezerezwa nogukorana umwete n’ivyo Imana ishaka, kubw’icubahiro ciwe, vyari inkomezi zategeka ubuzima bw’Umukiza. Urukundo rugatanga ishusho nziza n’icubahiro kubikorwa vyawe vyose. Umutima utejejwe ntushobora kwama, bibonekana gusa mumutima aho Yesu aganza. Twebwe tugira urukundo kukw’ariyo yabanje kudukunda ‘1 Yohana 4:19, Umutima wahinduwe n’imbabazi z’Imana , urukundo ni rwo rukora ,ruhindura inyifato, rukangaba ivyiyumviro, ivyipfuzo, inzigo, kandi rukarushirizaho. Uru rukundo iyo rwabitswe mu mutima, rutera ubuzima kuba bwiza kandi rukagira ico rukoze kubo turikumwe bose.”—*Gutumbera Yesu*, p. 59.

- a. Ni ayahe makosa akomeye yemezwa na benshi bavugako ari abakirisu? Abifiripi 3:9; Abaroma 10:3; Yakobo 2:17.
-

“Hari amakosa abiri ayo abana b’Imana cane cane abo bizera Ubuntu bwayo bategerezwa kwirinda. Iryambere, riri kuribo, nuko babwirizwa kwihweza ibikorwa vyabo, bakizera burikimwe bakoze, bagasubiza hamwe n’Imana. Uwugerageza kuba uwutunganye binyuze mubikorwa vyawe bwite mugukomeza amategeko agerageza ibidashoboka. Ivy’umuntu wese yokora bitarimwo Kristo vyanduzwa n’ukwikunda hamwe n’ivyaha. Ni mu buntu bwa Kristo gusa honyene, no mu kwizera bishobora kutugira abatunganye.

“Ikosa rikomeye kandi ritari rito ni ukwemera yuko kwizera Kristo birekurira abantu kutubahiriza amategeko y’Imana, ko gusa mukwizera umuntu aba uwusangira Ubuntu bwa Kristo, ibikorwa vyacu ntasano bifitanye no gucungurwa kwacu.”—*Gutumbera Yesu*, pp. 59, 60.

- b. Nigute isezerano ryo mw’isezerano risha ritwerekana neza ko Ubuntu bwa Kristo butatubuza kwubaha amategeko y’Imana? Abaheburayo 8:10; 10:16.
-

“Itegeko ry’Imana ryerekana kamere yayo; niryo riranga ibwirizwa rikomeye ry’urukundo, kandi rikaba umushinge w’ubutware mw’Ijuru no mw’Isi. Nimba imitima yacu ihinduwe misha mw’ishusho y’Imana, nimba urukundo rw’Imana ruri mumutima, mbega itegeko ry’Imana ntirizoboneka mubuzima bwacu? Igihe itegeko ry’urukundo rishizwe mu mutima, inyuma yaho umuntu azoba ahinduwe mw’ishusho y’uwamuremye, isezerano risha ryogusezerana rizuzwa [Abaheburayo 10:16] Mbega nimba itegeko ryanditswe mu mutima ntirizohindura ubuzima? Ukwubaha igikorwa hamwe no kugira urukundo nico kimenyetso c’ukuri co kuba umwigishwa.”—*Ibid.*, p. 60. “Muri Aka kanya Imana isaba nkivyo yasavye babiri muri eden, ukubahwa kwiza kuvyo isaba; amategeko yayo ntahinduka aguma ari amwe ibihe vyose. Ukugororoka guhambaye kwerekanywe mw’isezerano rya kera ntikwigeze gushirwa hasi mw’isezerano rishasha. Igikorwa c’ivugabutumwa ntikizovuga kugusubizwa inyuma kw’itegeko ryera ry’Imana ahubwo buzoana abantu aho bashobora gukurikiza ivyanditswe vyabwo. “Ukwizera muri Kristo kukiza umutima si kwakundi benshi bavugako: izere, izere, wizere gusa muri Kristo uzorokoka, niwo muhamagaro wabo. Ariko ukwizera kw’ukuri gushingiye kuri Kristo kugira ngo ukizwe, kuzotuma umuntu agendera muburyo bwuzuye bw’itegeko ry’Imana.”—*Ubusobanuro bwa Bibiliya bw’Abadventiste b’umusi w’Indwi* [E. G. White Comments], vol. 6, p. 1073.

- a. Nigiki citezwe kubakurikira Yesu vy'ubuzima buhora? 1Yohana 5:2, 3; 1 Abikorinto 7:19.

“Igihe wiyeguriye Kristo ukamwemera nk’Umukiza, uko ubuzima bwawe bwose woba wabaye uri umunyavyaha, kubwiwe uzoharugwa mubagorotsi. Kamere ya Kristo izosubirira kamere yawe, kandi wemerwe imbere y’Imana nkaho utigeze ucumura. “Ibirenze ibi, Kristo ahindura umutima, akawubamwo binyuze mukwizera. Ubwirizwa gukomeza ubu bucuti na Kristo kubwo kwizera no kubandanya umwiyegurira; uko uzokomeza ukora ibi, azokorera muri wewe mubugombe hamwe no gukora ibimunezera. Kubwivyo ushobora kuvuga: Ariko ndiho yamara si jewe nkiriho, ni Kristo ariho muri jewe. Ivyo nkora vyose nkiriho mu mubiri mbikoreshwa no kwizera Umwana w’Imana yankunze, akanyigura. Abigaratiya 2:20. Yesu yabwiye abigishwa biwe: kukwatazoba arimwebwe muvuga, azoba ari Mpwemu wa so avugira muri mwebwe. Matayo 10:20. Nuko iyo Kristo akorera muri wewe, uzokwerekana iyo Mpwemu kandi ukore ibikorwa vyiza, ibikorwa vyo kugororoka, no kwubaha. “Ntakintu nakimwe dufise muri twebwe co kwihayagiza, ntampamvu nimwe dufise yo kwiyemera. ikibanza cacu kimwe gusa c’icizigiro kiri mukugororka kwa Kristo kudukubwira, no kugororoka akora biciye muri Mpwemu wiwe akorera muri twebwe no kudukoresha.”—*Gutumbera Yesu*, pp. 62, 63.

- b. Nubwo Umwami yari yarateguye uburyo bwogukiza bose kuberiki bamwe badashobora kugendera muri iyonzira? Efeso 2:8, 9; Ivyakozwe n’intumwa 4:12; Abaroma 9:30-33.

“Nigiki kizodushoboza kwubaha, mugihe umuntu agira umwidgegemvyo mukwubaha, tukavuga duti: ni ukwizera, ukwizera gusa kutugira abasangira Ubuntu na Kristo? “Ivyo vyitwa ukwizera muri Kristo bihamya kukwidgegemvya kw’umuntu kw’itegeko ryo kubaha Imana, ntabwo ari ukwizera ahubwo nikwiyitirira. ‘Ubuntu nibwo bwabakijije kubw’ukwizera’. ‘Ariko ukwizera kutagira ibikorwa kuba gupfuye’ Efeso 2:8, Yakobo 2:17. Yesu we yarivugiye ubwiwe imbere yokuza mw’isi, ‘Mpimbawe no gukora ivyo ugomba Mana yanje, mbere ivyagezwe vyawe biri mumutima wanje’. Zaburi 40:8. Yaravuze kandi imbere yuko aduga mw’Ijuru ‘Nitondeye ivyagezwe vya Data, nkaguma mu rukundo rwiwe’ Yohana 15:10. Ivyanditswe biravuga: ‘iki nico kitumenyesha ko tumuzi nitwitondera ivyagezwe vyawe, uvuga kwahora muriwe, akwiye nawe kugenda nkuk’uwo yagenda’. Yohana 2:3-6. Kuko na Kristo yabababarijwe, akabasigarana icitegererezo, kugirango mugere ikirenge mucu. 1 Petero 2:21.”—*Ibid.*, pp. 60–62.

a. Nigute intumwa Pawulo yabayeho inesha? 1 Abikorinto 15:30, 31.

“Utegerezwa gukomeza ubucuti na Kristo ukabandanya umwegurira ubugombe bwawe, igihe uzokora ibi; azokorera muri wewe no gukora kubwo ivyo yishimira vyiza.”—*Gutumbera Yesu*, pp. 62, 63.

“Kristo mwishusho y’umuntu yagize imico myiza, kandi iyi mico arayidusangiza natwe. ‘Kuko twese twahindutse nk’ibihumane’ Yesaya 64:6. Ikintu cose dushobora gukora twebwe ubwacu canduzwa n’icaha, ariko Umwana w’Imana yatanzwe akuraho ivyaha vyacu; kuko ntacaha kiri muri we.

Kristo yubaha igisabwa cose kuma bwirizwa. Yarivugiye ubwiwe ati: Mpimbawe no gukora ivyo ugomba, Mana yanje; mbere ivyagezwe vyawe biri mu mutima wanje. Zaburi 40:8”. Kubwo kuyoboka kwiwe kwiza vyose yaravyoroheje kuri buri caremwe mu kubaha amategeko y’Imana. Igihe twiyeguriye Kristo umutima ukiyunga n’uwiwe, ubushake bwacu bugahuza n’ubwiwe, ubwenge bukaba bumwe nubwiwe, ivyiyumviro vyacu bizogengwa nawe, tubeho muriwe. Ibi ni vyo bisobanura kwambikwa umwambaro w’ukugororoka kwiwe. —*Imigani ya Kristo*, pp. 311, 312.

b. N’uwahe munezero umunyezaburi yerekanye mu buzima bwiwe ? Zaburi 119:97.

“Igihe tuvuga ku kwizera hari itandukaniro ritegerezwa kuza mubwenge. Hari ukwemera ko hari itandukaniro ryo ku kwizera. Ukubaho n’inkomezi z’Imana, ukuri kw’ijambo ryayo, ni ivyemeza ko na satani n’abamarayika biwe badashobora kwihebera mumutima. Bibiliya iravugako n’abadayimoni bizera (bemera) kandi bagahinda agashitsi ariko uku si ukwizera. Yakobo 2:19. Ntihakwiriye kuba ukwizerera mw’ijambo ry’Imana gusa ahubwo no kuyegurira ubushake. Aho umutima wiyeguriye Imana, urukundo ruba kuri we, haba ukwizera, ukwizera gukorana urukundo no gutunganya umutima” —*Gutumbera Yesu*, p. 63.

IBIBAZO VYO KWISUZUMA KURI BURI WESE

Kuwa 14 myand

1. Sigura igihama co guhinduka.
2. Ni irihe tandukaniro riri hagati y’umuntu wakera n’umuntu musha?
3. Ereka ibintu bibiri bibi vyo kwirinda mubuzima bwacu mu vya Mpwemu.
4. Igihe tubayeho mubuntu, ukwubaha kuzogira ikibanza icahe?
5. Ni ivyahe vyiyumviro, ivyipfuzo, nimvo bikundwa igihe Kristo aba mumutima?

GUKURIRA MURI KRISTO

Umurongo wogufata kumutwe: “Ngo nshirireh’abagandaye I siyoni igitsibo mugishingo c’umunyota, ndabahe n’amavuta y’akaneza mugishingo c’ukugandara, n’umwambaro woguhimbaza mu gishingo c’umutima uhondobereye; kugirango baze bitwe ibiti vyo kugororoka, imyeroni yatewe n’Uhoraho”. (Yesaya 61:3).

Ibitabo vyifashishijwe: *Gutumbera Yesu*, igice 8, pp. 67–75.

“Mumeze nkabagengwa na Kristo kugirango mubeho ubuzima butunganye, nkuko ishami riri kugiti rikura rikama ivyama.”—*Gutumbera Yesu*, p. 69.

1. IBIKENEWE MU GUKURA

kuwa16 nyand

- a. Ni gute ivyanditswe vyerekana ugukura kw’umukristo? Yesaya 61:3; 1 Petero 2:2; Efeso 4:14, 15; Mariko 4:26, 27.

“Ntabwenge nabuke canke ubumenyi bw’umuntu bushobora gutanga ubuzima ku kantu nagato muvyaremwe, kiretse biciye gusa mu buzima Imana yo ubwayo itanga, ibimera canke ibikoko bishobore kubaho. Ubuzima muvya Mpwemu buvuka biciye gusa mu buzima buva ku Mana”—*Gutumbere Yesu*, p. 67.

- b. Nigiki gisobanura ukwisunga kwacu kuri Kristo mugukura no gutera imbere? Hoseya 14:5–7; 1 Abikorinto3:6, 7.

“Impano itagereranywa y’Umwana wayo, Imana yakikuje isi yose ikirere c’ubuntu neza neza nk’impwemu zizengurutse umubumbe. Abo bose bahitamwo guhumeka iki kirere c’ubugingo bwatanzwe bazobaho kandi bakurire mw’ishusho y’abagabo n’abagore muri Kristo Yesu. Nkuko ishurwe rihindukira ahari izuba kugira ngo umuco ushobore gushira kurutonde no gutunganya ubwiza bwaryo, niko natwe tubwirizwa guhindukira kuzuba ry’ubugororotsi, kugira umuco w’ijuru ukayanganire kuritwe, n’imico yacu ishobore ishobore guhindurirwa mw’ishusho ya Kristo.”—*Ibid.*, p. 68.

- a. Niyawe ngingo ihambaye Umwami wacu yashimikiyeko kubigishwa biwe neza imbere yuko arangiza igikorwa ciwe kw'isi? Yohana 15:4-7.
-

“Abenshi bagira icyumviro ko bategerezwa kugira uruhara mugikorwa bonyene, bizeye muri Kristo kubwo kubabarirwa icaha, ariko ubu bironderera inkomezi ubwabo babeho batunganye; inkomezi nkizo zirananiirwa. Yesu aravugaga: ntaco mwokwishoboza tutarikumwe. Ugukura kwacu mu buntu, umunezero wacu, akamaro kacu vyose bishimikiye kubumwe tugirana na Kristo. Dukurira mubuntu binyuze mubumwe tugirana nawe no kuguma muri we buri munsu, buri saha. Ntabwo ari umuremyi gusa ahubwo ni nawe akomeza ukwizera kwacu. Kristo ni uwambere akaba n'uwanyuma iminsi yose, ahorana natwe, bitari gusa mwitanguriro canke kwiherezo ryacu, ahubwo no mu ntambuko zose tugenda.”—*Gutumbera Yesu*, p. 69.

“Nimba ukeneye kwiga gucubugufi no kwiyoroshya kw'umutima mw'ishuri rya Kristo, azoguha uburuhukiro n'amahoro. Nibintu bigoye cane gushaka guheba ubugombe bwawe n'inzira zawe, ariko iki cigwa nicigwa, uzoronka uburuhukiro n'amahoro. Ubwishime, ukwikunda n'ivyipfuzo bizotsindwa; ubugombe bwawe butegerezwa kunyengerera mubwa Kristo. Ubuzima bwose buzashobora kuba bumwe mugitambo c'urukundo gihoraho, buri gikorwa gikorwe, kandi na buri jambo rizovuganwa urukundo. Nkuko ubuzima bw'uruzabibu butembera muntimatima no mu mashami, bukamanuka no mutugingo twohasi, kandi bugashikira ibabi ryanyuma ryo hejuru, niko n'ubuntu n'urukundo vya Kristo biba vyinshi bikuzura mumutima, bikarungika ubwiza bwavyo muri buri gice c'icaremwewe, bugakwira muriburigikorwa cose c'umubiri n'ubwenge.”—*Ubusobanuro bwa Bibiliya bw'Abadiventiste b'umunsi w'indwi* [E. G. White Comments], vol. 5, pp. 1091, 1092.

- b. Ni irihe banga ryo gukurira muri Kristo? Abikorosayi 2:6; Abaheburayo 10:38.
-

“Wiyeguriye ubwawe Imana n'umutima wawe wose, uyikorere kandi uyubahe, wagize Kristo nk'Umukiza wawe. Ntushobora wewe ubwawe gukuraho ivyaha vyawe canke uhindure umutima wawe, ariko wiyeguriye Imana, wizera kubwa Kristo ko yakoze vyose kubwawe. Kubwo kwizera wahindutse uwa Kristo, kandi kubwo kwizera ugomba gukurira muri we mu kwitanga. Ubwirizwa gutanga umutima wawe wose, ubugombe bwawe, ibikorwa vyawe, ukamwiyegurira mukwubaha ivyo asaba vyose; ukagira Kristo mumutima, umugisha wuzuye akaguma mumutima wawe, akaba inkomezi zawe, ukugororoka, umufasha wawe wibihe vyose, akaguha inkomezi zo kwubaha.”—*Gutumbera Yesu*, pp. 69, 70.

- a. Nicahe gikorwa cambere c'abana b'Imana uko umusi utangiye? Zaburi 5:3.
-

“Wiyegurire Imana ubwawe mu gitondo; ibi ubigire igikorwa cawe cambere. Reka isengesho ryawe ribe iri ngo: Mwami nyakira mbe uwawe. Imigambi yanje yose ndayishize kubirenge vyawe, unkoresha uyu muni mugikorwa cawe, ugumane nanje kandi ureke ibikorwa vyanje bikorerwe muri wewe. Iki nico kintu caburi muni. Buri muni wiyegurire Imana; yuhebere imigambi yawe yose, ikorwe nayo canke iranguke nkuko ibigomba. Nuko ushire ubugingo bwawe mubiganza vy’Imana umusi kumuni, bushobore guhindurwa inyuma n’ubuzima bwa Kristo.”—*Gutumbera Yesu*. p. 70.

- b. N’ubwahe butumire Kristo atanga buri muni? Matayo 11:28, 29.
-

“Ubuzima bwo muri Kristo ni ubuzima bw’akaruhuko. Hashobora kutaba ibinezereza vy’umutima, ariko n’ahantu hamahoro hizewe. Ivyizigiro vyawe ntibiba muri wewe ubwawe biri muri Kristo. Ubunyantege nke bwawe bugahuzwa n’inkomezi ziwe, ubumenyi buke bwawe bugahuzwa n’ubwenge bwiwe, n’ububasha bwiwe budahera. Ntubwirizwa kwihagararako ubwawe, canke kwishimikiza ubwenge bwawe, ariko hanga amaso kuri Kristo. Reka ubwenge bwiyumvire k’urukundo rwiwe, kubwiza n’ubutungane bw’imico yiwe. Kristo mu kwitanga, Kristo mukwicisha bugufi, Kristo mukwezwa no m’ubutagatifu, Kristo murukundo rwiwe rutagira urugero ibi nivy vy’ukwiyumvira kw’umutima binyuze mu kumukunda, kumwigana, mu kumwizigira rwose, niho muzohindurwa mukagira ishusho yiwe.—*Ibid.*, pp. 70, 71.

- c. Nigiki gikenewe mukugira amahoro yo mu mutima? Yesaya 26:3, 4; 30:15.
-

“Abakira Kristo nkuko yavuze, bagashira imitima yabo mubuhungiro bwiwe, akabayobora, bazoronka amahoro n’ituze. Ntakintu nakimwe c’isi gishobora kubateza umubabaro igihe Yesu abahaye umunezero biciye mukubana nawe. Mukwemera kwuzuye niho habonekera ikiruhuko c’ukuri. Ubuzima bwacu bushobora gusa nk’uruhurirane, ariko iyo twiyeguriye umukoresha w’ubwenge, azoshitsa ishusho y’ubuzima n’imico izoba icubahiro ciwe. Binyuze muri Kristo twinjira muburuhukiro, aha niho ijuru ritangirira, igihe twishuye k’ubutumire bwiwe ati: ‘nimuze, munyigireko’ niho dutangira ubuzima budahera.”—*Uwipfuzwa ibihe vyose*, p. 331.

- a. Ni iyahe nyishu iba mukurekera iviyumviro kuri Kristo gusumba kwibako? 2 Abikorinto 3:18.

“Tuzokomezwa binyuze mukubandanya tureba kuri Kristo n’amaso y’ukwizera. Imana izogira amayerekwa ahambaye kubantu bayo bashonje kandi bafise inyota. Bazobona ko Kristo ari umukiza wabo yihariye’. Uko barya kw’ijambo ryiwe, bazobonako ari Mpwemu kandi n’Ubuzima jambo rikuraho kamere y’ivyisi, rigatanga ubuzima bushasha muri Kristo Yesu. Mpwemu yera akaza mubugingo nk’umuhoza. Biciye m’ubuntu bwiwe buhindura, ishusho y’Imana ibonekera ku mwigishwa; agahinduka musha. Urukundo rusubirira urwanko, umutima ukakira imico y’ijuru ”—*Uwipfuzwa ibihe vyose*, p. 391.

“Iyo umutima wiyumvira kuvyayo uba uhevyeye Kristo we soko y’ububasha b’ubuzima nico gituma satani ahora agerageza guhindira umutima kure y’umukiza kugirango abuze uburizemwo ubumwe no kuganira kw’imitima na Kristo. ibinezeza vy’isi, amaganya n’uruhombo rw’ubuzima, amakosa y’abandi, canke ayawe ubwawe kuri ibi vyose nivyumviro vyawe. Abenshi bari n’imitima yitondera, kandi bipfuzwa kubaho kubw’Imana, akenshi satani abayoborera kukwibanda kumakosa yabo n’ubunyantegenke bwabo, maze akabashira kure ya Kristo kugira ngo atsinde. Ntukagire wewe ubwawe ikibanza nyamukuru canke ngo tugire kwiganyira n’ubwoba kubijanye nuko tuzokizwa, ivyo vyose bihira umutima kure y’isoko y’ububasha bwacu. Nimwegurire Imana umutima imitima yanyu, muyizigire. muvuge kandi mwiyumvire kuri Yesu wewe ubwawe ube muri we.”—*Gutumbera Yesu* pp. 71, 72.

- b. Nigiki dushobora kwigira kw’ihinduka ryabaye kubigishwa inyuma yaho barikumwe na Kristo mugikorwa caburi munsu c’ivugabutumwa? Ivyakozwe n’intumwa 4:13.

“Iyodukomeje kwihweza Yesu, duhindugwa mwiyo shusho, tuva mu bwiza tukaja mubundi, nkabahindurwa n’Umwami, ari we Mpwemu. 2Abikorinto 3:18. Niko vyagenze kubigishwa bambere bagize iyo shusho k’Umukiza wabo. Igihe abo bigishwa bumvise amajambo ya Yesu bumvise bamukeneye, baramurondeye, baramuronka, baramukurikira. Barikumwe nawe munzu basangirira kumeza, mwisengesho, no mumurima, bari bameze nk’abanyeshure barikumwe n’umwigisha, bakira buri munsu ukuri kwejeje kuva mu kanwa kiwe. Bamureba nk’abasuku bareba shebuja kugira bigire kuvyakora. Abo bantu bari bameze nkatwe bafise iviyumviro nk’ivyacu. Yakobo 5:17. Bari bafise intambara imwe yo kugwana n’icaha kandi bakeneye ubuntu, kugira ngo babeho ubuzima bwejeje”—*Ibid.*, pp. 72, 73.

5. ISEZERANO KURI TWEBWE

Kuwa 20 nyanda

- a. Ni iryaha sezerano ryiza Yesu yasigiye abigishwa biwe bahura n'ibigeragezo vyiy'isi mbi? Matayo 28:20.

“Igihe Kristo yaduga mw'ijuru, abamukurikira bagumye biyumvako akiri kumwe nawe. Vyasa naho arikumwe nabo, buzuye urukundo n'umuco. Yesu Umukiza, uwagendanye akavugana nabo mbere agesengana nabo, uwavugana icizere agahumuriza imitima yabo. igihe ubutumwa bw'amahoro bwari bukiri kuminwa yiwe, yakuwe muribo aduzwa mw'ijuru, Ijwi ryiwe ryagarutse kuribo nk'igicu igihe Abamarayika bamwakira – ‘Umve ndikumwe namwe iminsi yose kugeza k'umuhero w'isi’, Matayo 28:20.”—*Gutumbera Yesu*, pp. 73, 74.

- b. N'ubwahe butumwa Kristo yasigiye abigishwa biwe ngo bashobore kumenya ico gukora mugihe bamukeneye? Yohana 16:23, 24; 14:16-18.

“Igihe bari bakoraniye hamwe inyuma y'iduzwa rya Yesu bari bafise inyota yogushikiriza ibisabo vyabo kuri Data mw'izina rya Yesu. Bamanitse amaboko y'ukwizera hejuru cane mu majambo akomeye cane, ‘Ni Kristo yapfuye, mbere yazutse kandi, ari uburyo bw'Imana akaba n'umuhera wacu’ Abaroma 8:34 . Kumunsi wa pantekote baronse uwubahumuriza, uwo Kristo yari yaravuze, ‘Azobana namwe’. kandi yari yarabivuze neza , ‘Birabereye ko ngenda : ariko ni ntagenda , umwitsa ntazobazako; ariko ninagenda nzomubarungikira. Yohana 14:17; 16:7. Aha binyuze muri Mpwe yera, Kristo yategerezwa kuguma mumitima y'abana biwe . Ubumwe bwabo nawe bwari ubwahafi cane gusumba uko bwari igihe yarikumwe muburyo bw'umubiri. Umuco n'urukundo n'ububasha vyari muri Kristo vyakayangana binyuze kuri bo, kuburyo abantu babihweza batangara bakamenyako barikumwe na Yesu. Ivyakozwe n'intumwa 4:13.”— *Ibid.*, pp. 74, 75.

IBIBAZO VYO KWISUZUMA KURI BURI WESE

Kuwa 21 nyanda

1. Nimba dukura nkivyaremwe, nigute dukeneye ubufasha buva mw'Ijuru?
2. Nkuko ibiterwa bikenera amazi kugira bikure, nigiki dukeneye kugira ngo dukure mu vya Mpwemu?
3. Nigiki gituma ukwihereza Imana umusi ku munsi ari ngombwa k'umuntu kugiti ciwe?
4. Nikuki Imana yipfuzako tutisunga ubwenge bwacu ariko tukiyumvira kuri Yesu imisi yose?
5. Ni irihe sezerano ryaburi munsi rikwiye kuba iry'ukuri mubuzima bwa buri mwizera wese?

IGIKORWA HAMWE N'UBUGINGO

Umurongo wo gufata k'umutwe: “Arikw’abamwakiriye bose yabaye ububasha bwogucika abana b’Imana, nib o bizeye izina ryiwe’ (Yohana 1:12).

Ibitabo vyifashishijwe: *Gutumbera Yesu*, igice 9, pp. 77–83.

“Mpwemu y’urukundo rwa Kristo rwitanga ni yo Mpwemu y’ubugorotsi bw’ijuru bwuzuyemwo, kandi ni yo mushinge wumunezero waryo. Iyo ni yo Mpwemu abakurikira Kristo bazogira, ari na co gikorwa bazokora.”—*Gutumbera Yesu*, p. 77.

1. UBUGINGO HAMWE N’UMUCO

Kuwa 23 nyanda

- a. Nigiki umutima w’ivy’isi uhinyura —kandi n’ingaruka izaha ziva kuri ivyo?
Yohana 1:4, 5.

“Imana niyo soko y’ubuzima, n’umuco, umunezero ku biremwa vyose. Nk’uko imishwarara y’izuba ikwirahose, nk’uko imigezi y’amazi iva mw’isoko y’ukuri, imigisha iva kuri We igashikira ibiremwa vyose. Kandi aho hose ubuzima bw’Imana buri mu mitima y’abantu, buzoshikira ku bandi mu rukundo no mu migisha.”—*Gutumbera Yesu*, p. 77.

- b. Nibiki bizobonekana mubuzima igihe urukundo rwa Kristo rwakiriwe mumutima? 2 Abikorinto 2:14, 15; 5:14.

“Iyo urukundo rwa Kristo ruri mu mutima nk’uko umubavu mwiza udashobora guhishwa, niko n’ingaruka zarwo zera zizokwumvikana kuri bose duhura nabo. Mpwemu ya Kristo mu mutima imeze nk’isoko mu bugaragwa, idudubiza amazi yo kumara inyota bose, igatuma abari hafi gupfa bashaka kunywa amazi y’ubuzima. **Ibid.**, p. 77. Tureke isi ibone ko tudafashwe n’ubwikunzi bwo kwibera mu nyungu zacu gusa, ahubwo ko dushaka ko abandi basangira imigisha n’ivyiza twahawe. Batebuke babone ko ubutumwa bwacu butadutuma tuba abantu batagira impuhwe canke abipfuzwa cane. Abo bavuga ko basanze Kristo, bakore nk’uko We yabikoze, kugira ngo bagirire akamaro abantu.” *Uwipfuzwa ibihe vyose*, p. 152.

- a. Nicahe kintu duhabwa igihe twemeye Yesu nk'Umukiza wacu?
Yohana 1:12, 13; 1 Abikorinto 1:4, 5; Abaroma 5:1, 2.
-

“Abakira ubuntu bwa Kristo bazotegerezwa kwitanga ku bintu vyose, kugira ngo abandi Kristo yapfiriye basangire ingabire y’ijuru. Bazokora uko bashoboye kwose kugira ngo isi iboneke neza mu gihe baba bayirimo. Iyi Mpwemu ni yo y’ukuri igaragaza ko umutima wahindutse. Umuntu akimara kuza kuri Kristo, mu mutima wiwe havuka icipfuzo co kumenyesha abandi incuti nziza yasanze muri Yesu; ukuri gukiza kandi kweza ntikwugururirwa mu mutima. Iyo twambaye ukugororoka kwa Kristo kandi twuzuye umunezero wa Mpwemu yiwe aba muri twebwe, ntituzoshobora guceceka. Iyo twamaze gusongera no kubona ko Umwami ari mwiza, tuzoba dufise ico tuvuga. Nk’uko Filippo yabigenjeje amaze gusanga Umukiza, natwe tuzotumira abandi ngo baze aho ari.”—*Gutumbera Yesu* p. 78.

- b. Ni impanuro ki duhabwa n’intumwa Paulo igihe duhuye n’ingorane hamwe n’ibigeragezo? Abaheburayo 4:16.
-

“Yesu azi ivyo abana biwe bakeneye, kandi akunda kwumva amasengesho yabo. Reka abana bavavanure n’isi n’ibintu vyose vyoshobora gukurura ivyiyumviro vyabo kure y’Imana, ahubwo bumve ko bari bonyene n’Imana, ko ijisho ryayo ryihweza mu mutima w’imbere kandi rikamenya icipfuzo c’umutima, kandi ko bashobora kuvugana n’Imana.”—*Abahungu n’abakobwa b’Imana*, p. 121.

- c. Igihe duhindutse abana b’Imana, n’igiki tugira nk’umwenda kubandi? Abaroma 1:14, 15.
-

“Ni mubwahe buryo Pawulo yari mu mwenda ku bayuda hamwe no kubagiriki? Kuriwe yari yahawe igikorwa, nk’uko cari cahawe kuntumwa za Kristo, Nuko nimugende, mwigishe mu mahanga yose, mubabatize mw’izina rya Data, ni ry’Umwana, ni rya Mpwemu Yera; mubigishe kwitondera ivyo nabageze vyose: umve ndikumwe namwe iminsi yose kugeza k’umuhero w’isi. Mukwemera Kristo, Pawulo yemeye iki gikorwa. Yasobanukiwe ko kuri we ko hari inshingano yogukora kumigwi yose y’abantu kubayuda n’abanyamahanga, abize n’abatize, abo bose bafise imyanya yo hejuru hamwe nabaciriritse muv’ubuzima.”—*Ubusobanuro bwa Bibiliya bw’Abadventiste b’umusi w’indwi* [E. G. White comments], vol. 6, p. 1067.

- a. Nimba Mpwemu Yera ari mu mitima yacu, nigiki kizoba icambere mubikorwa vyacu? Yohana 1:41, 42.

“Dusabwa kwereka ibishikana abandi kuri Kristo n’ukuri kutaboneka kw’isi izoza. Hazoba imbaraga zikomeye z’ivyipfuzo vyo gukurikira munzira Yesu yanyuzemwo, nokurindirana igishika abo bose badukikije bashobore kwihweza umwagazi w’intama w’Imana akuraho ivyaha vyabari mw’isi.” Yohana 1:29.

“Ishaka ryo guhezagira abandi rizogira umuhezagiro kuri twebwe ubwacu. Ibi vyari umugambi w’Imana mukuduha ukaryo ko gukora m’umugambi w’icungura. Yahaye abantu akaryo ko kuba abasangira kuri kamere y’ijuru, kandi mugusubiza, no mugukwiragiza imigisha kuri bagenzi babo Iki ni icubahiro c’ukuri, umunezero mwinshi usumba ibintu vyose, Imana ishobora guha abantu. Abinjira mubikorwa vy’urukundo begerezwa cane k’Umuremyi wabo.

“Imana yashobora kuzeza Abamarayika bo mw’ijuru ubutumwa bwayo, hamwe n’igikorwa c’urukundo. Yashobora gukoresha ubundi buryo mugushira mungiro intumbero yayo. Ariko m’urukundo rwayo rudahera yahisemwo kutugira abakorana nayo ubwayo hamwe na Kristo n’Abamarayika, kugira dushobore gusangiza imigisha ,umunezero, ndetse no gukura muvya Mpwemu, ivyo bigira ingaruka mugikorwa kitagira ukwikunda. Tuzanwa mu mpuhwe za Kristo binyuze mukugirana ubucuti bwo mu mibabaro yiwe. Buri gikorwa cose cokwitanga kuciza kubwabandi bikomeza Impwemu y’ubugiraneza mumutima w’uwutanga, akifatanya cane n’Umucunguzi w’isi, ‘Yuko naho yari umutunzi ,yahindutse umworo kubwanyu, kugira ng’ubworo bwiwe bubatungishe. 2 Abikorinto 8:9. Kandi ni uko gusa twuzuzamugambi w’Imana mw’iremwa ryacu ,ariho ubuzima bushobora kuba umugisha kuri twebwe.’” —*Gutumbera Yesu*, pp. 78–80.

- b. Ni akahe karorero ka Kristo gashobora kutuyobora mubucuti bwacu n’abavukanyi n’incuti? Abigiratiya 6:9, 10; Yohana 9:4.

“Niwakora igikorwa nk’uko Kristo yategetse abigishwa biwe ko bazana imitima kuri we, uzokumvako ukeneye ubunararibonye n’ubumenyi buhambaye mubintu vy’ijuru, uzogira inzara n’inyota nyuma y’ubugorotsi. Uzotakambira Imana, ukwizera kwawe kuzokomezwa, kandi umutima wawe uzonywera cane kw’isoko y’agakiza. uzohura n’abakugwanya, ibitsitaza bizogutera gusoma Bibiliya no gusenga. Uzokurira m’ubuntu kandi Ubwenge bwa Kristo buzoteza imbere ubunararibonye.” —*Ibid.*, p. 80.

- a. Vuga imwe mungorane ihambaye kuri twebwe nk'abagize ishengero uyu muni. Malaki 3:8-10.

“Ubu hari akaga gakomeye kubavugako bitondera isabato mukwirundaniriza ubutunzi. Bamwe bakomeza kwiyongera mubikorwa vyabo; bararemerewe. Ingaruka yavyo nuko Imana hamwe nivy yipfuzza bisa nkaho vyibagiranye; bapfuye muvya Mpwemu, basabwa gutanga ibimazi hamwe n'amaturu. Ibimazi ntivyiyongeraga ahubwo bikomeza kugabanuka. Ubutunzi bwinshi mubantu bacu buriko bubagirako ingaruka mbi kubabufashe bakabugumako.”—*Ibishingira intahe ishengero*, vol. 1, p. 492.

- b. Nizahe ngeso z'ubukirisu zifasha abizera gukurira mubuntu no mubumenyi bw'umwami Yesu Kristo? 1 Petero 4:8-10; Abaheburayo 13:2.

“Akaryo katanzwe kuri Aburahamu na Loti ntikaretswe gutangwa kuritwe. Binyuze mukwakira abana b'Imana natwe dushobora kuronka Abamarayika mungo zacu. Co kimwe muri iki gihe cacu Abamarayika mw'ishusho y'umuntu binjira mungo z'abantu bakaganira nabo. Abakirisitu baba mumuco w'ubwiza bw'Imana bama baherekezwa imisi yose n'Abamarayika bataboneshwa amaso kandi ibi biremwa vyeranda bigahezagira ingo zacu.”—*Ibid.*, vol. 6, p. 342.

- c. Nigiki gikenewe gushigwa mungiro n'Abizera uyu muni? 2Abikorinto 10:16.

“Abagize amashengero yacu bashobora guheraheza igikorwa ico batigeze batangura. Ntanumwe abwirizwa kwimukira(kuba) mukibanza gishasha gusa kubw'inyungu z'ivyisi, ariko kiretse hari uburyo bwokuronka uburaro n'uburamuko, nimureke imiryango ishikamye m'ukuri, umwe canke ibiri ize muri ico kibanza, ikore igikorwa c'ivugabutumwa. Nibagirire urukundo imitima, bayikorere, kandi bige icigwa c'ukuntu bayizana k'ukuri. Bashobora gutanga ibinyamakuru vyacu vy'ijambo ry'Imana, bakagira amakoraniro mungo zabo, bakamenyana n'ababanyu babo, kandi bakabatumira muri aya makoraniro. Uku niko bashobora kureka umuco wabo ugasayanga binyuze mubikorwa vyiza.”—*Ibishingira intahe ishengero*, vol. 8, p. 245.

“Imana imaze igihe irindiriyeye ko ishengero rikora igikorwa ca Mpwemu Yera kugira umuntu wese ayikorere hakurikijwe ubushobozi bwiwe. Hamwe abagize ishengero ry'Imana bokora igikogwa bashinzwe ahantu gikenewe, mungo no mubindi bihugu, mugushira mungiro igikorwa c'ubutumwa, isi yose yoburigwa vuba, Umwami Yesu akagaruka kur'iy'isi mu nkomezi n'icubahiro gihambaye.”—*Ivyakozwe n'Intumwa*, p. 111.

- a. Nigiki citezwe nabo bose bahawe ubutumwa cane cane abakozi? 1 Abikorinto 4:1, 2; Ivyahishuwe 2:10.

“Ni akaryo kubarinzi bari ku nkike zi Siyoni kuba hafi cane y’Imana, no kwumvira vyihuse ivy’Impwemu yiwe, kugira ngo Imana ibakoreshe mu kubwira abanyavyaha akaga kabo no kuberekeza ahari ubuhungiro. Batoranijwe n’Imana, bashizweho ikimenyetso c’amaraso y’ukwiyegurira, batoranijwe mu gukiza abagabo n’abagore bahunge ukurimbuka kubegereye. Mu kwizerwa, bagomba kuburira bagenzi babo ivy’ingaruka z’ukwica amategeko, kandi mu kwizerwa bagomba kurinda inyungu z’ishengero..” — *Gospel Workers*, p. 15.

- b. Ni akahe karorero Daniyeli yatanze ku basore (kubakiri bato) b’uyumunsi? Daniel 1:8, 15.

“Umwami arashaka ko twiga icigwa kivuye ku bumenyi bwa Daniyeli. Hari benshi boshobora kuba abagabo b’inkomezi, nk’uyu Muheburayo w’intahemuka, bakisunga Imana kugira ngo ibahe ubuntu bwo gutsinda, n’inkomezi n’ubushobozi mu mirimo yabo. Daniyeli yerekanye ubuntu bwuzuye, ku bakuze no ku runganwe rwiwe. Yahagaze nk’icabona c’Imana, kandi akomeza kugendera mu nzira itazomutera isoni imbere y’ijuru mu majambo yiwe canke mu bikorwa vyawe. Igihe Daniyeli yasabwa gufungura ku binoboye vyo kumeza y’Umwami, ntiyigeze yigaragaza mu gahinda, kandi ntiyigeze yerekana ingingo yo gufungura no kunywa uko yishakiye. Ataco avuze mu kwiyamiriza, Daniyeli yashikirije ico kibazo Imana. We n’abo bari kumwe barasavye ubwenge ku Mukama, kandi bamaze gusenga bivuye ku mutima ingingo yarafashwe. Mu butwari nyakuri no mu bugwaneza bw’ukwemera, Daniyeli yashikirije ico kibazo ku musirikare yari abashinzwe, amusaba ko boronswa ifunguro ryoroheje. Abo basore bumvise ko ivyizerwa vyabo vy’ukwemera biri mu kaga, ariko bizigira Imana, iyo bakunda kandi bakorera” — *Testimonies to Ministers*, p. 263.

IBIBAZO VYO KWISUZUMA KURI BURI WESE

1. Ni gute isi yarimeze vyatumye Imana iyikwiza umuco?
2. Iyo umugisha wakiriwe, nigiki gishobora kuba inyishu?
3. Sobanura inzira zimwe umwe wese ashobora gukorera abandi?
4. Erekanza zimwe munzira izo umwe muri twebwe ashobora gukorera abandi?
5. Ni gute ukwizera kwa Danieli kuntera intege?

Amaturo y'isabato ya mbere

Isabato yo 5 Nyakanga 2026



Ishure ryigisha abavugabutumwa ivyigwa vya Bibiliya muri filipine

Nkuko twibutswa igikorwa gihambaye co kuja mw'isi yose tugahindura abantu abigishwa, tugomba gufata ingingo. Ishure ryigisha ivyigwa vya Bibiliya ni ikigo cyemeje gutegura no gushira abakozi m'uruzabibu rw'Umwami. Iki kigo kuva gitangura mu kwezi kwa Ruhuhuma umwaka wa 1984 cabaye itara ry'umuco, rihindura imitima n'ubwenge bwabo bose bafise umwete wogukwiragiza ubutumwa mu mahanga yose. Abanyeshure benshi bahejeje integuro y'imyaka ibiri biga, iki kigo cabarungitse kuba abavugabutumwa mubindi bihugu, abenshi muri bo ni abayobozi, abandi ni abakozi bavuga ubutumwa bw'agakiza mu mazinga abamwo abantu muri filipine ahaherereye muri Cabatang, Tiaong, intara ya Quezon muri firipine.

Ishure ry'ivyigwa vy'abavugabutumwa ryakoze ata gucika intege kugira ritegure urufatiro rukomeye rw'Ivyanditswe ku bifuza kuba abavugabutumwa, haba muri Filipine no mu karere kose ka Pasifike. Iri shure ryatanze ahantu abanyeshure bashobora kuba, kwigira ururimi rw'icongereza, no kwigishwa kuba abavugabutumwa, abashikiriza Ivyanditswe mu ngo (canvassers), abakozi bajejwe kwita kumagara y'abantu (Health care), hamwe n'abayobozi bakenewe cane muri iki gihugu no mu mahanga. Ryarakoreshejwe kandi nk'ahantu hashobora gukorerwa amasemineri y'imyimenyerezo, inama z'urwaruka, hamwe n'inama zikomeye.

Uko igikorwa c'ivugururwa cakuze muri Filipine, vyabaye ngombwa cane ko iri shure ryagurwa kandi rikanonosorwa kugira ngo ribandanye gukorera ivyotuma igikorwa c'Imana gitera imbere mu bihe bizokurikira. Kubwiyo mvo, hari n'imigambi yo gukorera Inama Nkuru y'Ishengero (General Conference Session) ng'aha nyene kuri iri shure. Mbega umugisha ukomeye ko haba ikibanza cokwakira abizera, aho ivyiyumviro vy'ivugabutumwa n'ukubungabunga mu vy'impwemu bizoshirwa imbere!! Kubw'ubwitange bwanyu, amaturo y'Isabato ya mbere azoba igikoresho gikenewe cane mukwagura iki kigo. Mugihe dutanga nimureke twibuke aya majambo dusanga mu 2 abikorinto 9:7, 'Umuntu wese atange nk'ukabigabiye mumutima wiwe, atababaye cank'atagoberewe, kukw'Imana ikunda utanga anezerewe.'."

Reka impano zanyu ziteze imbere iki kigo, zikomeze igikorwa caco kandi zitegure abakozi mu kwamamaza ubutumwa bw'ibihe vyose. Nimureke dutangane ukwizera n'umunezero, tumenyeko infashanyo yacu izokwama ivyamwa vy'ibihe vyose mu bwami bw'Imana.

Murakoze, kandi Umwami abahezagire cane igihe mutanga!

Ni bene So muri Filipine.

UBWENGE BW'IMANA

Umurongo wogufata k'umutwe: “Ugira ubwenge wese azoshira umutima kur'ivywo, kandi bazokwitegereza imbabazi z'uhoraho” (Zaburi 107:43).

Ibitabo vyifashishijwe: *Gutumbera Yedu*, igice 10, pp. 85–91.

“Mubwenge bw’Imana niho har’isoko y’ubwenge nyakuri n’iterambere.”—*UBUREZI*, p. 14.

1. IMANA YIYEREKANA UBWAYO

Kuwa 30 nyanda

- a. Nivyahe bintu mur’iy’isi Imana ikoresha ishaka kwiyegezeza abantu? Zaburi 19:1–6; Imigani 2:1–5.

“Imana ica munzira nyishi mukutwimenyekanishako no kuduhuza nayo. Ivyaremwe bivugana n’ubwenge bwacu ubudasiba. Umutima wugurutse, uzuzuzwa urukundo n’ubwiza bw’Imana nkuko bihishurirwa mu bikorwa vy’amaboko yayo. Amatwi yumva ashobora kumva kandi agatahura ukuvugana kw’Imana binyuze muvyaremwe, Imirima itotahaye, ibiti birebire bishuritse amashurwe, ikirere, ukugwa kw’invura, amajwi y’inzuzi, ubwiza bw’ikirere bivugana n’imitima yacu kandi bikadutumirira kumenyana nuwabiremye vyose.”—*Gutumbera Yesu*, p. 85.

- b. Nigiki Yesu yakoresha mugutahuza ukuri mubwenge bw’abamwumviriza? Matayo 13:3, 34.

“Umwami wacu yashimangiye ivyigwa vyiwe bihambaye abinyujije mu vyaremwe. Ibiti, inyoni, amashugwe yo mu myonga, udusozi, ibiyaga, ikirere ciza ndetse hamwe n’ibidukikije n’ibiba mubuzima bwa minsi yose, vyose vyashizwe hamwe mumajambo y’ukuri, kugirango ivyigwa vyiwe bishobore kuguma vyibukwa mubwenge mbere no mubikorwa vy’umuntu vyo mubuzima bwa minsi yose. Imana yipfuza ko abana bayo bahimbagwa nivyo yakoze, kandi bakanezerwa kubwiza butuje kandi bworoheje yahaye isi yacu.”— *Ibid.*

- a. Ni icahe cigwa gishobora kwigirwa kuvyaremwe dufatiye kukarorero k'amashugwe, inyoni hamwe n'inyenyeri? Abaroma 1:20; Ivyakozwe n'intumwa 14:17.

“Mukwiga ivyubuhingatugomba kuronka ubumenyi bw'Umuremyi. Ubuhinga bwose nyabwo n'ubusobanuro bw'ikimenyetso c'Imana mubiremwa vyo mw'isi. Ubuhinga mubushakashatsi bwayo buzana ibimenyetso vy'ubwenge n'inkomezi vy'Imana. Iyo bitahuwe neza, vyose n'igitabo c'ivyaremwe hamwe n'ijambo ryanditswe, bikatumenyeshya Imana mukutwigisha kumategeko y'ubwenge bubereye binyuze muvya yakoze”—*Abakurambere n'Abahanuzi*, p. 599.

“Nitwumviriza gusa ivyo Imana yaremye bizotwigisha ivyigwa bikomeye vyokugamburuka no kwizigira. Uhereye ku nyenyeri zigendagenda munzira zazo mukirere ,zikurikiza munzira zazo uko zashinzwe kuva kugihe ugashitsa kukindi cagenywe, gushika kukantu gato cane, ibintu vyo muvyaremwe vyubaha Ubugombe bw'Umuremyi. Imana yitaho kandi igakomeze buri kintu cose yaremye.”— *Gutumbera Yesu*, pp. 85, 86.

- b. Igihe twihweza ubwiza hamwe n'amahoro ku vyaremwe bitonywe, nigiki gishobora kwibukwa mw'isi yasezeranywe? 1 Abikorinto 2:9; Ivyahishuwe 21:1.

“Nimwihe ishusho y'urugo rwabacunguwe, hanyuma mwibuke ko ruzoba rwiza gusumba uko ubwenge bwanyu bubishushanya. Mumpano zitandukanye z'Imana tubona umuco muke cane w'ubwiza bwiwe.”— *Ibid.*, pp. 86, 87.

“Ishengero ry'Imana ryahawe amayerekwa y'intumbero ihoraho ya Yehova . Abantu biwe bemerewe kureba ibigeragezo vy'ikigihe hamwe no kuntsinzi yo muri kazoza., igihe intambara izoba irangiye abacunguwe bazinjira baragwe igihugu casezeranywe. Aya mayerekwa y'ubwiza buzoza ,ni ishusho yakozwe n'ibiganza vy'Imana ,ibwirizwa kuba ingirakamaro kw'ishengero ryayo uyumunsi. ”—*Abahanuzi n'Abami*, p. 722.

Muri Bibiliya havugako iragi ry'abacunguwe ari 'Igihugu' Abaheburayo 11:14-16. Aho niho Umwungeri ayoborera umukuku wiwe ku masoko y'amazi y'ubugingo. Igitu c'ubugingo cama uko ukwezi gutashe, ibibabi vyaco bizoba ivyo kuvura amahanga. Hari imigezi idakama, ikayangana nk'ibirahuri, kandi iruhande yayo hari ibiti bitanga agatutu ku nzira yateguriwe abacunguwe b'Uhoraho. Hari ibiyaya binini vy'ubwiza, imisozi miremire cane. Kuri ivyo biyaya vy'amahoro, iruhande y'amasoko y'amazi y'ubugingo, aho niho abayereye igihe kirekire murugendo bazoronka icumbi. (niho bazoba) ”—*Intambara ihambaye*, p. 675.

- a. Ni ivyahe vyigwa vyingenzi dukura kuntumwa biduha umwete mugihe c'ibigeragezo no gucika intege? Yakobo 5:17; Abaroma 8:28; 1 Yohana 5:14.
-
-

“Mubibazo n'ibigeragezo bidukikije, mw'ihindagurika ryaburi muni, dushobora kuronka ivyigwa bihambaye mugihe imitima yacu yuguruye tukabitandukanya (Abahanuzi n'Abami) 'yari umuntu ameze nkatwe'. Yakobo 5:17. Tubona ingene bagwanyeye mugihe co gucika intege, ibigeragezo nk'uko natwe bitubako, ariko bakomeza umutima bagatsinda binyuze m'ubuntu bw'Imana; kandi igihe twihweje, turakomezwa mubigeragezo vyacu mugihe c'ubugororotsi — *Gutumbera Yesu*, pp. 87, 88.

- b. Nimba Imana yitaho ivyaremwe, nigute izorushiriza kubana bayo? Zaburi 107:43; 145:15, 16.
-
-

“Ivyaremwe hamwe n'ivyahishuwe bitanga igishingantahe c'urukundo rw'Imana. Data wacu wo mw'ijuru n'isoko y'ubuzima, ubwenge hamwe n'umunezero. Itegereze ibitangaza n'ubwiza bw'ibintu vyo muvyaremwe. Iyumvire ihindagurika ritangaje kubikenewe n'umunezero, bitari vy'umuntu gusa ahubwo no kuvyaremwe vyose bifise ubugingo. Izuba ryaka hamwe n'imvura igwa bigira isi neza bikayisubiza itoto, imisozi, ibiyaga hamwe n'ibiyaga, vyose bivugana natwe urukundo rw'Imana.” — *Ibid.*, p. 9.

- c. Nigiki isezerano ry'Imana ryokwitaho rituyoborera kwiyumvira? Matayo 6:30-34.
-
-

“Igihe twerekeje amaboko yacu mugukora ibintu twategerezwa gukora, tukishimikiza ubwenge bwacu mugutera imbere, tuba turiko twikorera umutwaro Imana itaduhaye, kandi tuba turiko turawutwara atabufasha bwayo, tuba turiko twiha inshingano z'Imana bikabonekako twishize mukibanza cayo. Dushobora guhangayika kandi tukagira n'uruhombo, kandi ivyo bitubako. Ariko igihe twizeye vy'ukuri ko Imana idukunda kandi ko idukorerwa ivyiza tuzoreka guhangayika kuvyo muri kazoza. Tuzokwizigira Imana nkuko umwana yizigira umuvyeyi amukunda” — *Ivyiyumviro vyo k'umusozo w'imigisha*, pp. 100, 101.

- a. Ni hehe Kristo yashize ivyahishuwe vy'ukuri vy'Imigambi y'Imana yo gukiza abantu?? Yohana 5:39; Yesaya 34:16.
-

“Imana ivugana natwe binyuze mw'ijambo ryayo. Hano dufise imirongo isobanutse yihishugwa ry'imico yayo, uburyo ikorana n'abantu hamwe n'igikorwa gihambaye co gucungura.”—*Gutumbera Yesu*, p. 87.

- b. Ni ibiki bikwiye gukorwa buri musi n'abipfuzaga gukura mu nkomezi no mu bubasha bw'Imana? Yohana 6:53, 63; Abikorosayi 3:1, 2.
-

“Iciyumviro nyamukuru co gucungurwa ni kimwe mu bintu abamarayika bipfuzaga kwihweza; kizoba ari ubuhinga n'indirimo vy'abacunguwe mu bihe vyose bidahera. Mbega ntigikwiye kwihweza no kwigwa neza muri iki gihe? Imbabazi zidahera n'urukundo rwa Yesu, igitambo catwanzwe ku bwacu, bisaba kwiyumvira bihambaye kandi vy'ukuri. Dukwiye kwibanda kuri kamere y'Umucunguzi wacu n'Umuhuza wacu. Dukwiye kuzirikana ku gikorwa c'uwo yaje gukiza abantu biwe mu vyaha vyabo. .”—*Ibid.*, pp. 88, 89.

- c. Nigute tugomba gushira ijambo ry'Imana mu mitima yacu? Matayo 4:4; 2 Timoteyo 2:15.
-

“Nta n'umwe afise umutima wo kwitaho inyigisho za Mpwemu ashobora gusoma igice kimwe gusa mu Vyanditswe Vyera ataronseko icyumviro c'ingirakamaro. Ariko inyigisho zifise agaciro kuruta izindi mu Vyanditswe Vyera ntizironkwa biciye gusa mu kwiga rimwe na rimwe canke mu kwiga bitajanye. Uburyo bw'ukuri bwayo ntibwerekanywe ku buryo bworoshe ngo bwumvikane n'uwusoma mu buryo bwihutirwa canke butitondewe. Ubwinshi bw'amatungo yayo buri kure cane muni, kandi bushobora kuboneka gusa biciye mu kwihweza no mu kwiga. ‘hamwe tumwe ahandi utundi’”Yesaya 28:10.

“Iyo vy'ukuri vyihwejwe kandi bigashirwa hamwe, biboneka ko bihuye neza hagati yavyo. Ubutumwa bwiza ni inyongera ku bundi, ubuhanuzi bumwe ni insobanuro y'ubundi, ukuri kumwe kwose ni iterambere ry'ukuri kwu kundi. Ibisanzwe vy'ivyahera vy'Abayuda bisobanurwa neza n'ubutumwa bwiza. Ihame ryose riri mu jambo y'Imana rifise ikibanza caryo, ukuri kwose gufise ico gushingira. Kandi igisata cose, mu migambi no mu bikorwa, gitanga ubuhamya ku Mwanditsi waco. Igisata nk'ico nta bwenge bw'umuntu bwoshobora kugitekereza canke kugishushanya, atari ubwenge bw'Uhoraho.”—*Uburezi*. pp. 123, 124.

- a. Nigiki cazaniye ihumure n’ubufasha Yeremiya mubihe vyive bigoye? Yeremiya 15:16.

“Nta kintu na kimwe gishobora gukomeza ubwenge kuruta kwiga Ivyanditswe Vyera. Nta gitabu na kimwe gifise ububasha bwo kugukuzza iviyumviro, no guha inkomezi n’ubushobozi bw’umuntu, nk’ukuri kwagutse kandi kw’iteka kugaragara mu Vyanditswe Vyera. Ijambo ry’Imana ryizwe uko bikwiye, abantu boronka ubwenge bwagutse, kamere y’iteka, hamwe n’ugukomera kw’imigambi, ibintu biboneka gake cane muri iyi misi..”—*Gutumbera Yesu*, p. 90.

“Uwuhanga cane amaso yiwe ku Vyanditswe Vyera mu gusenga no mu kwitondera, aronka kumenya neza no kugira ubushishozi bwiza, nk’aho mu kwiyegereza Imana aba ashitse ku rugero rwo hejuru rw’ubwenge..”—*Mind, Character, and Personality*, vol. 1, p. 95.

- b. Nigute ivyanditswe vyera bigomba kwigwa kandi nigiki gitegerezwa gukurikira kwiga Bibiliya? Zaburi 119:9, 11, 16.

“Ukuri kw’Imana, kumeze nk’izahabu, ntikuba buri gihe hejuru y’ijisho; kuboneka gusa biciye mu kwiyumvira vyimbitse no mu kwiga. Nk’uko umucukuzi w’amabuye y’agaciro abona imiyonga y’izahabu yihishije muni y’ubutaka, ni ko uwushakashaka Ijambo ry’Imana abigiranye ukwihangana nk’uwurondera itunga rinyegejwe azoronka ivy’ukuri bifise agaciro kanini, vyihishije ku maso y’uwusoma avyitondeye. Amajambo y’inyigisho z’Imana, iyo ashizwe ku mutima, aba nk’imigezi iva kw’isoko y’ubuzima. Bibiliya ntigomba kwigwa hatabanje kubaho isengesho.

Mbere y’uko dufungura impapuro zayo dukwiye gusaba umuco wa Mpwemu Yera, kandi izotangwa. Abamarayika bava mu gihugu c’umuco bazoba kumwe n’abarondera ubuyobozi bw’Imana babigize n’imitima yicishije bugufi.”—*Gutumbera Yesu*, p. 91.

IBIBAZO VYO KWISUZUMA KURI BURI WESE

Kuwa 4 nyakanga

1. Ni ubwahe buhinga bwo kwigisha umukiza yakoresheje mukwiyegereza abantu?
2. Ni gute Imana yateguye uburyo bwo kwiyerekana ku bantu bose—harimwo n’abatagira uburyo bwo kuronka Ijambo ryayo?
3. Nibiki bishobora kwigwa binyuze mumigambi y’Imana?
4. Ereka inyifato tugomba kugira igihe dusoma Bibiliya nk’ivyahishuwe vy’Imana.
5. Ni ubwahe bunararibonye bwa Yeremiya twisunze ivyanditswe vyera bugomba gusubirwamwo?

UBUBASHA BW'ISENGESHO

Umurongo wo gufata k'umutwe: “Ariko weho, iy'usenga, uje haruguru mu nzu yawe, wugare urugi, usenge So aba mumpisho, kandi So, akuboneye mumpisho azoguhera.” (Matayo 6:6).

Ibitabo vyifashishijwe: *Gutumbera Yesu*, Igice 11, pp. 93–104.

“Isengesho n'urwinjiriro rw'umutima ku Mana nk'incuti. Ntiriba ngombwa gusa kugira twimenyekanishe ku Mana ico turi, ariko ni kugira ridushoboze kuyakira. Isengesho ntrizana Imana aho turi ahubwo niryo ritwegereza ku Mana.”—*Gutumbera Yesu*, p. 93.

1. Umutakamvyi Mukuru

Kuwa 6 nyakang

- a. Nigiki Yesu yabonye gikenewe nk'umwana w'umuntu? Luka 5:16; Mariko 6:46.

“Itegereze Umwana w'Imana apfukamyeye asenga Se! nubwo yari umwana w'Imana, ukwizera kwakomezwa n'isengesho, kandi kugirana ubumwe n'ijuru vyamuha inkomezi zo gutsinda ikibi hamwe nogukorera abantu ivyo bipfuza. Nkumwe mubakurambere bacu, azi ibikenewe vyose kuri abo bose babangamiye n'ubumuga, baba mw'isi y'icaha n'ibigeragezo, kandi bipfuza kumukorera. Arazi abakozi abo abonako bakwiye gukora ariko ari abanyantegenke, nabata inzira; ariko abitanga ubwabo kugikorwa ciwe abasezeranira ubufasha buva mw'ijuru. Akarorero kiwe ni ubwishingizi bw'ukuri, ugutakamba kwiwe ku Mana mu kwizera, kwari ukwizera gushimikiye ku Mana, kutiziganya mwiyezwa ry'igikorwa ciwe kizoha akaryo kanzira abantu ubufasha bwa Mpwemu Yera muntambara yo kugwanya icaha.”—*Gospel Workers*, p. 511.

- b. Ni gute akamenyero ko gusenga ari akarorero kuri twebwe? Mariko 1:35; Luka 6:12.

“Yesu ubwiye yama asenga kenshi igihe yaba ari kumwe n'abantu.”—*Gutumbera Yesu*, p. 93.

- a. Nigute Yesu yigishije abigishwa biwe gusenga? Luka 11:1-4.
-

“Igihe Yesu yari kw’isi, yigishije abigishwa biwe gusenga. Yabayoboreye kwereka Imana ivyo bipfuza vya buri muni, ndetse no kuyiyegurira. Ubwo bwari uburizi yabahaye kugira ugutakamba kwabo kwumvikane, kandi ubwo burizi n’ubwacu natwe.....

Ni umuvandimwe mubibazo vyacu, yageragejwe muburyo bwose nkuko bitugendekera natwe, ariko kuko atigeze acumura, kamere yiwe yazinukwa ikibi; yihanganiye ibigeragezo no gukubagurwa kw’ubugingo mw’isi y’icaha. Ubumuntu bwiwe bwatumye gusenga biba ngombwa kandi biba ivy’iteka. Nimba Umukiza w’abantu, Umwana w’Imana, yamenye ko gusenga ari ivya nkenerwa, mbega ntibigomba kurushiriza kubanyantegenke, abanyavyaha bumvako gusenga ubudahwema aringombwa cane.”—*Gutumbera Yesu, pp. 93, 94.*

- b. Nigute Bibiliya isobanura ukwitanga kwa Kristo, kandi nigute iyi mpamvu yari ingirakamaro? Yesaya 50:4; Abaheburayo 2:10; 5:7-9.
-

“Nkuko yari afise ishusho y’umuntu, yiyumviseko akeneye inkomezi ziva kuri Se. Yari yaratoranije ikibanza co gusengeramwo. Yakunda guhorana na Se ahiherereye k’umusozi. Muri aka kamenyero ubweranda bwiwe, ubugingo bwa kiremwa muntu bwarakomezwa mubikorwa, ndetse no mubigeragezo vya buri muni. Umukiza wacu yisobanura ubwiwe n’ivyo dukeneye hamwe n’ubunyantegenke bwacu.kubwivyo yahindutse uwudusabira, uwutakamba mwijoro asaba Se gutanga inkomezi, aze amukomeze amubizemwo intege no kumukomeza mugikorwa ,n’ibigeragezo . Ni akarorero kacu mu bintu vyose”—*Ibishingira intahe ishengeru, vol. 2, pp. 201, 202.*

“Nabonye ko abakiri bato benshi batazi ukuri kw’ivyijambo ry’Imana. bakora ivyabo ariko bagashinga intahe bavugako ari abakozi b’Imana; ariko nimba batitandukanije nibibi bibaboshe ,bazobonako umugabane w’umunyavyaha ari uwabo. Bihitiyemwo inzira yoroshe gusumba kwiyanka no kwitanga kubw’ukuri. Kubijanye no gusenga batakamba basaba imbabazi n’ubuntu, inkomezi vyo kunesha ibigeragezo vya satani basanze bidakenewe kugira umwete n’ubwira vyogusenga,bashobora kubaho batabifise. Kristo Umwami w’icubahiro,yagenda wenyene mu bibanza vyo kumisozi no mu bugaragwa gusuka amaganya yiwe kuri Se; ariko umuntu wumunyavyaha ,atagira inkomezi ,yiyumvira ko ashobora kubaho atagusenga cane. *Ibid., vol. 1, pp. 504, 505.*

- a. Nigute Yesu yaduhishuriye imyifato ya Se kubikenewe kukiremwa muntu? Matayo 6:6; 7:7-11.
-

“Data wacu wo mw’Ijuru ahora arindiriye kuduha kumigisha yiwe itagabanije. Ni akaryo kaco ko kunywa kw’isoko y’urukundo rudahera. Mbega ukuntu bitangaje dusenga gake! Imana iriteguye kandi yifuza kwumva amasengesho y’abana bayo baciye bugufi, nubwo hibonekeza cane uguhigimanga kuruhande rwacu igihe tumenyeshya Imana ivyo twifuza.” —*Gutumbera Yesu*, p. 94.

“Imana ntiyibeshya, kandi ishaka kubona ivyiza kuri abo bagendera munzira ziwe. Nuko, sigaho gutinya nubwo utabona vyihuse inyishu y’amasengesho yawe. Umira kw’isezerano ryayo ry’ukuri, ‘ Nimusabe muzohabwa’ ”—*Ibid.*, p. 96.

- b. Nibiki bituma Uhoraho atumva ugutakamba kwacu? Zaburi 66:18; Imigani 28:13.
-

“Ubwenge bwacu bushobora kuguma ku Mana, tukiyumvira kubikorwa vyayo, imigisha yayo; ariko ibi ntibihagije igihe hatabayeho ukwiyunga n’Imana. Kugira twiyunge n’Imana tubwirizwa kugira icyo tuyibwira kubijanyeho n’ubuzima bwacu bwa none.”—*Ibid.*, p. 93.

“Niki Abamarayika bashobora kwiyumvira kubiremwa muntu bikenye bitagira ubufasha, vyama bihura n’ibigeragezo, igihe umutima w’Imana w’urukundo rudahera ubiyumvirako, ikama yiteguye kubaha ibirenze ivyo basavye canke ivyo biyumvira, kandi basenga gake, bakagira n’ukwizera guke? Abamalayika bakunda gupfukama imbere y’Imana, bakunda kuba hafi yayo, bakomeza ubwiyunge n’Imana bikababera nk’umunezero urenze kuribo, ariko abana bo mw’isi, bakeneye ubwo bufasha cane butangwa n’Imana yonyene, bahimbarwa no kugenda batagira umuco wa Mpwemu, ntibagirane ubucuti nawe. “Umwiza w’ikibi ubundikira abo bose birengagiza gusenga. Ijwi ry’umwansi ribongorerwa ribakwegera gucumura; ibi biba kuberako batakoreshye akaryo Imana yabahaye mw’isengesho ryatanzwe ry’ijuru .”—*Ibid.*, p. 94.

“Nimba tubandanya tugabitanya, canke tukaguma ducumura, Uhoraho ntazumva amasengesho yacu. Ariko isengesho ry’uwihana, n’umutima wicuza ryama ryemerwa iminsi yose. Igihe amakosa yose akosowe, dushobora kwizera ko Imana izumva ugutakamba kwacu. Ubutungane bwacu bwite ntibuzotuzanira Ubuntu bw’Imana; ahubwo n’ubutungane bwa Yesu buzodukiza, n’amaraso yiwe atwoza, ariko dufise igikorwa cogukora mu gukurikiza ibisabwa kugira ngo twemerwe.”—*Ibid.*, p. 95.

- a. Nivyahe bintu ngirakamaro bigize isengesho ritsinda ugereranije nirimaze nkiridafise intumbero? Abaheburayo 11:6; Mariko 11:24.
-

“Igihe tutaronse ibintu kugihe twabisabiyeko, tugomba kubandanya twizera Imana ko yumva kandi ko izishura amasengesho yacu. Turihenda cane kandi rimwe na rimwe ntitubone neza ko turiko dusaba ibintu bitatuzanira umugisha, Data wacu wo mw’ijuru yishurana urukundo amasengesho yacu mukuduha ibirushirije kuba vyiza ivyo natwe ubwacu dushobora kwipfuzwa mugihe amaso yijuru atumurikiye dushobora kubona ibintu vyose uko biri neza vyukuri. Igihe bibonekanye ko amasengesho yacu atishuwe, tugomba kuguma kw’isezerano, kuko vyukuri igihe co kwishurwa kizoshika, kandi tuzoronka imigisha twipfuzwa cane.”—*Gutumbera Yesu*, p. 96.

- b. Kugira ngo isengesho ryumvikane k’Uhoraho, ni iyaha mpwemu dukeye? Matayo 6:12; Mariko 11:25, 26.
-

“Igihe tuje dusaba imbabazi n’umugisha biva ku Mana tubwirizwa kugira Mpwemu y’urukundo no guharira mu mitima yacu. Nigute dusenga ngo: ‘Uduharire ibicumuro vyacu nkuko natwe duharira abaducumuyeko, ariko ntitugire icyo Mpemu yo guharira? Matayo 6:12. Nimba twiteze ko amasengesho yacu yumvirwa dutegerezwa guharira abandi muri ubwo buryo nyene nkuko tuba twizeye guharirwa.’”—*Ibid.*, p. 97.

- c. Nigiki two kwigira kw’isengesho rya Eliya asaba imvura igwe?
1 Abami 18:41–45.
-

“Umusuku yitegereza, igihe Eliya yariko asenga yahindukiye incuro zitandatu areba, aravuga, ko atakintu nakimwe, igicu, canke ikimenyetso c’imvura. Ariko iyi ntumwa ntiyigeze icika intege ngo ihebe. Yakomeje gusuzuma ubuzima bwayo, ireba nimba haraho itagororokeye Imana, yatuye ivyaha vyawe, nuko akomeza kwegereza ubugingo bwiwe imbere y’Imana, igihe yareba ikimenyetso ko isengesho ryawe ryishurwa. Uko yakomeza kwisuzuma mumutima niko yabonekanako ataco ari, haba muvuyiyumviro vyawe ndetse no mumaso h’Imana. Vyabonekako kuriwe ko ari ubusa kandi ko Imana ariyo vyose, igihe yibona ko ataco ari, akiyunga ku Mana yonyene nkinkomezi ziwe n’ukugororoka, inyishu yaratanzwe.”—*Ubusobanuro bwa Bibiliya bw’abadventiste b’umusi w’indwi*, vol. 2, p. 1035.

- a. Ni iyahe mpanuro ihambaye intumwa zitanga kubijanye no gusenga? 1 Petero 4:7; Abifiripi 4:6.

“Harakenewe umwete mu gusenga; ntihagire ikibasamaza. Kora ibishoboka ugumizeho ubucuti hagati y’ubugingo bwawe na Kristo. Rondera amahirwe ugende aho hose hadakoregwa amasengesho. Abo bose barondera kugirana ubucuti n’Imana bazobonekera muguteranira mumasengesho, bazoba abizigirwa bagire umwete mubikorwa vyabo vyokwimbura. Bazovugurura buri karyo kose bishire ubwabo aho bashobora kuronka imirasire y’umuco uva mw’ijuru”.—*Gutumbera Yesu*, p. 98.

- b. Nkuko biri k’umuvyeyi wese, niki Imana yiteze ko abana bayo bakora? Luka 11:10, 13; Yohana 14:13, 14.

“Kristo yagumije isengesho ry’abigishwa biwe mw’izina ryiwe. Abakurikira Kristo bahagarara imbere y’Imana binyuze mw’izina ryiwe; bahinduka abigicro mumaso y’Imana binyuze mugaciro k’igitambo catanzwe kubwabo. Kubwo kugororoka kwa Kristo baharugwa ko ari abigicro. Kubwa Kristo, Uhoraho aharira abo bose bamwubaha, ntaba akibona ububi bw’ivyaha, abamenya binyuze mw’ishusho y’umwana wayo, uwo bizera.”—*Uwipfuzwa ibihe vyose*, p. 667.

“Ntagihe nakimwe canke ikibanza kitabereye gutakambiramwo Imana. Ntakintu nakimwe gishobora kutubuza kwegurira Mpwemu imitima yacu mw’isengesho. Hagati mubantu benshi mw’ibarabara, haba mubuzi bwa minsi yose, dushobora gutakambira Imana tuyisaba uburinzi, nk’uko Nehemiya yabigenje igihe yaja imbere y’umwami Aritazerus. Ubucuti bwa hafi bushobora kubonekana ahariho hose.”—*Gutumbera Yesu*, p. 99.

IBIBAZO VYO KWISUZUMA KURI BURI WESE

1. Ni akahe karorero k’isengesho ryibihe vyose katanzwe kubizera bose?
2. Ni ubwahe buhanuzi bwerekana akamaro ko gusenga mugitondo?
3. Niki gisabwa imbere ya vyose kw’isengesho ryiza?
4. Kuberiki bisabwa kubandanya gusenga mugihe tukirindiriyeye inyishu?
5. Erekanwa icyo gusenga mw’izina rya Yesu bisobanura.

ICO GUKORA MUGIHE CO GUKEKERANYA

Umurongo wogufata k’umutwe: “Arikw’asabe yizeye, ataco akekeranya, kuk’ukekeranya ameze nk’umupfunda wo mukiyaga, utwagwa n’umuyaga, usimbaguritswa.” (Yakobo 1:6).

Ibitabo vyifashishijwe: *Gutumbera Yesu*, Igice 12, pp. 105–113.

“Imana ntidusaba kwizera, itabanje gutanga ibishingantahe bikwiye ivyo ukwizera kwacu gushimikirako.”—*Gutumbera Yesu*, p. 105.

1. GUKEKERANYA NIKI?

Kuwa 13nyakang

- a. Niki dusabwa kwibuka igihe tugeragezwa hagati y’ukwizera no gukekeranya ? Yakobo 1:5–7.

‘Isezerano ry’Uhoraho riri gusa kubipfuza kumukurikira batiziganya. Imana ntihatira umuntu numwe; ntishobora kuyobora abo bose batanezewa no kwigishwa, abaguma munzira zabo, umuntu akekeranya akishakira gukurikira ubwenge bwiwe, mugihe avugako akora ivyo Imana ishaka, haranditswe ngo: Uyo muntu yoye kwiyumvira kwari n’ic’azohabwa n’Umwami Imana.’ Yakobo 1:7.”—*Abakurambere n’Abahanuzi*, p. 384.

- b. Niki Uhoraho yatanze kugira dutsinde ugukekeranya? Zaburi 119:105; Abaheburayo 11:1, 3, 6.

“Ukwizera kwacu gutegerezwa gushimikira kubishingantahe, Atari amayerekwa. Abo bipfuza gukekeranya bazoronka akaryo; mu gihe abandi bipfuza kumenya ukuri neza bazobona ibimenyetso bihagije ivyo ukwizera kwabo gushimikirako. *Gutumbera Yesu*, p. 105.

Imana yatanze ibishingantahe bihagije vy’imico y’ijuru binyuze mwijambo ryayo. Ukuri guhambaye kujanye no gucungurwa kwarasobanuwe neza. Binyuze mubufasha bwa Mpwemu Yera uwasezeranywe kubamuronderana umutima wose, buri muntu wese azotahura uku kuri ubwiwe. Imana yahaye abantu umushinge uwo bagomba gushimikirako ukwizera kwabo.”—*Intambara ihambaye*, pp. 526, 527.

- a. Nigute twiyumvira ku mabanga ayo Imana itigeze isobanura? Gusubira muvuyagezwe 29:29; Yobu 38:4-11.
-

“Ijambo ry’Imana, nk’uko kamere y’Umwanditsi wayo w’Imana iri, ririmwo amabanga atashobora gusobanurwa neza n’ibiremwa bifise igihe gito. Ukwinjira kw’icaha mwisi, ukwigira umuntu kwa Kristo, ukuvuka bushasha, kuzuka, hamwe n’ibindi vyinshi vyerekanwa muri Bibiliya, ni amabanga akomeye cane ku buryo ubwenge bw’abantu butoshobora kubisigura canke kubitegera neza. Ariko nta mpamvu dufise yo gukekeranya ijambo ry’Imana kuko tudashobora gutegera amabanga y’ubutware bwiwe.”—*Gutumbera Yesu*, p. 106.

“Imana ntihatira abantu guheba ivyizerwa vyabo. Imbere yabo hari umuco n’umwiza, ukuri hamwe nikinyoma. Ni akaryo kuri bo ko kwihitiramwo ivyo bemera. Ubwenge bw’umuntu bwahawe ububasha bwogutandukanya iciza n’ikibi. Imana yipfuzako abantu batohitamwo kubwo guhatirwa, ahubwo bakurikize neza ibishingantahe, bagereranya ivyanditswe hamwe n’ibindi. Iyo Abayuda bareka ukwikunda kwabo bakagereranya ubuhanuzi bwanditswe n’ibikorwa vyerekana ubuzima bwa Yesu, bari kubona ubumwe bwiza hagati y’ubuhanuzi n’isohozwa ryabwo mubuzima no mugikorwa c’umunyagariraya yicisha bugufi.

“Abenshi barahendwa uyu muni nkuko abayuda bari bameze. Abigisha ubutumwa basoma Bibiliya bagakurikiza ugutahura kwabo hamwe n’imigenzo; kandi abantu ntibasesangura bo ubwabo mu vyanditswe ,kugira bibonere ubwabo ibiri ukuri ivyarivyo.; ariko begurira imitima kubarongozi babo. Ukwigisha n’inyigisho vyawe nikimwe gisobanura ko Imana yagenye ko hakwiragizwa umuco, ariko tubwirizwa gusuzuma neza inyigisho za buri muntu hakurikijwe ivyanditswe. *Uwipfuzwa ibihe vyose*, pp. 458, 459.

- b. Nigute bimenyekana ko muri Bibiliya hari ibintu bigoye gutahura? 2 Petero 3:16.
-

“Ibigoye muvyanditswe vyakoreshejwe n’abahakanyi nk’icemezo co kwiyamiriza Bibiliya; ariko aho kuba ikibazo, ni ikimenyetso gikomeye c’uko vyahumetswe n’Imana . iyo Bibiliya itaba irimwo inkuru z’Imana zitoroshe gutegera canke ubukuru bwayo n’icubahiro bishobora gutahurwa n’ubwenge bwabantu bufise aho bugarukira, Bibiliya ntiyoba ifise ibimenyetso vy’ukuri vy’ububasha bw’Imana. Ubwiza n’ububasha buri muriyo bikwiye gutera ukwizera ko ari ijambo ry’Imana.”—*Gutumbera Yesu*, p. 107.

- a. Ni iyaha ngorane yihariye kubizera muri iyi minsi yanyuma?
Abaheburayo 3:12; 2 Timoteyo 4:3, 4.
-
-

“Igihe Imana itanze imburi ihambaye kubantu, igatangwa nkuko vyatangajwe n’Abamarayika baguruka mukirere, isaba buri muntu wese yahawe ubushobozi, kwumva ubutumwa. Urubanza ruteye ubwoba rwatangajwe kubijanye no gusenga igikoko n’igishushanyo caco (Ivyahishuwe 14:9-11), abwirizwa kuyoborera bose kwigana ubwitonzi ubuhanuzi, bakiga ikimenyetso c’igikoko nukuntu bokwirinda kucakira. Ariko abantu benshi bazibiye amatwi yabo ntibagomba kwumva ukuri babihinduye imikino. Intumwa Pawulo iravuga kubijanye n’iminsi yanyuma: ‘Kukw’igihe kizozza batazokwemera kwumva ukwigisha kuzima’. 2 Timoteyo 4:3. Ico gihe caramaze gushika, abantu ntibagishaka ukuri kwa Bibiliya, kuko gukora kuvyifuzo vy’icaha, umutima wogukunda ivyisi; kandi bagakunda ibihendo vya satani. ,”—*Intambara ihambaye*, pp. 594, 595.

- b. Ni myifato iyaha yahanuwe y’imigwi ibiri yo muminsi yanyuma?
Daniyeli 12:10; Ivyahishuwe 22:11.
-
-

“Imana izogira abantu hano kw’isi bashingira intahe Bibiliya, yonyene nk’urugero rwohejuru rw’ivyizerwa vyose kandi nk’umushinge w’ivugurura. Ivyiyumviro vyabantu bize, ivyavuye mubushakashatsi, amadini canke ingingo z’inama za ekeleziya uko ari kwinshi kandi atandukanye nk’amadini bahagarariye, ijwi rya benshi, ntanakimwe muri ivyo co kwitwararika nk’icemezo cemeza canke gihakana ikintu ico arico cose kijanye n’ukwemera kw’ivyiyobokamana. Imbere yokwemera inyigisho zimwe canke ivyanditswe, tubwirizwa gusaba umuco ‘uku niko uhoraho agize —Ibid., p. 595.

“Umuco musha uzohishurirwa mw’ijambo ry’Imana kuri uwo wese afitaniye ubumwe n’izuba ry’ubugororotsi. Ntihagire numwe avugako atakuri kugihari kwoguhishurwa. Abakomeza gusenga barondera ukuri bazomurikirwa n’imirasire y’umuco ivuye mw’ijambo ry’Imana. Hari amabuye menshi yagaciro atarakwiragizwa agomba kwegeranywa kugira abe umutungo wamasigarira y’Imana, Umuco ntuzotangwa gusa kugira ngo ukomeze ishengeru, ariko uzosukwa kuri abo bose bari mu mwiza.”—*Counsels on Sabbath School Work*, p. 34.

4. INTANDARO NYAKURI YO GUKEKERANYA Kuwa 16nyakang

- a. Ni gute dushobora gutandukanya ivyiringakamaro n'ibitagira akamaro? 2 Abikorinto 13:5; Tito 3:9-11.

“Naho Imana yatanze ibimenyetso bihagije vy'ukwizera, ntizokwigera ikuraho impamvu zo kutizera. Abashaka aho bagirira amakenga yabo bazohabona. kandi abanka ntibubahe ijambo ry'Imana kugeza igihe impamvu zose zivanyweho, ntihazoba hakiboneka akaryo ko gukekeranya, abo ntibazokwigera bashika k'umuco.” —*Intambara ihambaye*, p. 527.

- b. Ni iyahe migisha izoza kubicisha bugufi? Yakobo 4:6, 10; 1 Petero 5:6, 7.

“Ivyo nifuje vyose narabironkejwe, ubugingo bwanje burahazwa; ubu Bibiliya yampishuriye Yesu Kristo. Urubaza impamvu nizera Yesu? Ni kubera ko ari umukiza wanje. Kuberiki nizera Bibiliya? ni kubera ko muri yo numvise ijwi ry'Imana rivugana n'umutima wanje. Dushobora kugira ivyabona muri twe ko Bibiliya ari ukuri, kandi ko Kristo ari umwana w'Imana. Turazi yuko tudakurikira imigani y'icese” — *Gutumbera Yesu*, p. 112.

- c. Nigute intumwa Pawulo yasobanuye ubunararibonye bw'umwizera w'iki gihe nuwo mugihe kizozwa? 1 Abikorinto 13:12.

“Muri ubu buzima dushobora gusa gutangira gutahura ingingo itangaje yo gucungurwa. Ubwenge bwacu bufise iherezo bushobora kwiyumvira kugukozwa isoni, icubahiro, ubuzima n'urupfu, ubutungane n'imbabazi, vyahurira k'umusaraba ; yamara nubwo dukoresha ubushobozi bw'ubwenge bwacu tunanirwa gutahura insobanuro y'ukuri. Uburebure, ubwaguke, hasi vyimbitse, uburebure bw'urukundo rucungura ntibitahurwa neza. Ariko umugambi w'agakiza ntuzotahurwa neza naho abacunguwe babona nkuko babonwa, bakamenya nkuko bamenywa, ariko mubihe vy'iteka ryose ukuri gusha kuzobandanya guhishurwa ubwenge butangare kandi buyishimire” — *Intambara ihambaye*, p. 651.

“Binyuze mukwizera dushobora kuraba ibizoba hanyuma tukifatanya n'isezerano ry'Imana tugakura m'ubwenge, ubushobozi bw'umuntu bukiyunga n'ubw'Imana, inkomezi z'umutima zikegerezwa hagufi n'isoko y'umuco. Dushobora kwishimira ko ivyatubera urujijo mu migambi y'Imana bizosobanugwa neza, kandi aho ubwenge bwacu bufise iherezo bwabona urujijo n'akajagari n'imigambi itarashe, tuzobona ubumwe bwiza kandi bwuzuye... [1 Abikorinto 13:12]” — *Gutumbera Yesu*, pp. 112, 113.

- a. Ni iyaha nzira idasanzwe, Umwami yahishuye ijambo ryiwe muri iki gihe co kimwe nikizozza? Ivyahishuwe 10:2, 6, 7.

“Igitabu cari kimatanije nticari ivyahishuwe, ariko cari igice c’ubuhanuzi bwa Daniyeli bwerekeza mumisi yanyuma (Daniyeli 12:4). Igihe icogitabu cabumburwa, habayeho itangazwa ry’ubutumwa, ‘ntibigitevye’(Ivyahishuwe 10:6.)Ubu igitabu ca Daniyeli caramatanuwe, kandi ivyo Kristo yahishuriye Yohana biri hafi kuza kubabaye mw’isi. ‘Kuko ubwenge buzogwira’, umuntu akwiye kwitegura agashikama muminsi yanyuma.”—*Ubutumwa bwatoranijwe*, bk. 2, p. 105.

“Abenshi bashize muvyiyumviro ko igitabu c’ivyahishuwe ar’igitabo kimatanijwe, kandi ko batazitanga ngo bige ivyamabanga yaco. Bavugako bagomba gukurikira bareba icubahiro c’agakiza, kandi ko amabanga yahishuriwe yohana ari mw’izinga ry’I patimo atabereye kwiyumvirwako cane gusumba ibi. Ariko Imana siko ifata iki gitabo.....

“Igitabo c’ivyahishuwe gihishurira isi ivyabaye, ibiriho ubu, hamwe n’ibizozza; ni inyigisho kuri twe, abo mugihe c’iherezo ry’isi rigiye kuza. Bisabwa kwiganwa ubwitonzi cane.

Uhoraho ubwiye yahishuriye umusuku wiwe Yohana amabanga y’igitabo c’ivyahishuwe, kandi agena ko kibumburwa cigwe na bose. Muri iki gitabo herekanwa ibiri ubu vyo muri kahise, hamwe n’ibindi vy’ibihevyose biriko biraba aho tubonesha amaso; ibindi vy’ubuhanuzi bwaco ntibizojya mungiro kugeza kw’iherezo ry’igihe, hazoba intambara ihambaye yanyuma hagati y’ububasha bw’umwiza hamwe n’Umwami w’Ijuru.”—*Ubusobanuro bwa Bibiliya bw’abadventiste b’umusi w’indwi* [E. G. White Comments], vol. 7, p. 954.

- b. Niki abizera bagomba gukora igihe biga ivyanditswe.? 2 Timoteyo 2:15; Yohana 7:17.

IBIBAZO VYO KWISUZUMA KURI BURI WESE

Kuwa 18 nyakang

1. Nigute twokwifata kugira dutahure ukuri ico arico?
2. Sobanura impamvu Atari ibice vyose vy’ivyanditswe bidashobora gutahurwa neza.
3. Nikuberiki abenshi badashaka kwemera ukuri kwa Bibiliya?
4. Nigiki babona abo bose bipfuzaga gukekeranya iminsi yose?
5. Nikuberiki bikenewe kubaha mugutahura ukuri?

MUNEZERERWE MU MWAMI

Umurongo wo gufata k’umutwe: “Ariko munezerezwe n’uko mufatanije imibabaro ya Kristo, kugirangono mugihe co guhishurwa kw’ubwiza bwiwe muze munezerwe muhimbarwe” (1 Petero 4:13).

Igitabu cifashishijwe: *Gutumbera Yesu*, igice 13, pp. 115–126.

“Uhoraho yipfuzako abahungu nabakobwa biwe ko banezerwa, babe amahoro, kandi bubaha.”—*Gutumbera Yesu*, p. 124.

1. ABATWARA MUCO

Kuwa20nyakang

- a. Nigiki gisabwa Yesu yavuze ko abigishwa biwe babwirizwa kugira muri iy’isi? Matayo 5:13–16.

“Abakristo barungitswe nk’abatwara mucu munzira ija mw’ijuru. Bagomba gukwiragiza kw’isi umuco ukayangana uvuye kuri Kristo. Ubuzima n’imico vyabo bigomba kuba inzira iyo abandi baronkeramwo ukuvuka kwa Kristo n’igikorwa ciwe.”—*Gutumbera Yesu*, p. 115.

- b. Niki abizera bagomba kuba kubantu bose? Yohana 17:18, 23; 2 Abikorinto 5:20.

“Mur’umwe wese mu bana biwe, Yesu arungika ubutumwa. Nimba ukurikira Kristo, binyuze muri wewe arungika ubutumwa ku miryango, mubisagara, mu mabarabara, aho hose ubaye. Yesu aba muri wewe, yipfuzaga kuvugana n’imitima itaramumenyeshwa. Birashobokako badasoma Bibiliya canke bumve ijwi rivugana nabo muri buri rupapuro; ntibabone urukundo rw’Imana mubikorwa vyayo. Ariko nimba koko uri uwuserukira Yesu, birashobokako muri wewe bayoborerwa gutahura ibintu vyo kugira neza kwiwe kandi bakagira urukundo no kumukorera.”—*Ibid.*, p. 115.

- c. Nigute gusa bishoboka ko iki gikorwa kiranguka? 2 Abikorinto 3:2–5.
-

- a. Ni icawe kintu gihambaye cerekana urukundo rw'Imana kubana bayo? Yohana 3:16; Abaroma 5:6-10.

“Dusuzugura Imana kandi tukababaza Mpwemu yera igihe tubonekana nkabakekeranya urukundo rwayo no kutizera amasezerano yiwe. Nigute umuvyeyi yokwiyumva igihe abana biwe babandanya bamwidogera kandi atakibi yabakoreye, igihe inkomezi z'ubuzima bwiwe bwose yazikoresheje mukubanezereza no kubaba hafi? Reka dufateko bakekeranya k'urukundo rwiwe; ibi bishobora kubabaza umutima wiwe. Nigute umuvyeyi wese yokwiyumva igihe yafashwe nkuko n'abana biwe? Kandi ni gute Data wacu wo mw'ijuru adufata igihe tutizeye urukundo rwiwe, urwatumye atanga umwana wiwe wikinege kugira turonke ubugingo? Intumwa yaranditse, 'Itimanye Umwana wayo, ikamutanga kubwacu twese, izobura ite kutugabirira vyose kuri we' Abaroma 8:32. Ariko ni bangahe, mubikorwa vyabo, naho Atari mu majambo, bavuga ati, Umukama ntabimbereye, bishoboka ko akunda abandi, ariko ntankunda?.”—*Gutumbera Yesu*, pp. 118, 119.

- b. Nigiki cemeza ko Imana ishaka guha abana bayo ibintu vyose? Abaroma 8:32.

“Wiyumva nkaho utabereye, ugatinya kwegurira vyose Imana, mugihe Kristo yitanze we ubwiwe kubw'ivyaha vyomw'isi, yiyemeje imitwaro yaburi mutima wose. Itimanye Umwana wayo, ikamutanga kubwacu twese, izobura ite kutugabirira vyose kuri we' Abaroma 8:32. Mbega ntizoshira mungiro ijambo ry'ubuntu ryatanzwe kudutera intege n'inkomezi?

Ntakintu kristo yipfuzza cane nko kurokora abantu biwe abakure mu bwami bwa satani.”—*Imigani ya Kristo*, p. 174.

- c. Nigute uru rukundo rubonekera muritwe? 1 Yohana 4:9-12.

“Abakozi baba kristo bagomba guterimbere babwirizwa kumenya Kristo.kugirango bamumenye, bategerezwa kumenya urukundo rwiwe. Kugirango bemerwe nkabakozi b'ijuru basuzumwa ubushobozi bwabo bwogukunda nkuko Kristo yakunze kandi bagakora nkuko yakoze.

None reo ntitugakunde mumajambo gusa, intumwa yaranditse: 'Mubikorwa hamwe no mukuri'. Kugira imico yagikristo ibereye ishikirwa igihe hari ishaka no gufasha nokubandanya uhezagira abandi bivuye muri wewe. Ni ikirere c'urukundo gikikije umutima w'unwizera kimuhindura impumuro y'ubuzima bwiza bwo mubuzima, kandi gituma Imana ihezagira igikorwa ciwe—*Ivyakozwe n'Intumwa*, p. 551.

- a. Nibiki vyerekana ubuzima bwa Kristo mugikorwa ciwe co gucungura umuntu? Yesaya 53:10, 7.
-

Kristo yabayeho ubuzima bwo kwitanga. Ntiyagira aho akika umusaya muri iy'isi, kiretse incuti zigira neza zamuha indaro nk'ingenzi. Yabayeho ubuzima buciriritse kubwacu, yagendagenda akongera agakorera mubantu babayeho ubuzima bugoye kandi babanyamibabaro. Ntiyigeze amenywa canke ngo yubahwe igihe yagendera mubantu yafashije cane..”—*Gospel Workers*, pp. 42, 43.

‘Umwana w’Imana ntiyiririyeye gusa ubwiwe, nubwo yarazi aho ibirenge vyawe bimwerekeza. Imbere zawe hari getsemani, aho yari agiye kubabazwa cane. Hari kandi irembo ry’intama, aho ibihe nibihe ibimazi vyacishwa, nawe ryari ryuguruwe kubwiwe igihe bimeze: ‘Nkumwagazi w’intama ujanwa mw’ibagiye’. Yesaya 53:7. Ikaruvari ntihari kure ahabera igikorwa co kubambwa. Munzira iyo Kristo yacamwo hategerezwa kuba umwiza uteye ubwoba igihe yatanga ubugingo bwiwe nk’igitambo. Ariko ntikwari kwiyumvira kuri iyo shusho yivyari bigiye kuba vyamuteye umubabaro muri iyosaha y’umunezero. Ntakwibaza kumubabaro wiwe udasanzwe kwari kumutera amarushwa. Yarize kubwa bantu ibihumbi vy’I yeruzalemu bari bagiye kurandurwa kubera ubutamenya bwabo no kwihagararako kuri abo yari yaje gukiza no guhezagira. *Intabara ihambaye*, p. 18.

- b. Mu mibabaro yiwe no mu bigeragezo, niki cateye intege Yesu guheraheza igikorwa? Yesaya 53:11; Abaheburayo 12:2.
-

“Inyishu kuntabara y’Umukiza n’ububasha bw’umwiza ni umunezero kubacunguwe, itanga icubahiro c’Imana ibihe vyose, kandi Data ashimishwa n’agaciro k’umutima kugitambo catanzwe; na Kristo ubwiwe yihweza ivyamwa bivuye mugitambo ciwe gihambaye kandi kinejereje.”—*Ibid.*, p. 652.

“Nikenshi bivugwako Yesu yarize, kandi ko atigeze amwenyura. Umukiza wacu yari umunyamibabaro, yamenyekanye nkuwamana agahinda, yugururiye umutima wiwe imibabaro y’abantu. Nubwo ubuzima bwaranzwe no kwiyanka kandi akabundikirwa n’umwiza w’imibabaro, Mpwemu yiwe ntiyigeze icika intege. Ntiyigeze agaragaza agahinda mumaso hiwe canke ngo ahinde agashitsi, ariko yagumanye amahoro n’ituze. Umutima wiwe wari isoko y’ubuzima kandi aho yaja hose yamana uburuhukiro n’amahoro, umunezero n’akanyamuneza.”—*Gutumbera Yesu*, p. 120.

- a. Igihe umwizera ahanganye n'ikigeragezo, niki gitangwa kugira ashobore gutsinda intambara yo muvyampwemu? Efeso 6:11-18.

“Bose bafise ibigeragezo, umubabaro ugoye kwihanganira, ibibazo bigoye kwihanganira. Ntukagire ico ubwira incuti yawe ipfa kubijanye n'ibibazo vyawe, ahubwo bibwire Imana vyose binyuze mumasengesho. Ubigire itegeko ko utazigera uvuga ijambo narimwe ryo gukekeranya canke ricana integer, ushobora gukora vyinshi mukumurikira ubuzima bwabandi no kubakomeza, binyuze mw'ijambo ry'umwizero n'umunezero.”—*Gutumbera Yesu*, pp. 119, 120.

- b. Kuberiki benshi bakekeranya hagati yu kwizera n'amakenga igihe bageragezwa? nigiki bokora? Matayo 14:28-31; Yakobo 1:2.

“Hari imitima myishi ishikamye yakandamijwe n'ibigeragezo, ihakwa gucika intege murugamba rwo kwigwanya ubwayo hamw no kugwanya ikibi. Ntugace intege iyi mitima, ahubwo uyihumurize n'amajambo y'ukwihangana n'ivyizigiro bizoyisunika imbere munzira yayo. Uko niko umuco wa Kristo uzomurika unyuze muri mwebwe. ‘kuko atamuntu muri twebwe ariho kubwiwe’. Abaroma 14:7. Binyuze munguvu zacu zitaboneka abandi bashobora gutegwa intege bagakomezwa, canke bagacika intege bakaja kure ya Kristo n'ukuri.

‘Hari benshi bafise ivyiyumviro vyo kwihenda mubuzima no kubaho kwa Kristo biyumvirako atigeze agira umutima mwiza n'umunezero, ko yari umuntu wo kugororoka gusa, akomeye atagira akanyamuneza. Mubihe vyinshi ubuzima muvyukwizera burahindurwa nivyoyumviro bibi.’—*Ibid.*, p. 120.

- c. Nigute inzira y'umugororotsi ikayangana nubwo haba hagati mubigeragezo? Imigani 4:18; Abifiripi 4:4.

“Inzira ishobora kuba nabi, iduga canke imanuka; hashobora kuba ibimanga iburyo canke ibumoso; dusabwa kwihanganira ibirusha m'urugendo rwacu; igihe ducitse intege, igihe dukeneye akaruhuko, tugomba kwihangana; igihe ducitse intege dushobora kubandanya tugwana, kandi tukagumana icizere; kuko turikumwe na Kristo nk'umuyobozi wacu ntizozanirwa gushikira ijuru twipfuzwa kukanyuma. Kristo ubwiwe yatwitangiye kunyura munzira igoye, kandi yonzira yarayoroheje kugira tuyicemwo. Inzira yose iduga ikamanuka iyoborera ubuzima bw'ibihe vyose n'isoko yumunezero isubiza intege abarushe. .”—*Ivyiyumviro biva k'umusozi w'umugisha*, p. 140.

5. IMPERA YACU HAMWE N'UMUNEZERO

Kuwa24nyakang

- a. N'irihe sezerano rya Yesu riduha impamvu yo kunezerwa no guhimbaza Data wacu wo mw'ijuru? Yesaya 41:10; Luka 12:32; I Petero 4:13.

“Ntabwo ari ubugombe bw’Imana butuma abantu bayo batitabwaho. Kuko Uhoraho ntiyigera aduhemukira. Ntiyigera atubwira, ‘ntutinye; ntabibi biri munzira yawe.’ Arazi ko hari ibitsitaza n’ingorane, kandi atwitaho muburyo buboneka. Ntiyigera yiyumvira gukura abantu mw’isi y’icaha n’ibibi, ariko abashira mubuhungiro bukomeye.”—*Gutumbera Yesu*, pp. 122, 123.

- b. Vuga ayandi masezerano meza y’amahoro n’umunezero Yesu yatanze. Yohana 14:1–3, 27; 15:11; 16:20.

“Ntidushobora kwirinda ko hari ibindi bibazo bishasha bizovuka mu ntambara iri imbere ariko dushobora kureba kuri kahise ndetse no kuvyakazozza, tukavuga duti: Hari aho Umwami yadufashije. ‘Kand’ukwiminsi yawe ingana nik’inkomezi zawe zingana ‘Gusubira muvyagezwe 33:25. Ikigeragezo ntikizogira imbaraga zisumba izo tuzoronka zo kucihanganira. Nimureke dukore igikorwa aho hose tukibona, twizere ko uko vyomera kwose, inkomezi zasezeranywe mubigeragezo tuzozihabwa.

“Vuba cane amarembo y’ijuru agiye kwugururwa kubana b’Imana, kandi kuminwa y’Umwami w’icubahiro hazova umugisha wumvikane kuribo nk’amajwi meza., ‘ Nimuze abo Data yahezagiye ,muragwe ubwami mwateguriwe,uhereye ku kuremwa kw’isi.’ Matayo 25:34. . . .

“Mukwibuka iragi ry’iteka, rishobora kuba iryiwe, ‘Cank’umuntu yotanga iki ngwacungure ubugingo bwiwe? Matayo 16:26. Umutima wacunguwe ugahanagurwa icaha, ugakoresha inkomeza zawo zose mugikorwa c’Imana, n’uwagaciro karengeje; haba umunezero mw’ijuru munyonga z’Imana hamwe no kubamarayika bera kubwuwu mutima wacunguwe, umunezero ugaragarizwa mundirimbo zabera batsinze.’”—*Ibid.*, pp. 125, 126.

IBIBAZO VYO KWISUZUMA KURI BURI WESE

Kuwa25nyakang

1. Nigute abo bose birengagiza Bibiliya bazoshikirwa n’ukuri?
2. Nigute Uhoraho yerekana urukundo rwiwe rutagira urubibe ku bantu?
3. Ni iyahe soko y’ubwirinzi bwa Yesu igihe yahura n’imibabaro n’urupfu?
4. Niki tugomba kwibuka igihe duhura n’ibigeragezo?
5. Mubuzima bwa minsi yose, nigiki gishobora kwamizwa mubwenge bw’umwizera?

amashikan wa y'isabato ya mbere



Kw'isabato, 5 Mukakaro, 2026

Kwagura ishengeru muri Chennai, mu buhinde

Dushire hamwe dufashanye mu kuzura urusengeru mu gisagara gifise imitima y'imiryoni (raba page 4).



Kw'isabato, 1 Myanda, 2026

Igisata c'uburezi muri GC

Duhamagarirwa kurera, turere, turere, hakenewe uburyo kugira bikoreke neza. (raba page 25.)



Kw'isabato, 5 Nyakang, 2026

Ishure ritoza abavugabutumwa muri Philippine

Dukomeze iri shure kugira ngo ribe ico Imana ishaka ko rishikako. (Raba page 51).